**Shuhrat Ergashev, Begzod Xodjaev,**
**Jamshid Abdullaev**

# JÁHÁN TARIYXÍ

**(1991-2017-jıllar)**

***Ulıwma orta bilim beriw mákemeleriniń 11-klası háм orta arnawlı, kásip-óner bilim beriw mákemeleriniń oqıwshıları ushın sabaqlıq***

Birinshi basılıwı

Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi tastıyıqlaǵan

Tashkent
«TURON-IQBOL»
2018

UOʻK 94(100)(075.3)=513.121
KBK 63.3(0)

**Ergashev, Shuhrat**
**J 17** Jáhán tariyxı [Tekst]: Ulıwma orta bilim beriw mákemeleriniń 11-klası hám orta arnawlı, kásip-óner bilim beriw mákemeleriniń oqıwshıları ushın sabaqlıq / Sh. Ergashev, B. Xodjaev, J. Abdullaev. –Tashkent: «Turon-Iqbol», 2018. – 144 b.

**KBK 63.3(0)**

**Juwapker redaktor:**
**M. Rahimov** – tariyx ilimleriniń doktorı, professor
**T. Bobomatov** - tariyx ilimleriniń kandidatı

**Pikir bildiriwshiler:**
**Q. Rajapov** – tariyx ilimleriniń doktorı, professor;
**G. Pasilova** – Tashkent qalası Yunusobod rayonındaǵı 257- mekteptiń tariyx páni oqıtıwshısı;
**F. Amanova** – Tashkent qalası Mırza Uluǵbek rayonındaǵı 248- mekteptiń tariyx páni oqıtıwshısı;
**O. Ergashev** – Tashkent wálayatı Ohangaron rayonındaǵı 22- mekteptiń tariyx páni oqıtıwshısı

**Shártli belgiler**


Internet penen islewge baylanıslı tapsırma


Atamalar túsinigi


Esleń



Yadta saqlań


Karta menen islewge baylanıslı tapsırma


Ózińizdi sınań


Dóretiwshilik jumıs tapsırması

**Respublikalıq maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı**

ISBN 978-9943-14-536-8

© Sh. Ergashev hám basqalar, 2018.
© «TURON-IQBOL», 2018.

## KIRISIW

Jáhán tariyxınıń 1991-jıldan baslanǵan dáwirde dúnyanıń sociallıq-siyasiy hám ekonomikalıq sistemasında úlken ózgerisler júz berdi. Bul dáwirde jámiyet turmısınıń barlıq tarawlarına kúshli tásir kórsetip atırǵan faktor ilimiy-texnikalıq revolyuciyanıń jańa bashqıshı-kompyuter-xabar revolyuciyası boldı. Bul revolyuciyanıń tásiri astında rawajlanǵan mámleketlerde civilizaciyanıń industrial basqıshınan postindustrial, xabar basqıshına ótiw baslandı.

Bul sabaqlıq usı dáwir waqıyaların bayan etiw menen birge, jámiyet rawajlanıwınıń házirgi basqıshın talqılaw hám ǵárezsiz turmısqa qadem qoyıw aldında turǵan siz oqıwshılarǵa óz turmıslıq keleshegińizdi belgilep alıw imkanın beriwshi bilimlerdi qáliplestiredi. Bul bilimler jáhán xalıqları mádeniyatınıń hár biri ózine tán tabılmas ekenligi, gumanizm, watandı súyiwshilik principleri, puqaralıq jámiyeti hám huqıqıy mámleket ideyalarına tiykarlanǵan insaniylıq qádriyatlardı ańlawǵa kómeklesedi. Jámiyet rawajlanıwınıń áhmiyetli nızamlılıqların bilip alıw, rawajlanıwdıń ózine tán jolların túsiniw hám keleshek haqqında túsiniklerge iye bolıw imkanın beredi. Siz alǵan bilimler, sonday-aq, aldıńǵı mámleketlerdiń tariyxıy tájiriybesin Ózbekstanǵa dóretiwshilik penen qollanıwǵa járdem beredi.

## SABAQLÍQTA QOLLANÍLǴAN QÍSQARTÍLǴAN SÓZLER:

BMSH – Birlesken Milletler Shólkemi

NATO – (ing. North Atlantik Treaty Organization) – Arqa Atlantika Áskeriy blogi

EA – Evropa Awqamı

SSSR (rus. Soyuz Sovetskix Socialisticheskix Respublik) – burınǵı Sovet Socialistlik Respublikalar Awqamı

RSFSR – Rossiya Sovet Fedarativ Socialistlik Respublikası

AQSH – Amerika Qurama Shtatları

BRIKS – (ing. BRICS-Brazil, Rossia, India, China, South Afrika) – Braziliya, Rossiya, Hindstan, Qıtay, Qubla Afrika mámleketlerinen ibarat awqam

ITR – ilimiy texnikalıq revolyuciya

JIÓ – jalpı ishki ónim

ASEAN – Qubla-Shıǵıs Aziya mámleketleri associasiyası

# I BAP. XX ÁSIR AQÍRÍ – XXI ÁSIR BASLARÍNDA DÚNYA MÁMLEKETLERI

## 1-TEMA. XX ÁSIR AQÍRÍ – XXI ÁSIR BASLARÍNDA XALÍQARALÍQ QATNASÍQLAR

Jáhán tariyxı eń jańa dáwirdiń úshinshi basqıshı 1991-jıldan baslanıp, házirgi kúnge shekemgi waqıyalardı úyrenedi. Bul dáwirde socialistlik dúzimnniń joq bolıwı, SSSRdıń tarqalıp ketiw procesi jáhán kóleminde kúshler qatnasına, qúdiretli mámleketler ortasında payda bolǵan geosiyasiy teń salmaqlılıqqa úlken tásir etti.



**Birlesken Milletler Shólkemi qashan shólkemlestirilgen edi?**

Bul dáwirde ekonomikalıq hám mádeniy turmıstıń globallasıwı, ekologiya mashqalalarınıń keskinlesiwi, dúnyanıń júdá úlken bóliminde modernizaciya procesiniń tamamlanbaǵanlıǵı menen baylanıslı qarama-qarsılıqlardıń kúsheyiwi xalıqaralıq turaqlılıqqa jeterli qáwip sala basladı, kóplegen mámleketlerdegi quramalı mashqalalardıń deregine aylandı.

**XX ásirdiń 90-jılları aqırındaǵı xalıqaralıq qatnasıqlar.** Ekinshi jáhán urısınan keyin jáhán kóleminde kúshler teńligin belgilep kelgen kapitalistlik hám socialistlik áskeriy-siyasiy bloklar ortasındaǵı qarama-qarsılıq 1990-jıllarda tamamlandı. Biraq, usı paytta aymaqlıq tartıslar hám «kishi urıslar» qáwpi kúsheyip, jeke adam hám de xalıqlardıń huqıq hám qáwipsizligin qorǵaw, gumanitar-huqıqıy, mádeniy baylanıslardı támiyinlew, obyektiv xabar tarqatıw máseleleri jáhán siyasatınıń baslı mashqalalarına aylandı.

90-jıllardıń baslarında xalıqaralıq qatnasıqlar sistemasında túpten burılıs júz berdi. Dáslep Oraylıq hám Shıǵıs Evropa mámleketlerinde socializmniń joq etiliwi, keyin bolsa SSRdıń tarqalıp ketiwi hám «eki polyusli dúnya» modeliniń juwmaqlanıwı nátiyjesinde dúnya mámleketleri bir polyus, yaǵnıy AQSH basshılıǵındaǵı Batıs mámleketleriniń húkimranlıǵı ornatıldı. Burınǵı socialistlik lager mámleketlerindegi qıyınshılıqlar, Germaniyanıń birlesiwi hám Batıs mámleketlerindegi integraciyalasıw procesleri, XX ásir aqırı XXI ásir baslarındaǵı xalıqaralıq qatnasıqlardıń áhmiyetli faktorına aylandı.

Usı waqıtta eki polyuslі dúnya sistemasınıń ózgerisi bir qatar mámleketlerdiń siyasiy rawajlanıwında keskin burılısqa, totalitar ideologiyanıń joq etiliwine alıp keldi. Payda bolǵan ideologiyalıq boslıqqa milletshilik, diniy fanatiklik, jawızlıq ideyaları kirip kele basladı. BMSHniń tınıshlıqtı súyiwshi háreketleri bárqulla nátiyjeli bolmadı. Eki polyuslі dúnya joq bolǵannan keyin global soqlıǵısıw qáwipiniń ornın lokal urıslar qáwipi iyeledi.

Burınǵı SSSR hám Yugoslaviya aymaqlarındaǵı mashqalalardan tısqarı Jaqın Shıǵıstaǵı jaǵday da awırlıǵınsha qaldı. Sonday-aq, Hindstan hám Pakistannıń yadro quralına iye bolıwı ushın umtılıwları usı aymaqtaǵı qarama-qarsılıqlardı kúsheytti.

Dúnyanıń túrli aymaqlarındaǵı siyasiy turaqsızlıq jańadan-jańa tartıslardı keltirip shıǵardı. 1990-jıllar aqırında Tropikalıq hám Qubla Afrikanıń bir qatar mámleketleri qanlı urıslar, mámleketlik awdarıspaqlar, partizanlıq háreketler maydanına aylandı.

**XXI ásirdiń baslarındaǵı xalıqaralıq qatnasıqlar.** XXI ásirdiń baslarına kelip jáhánde jańa qudiretli mámleketlerdiń payda bolıwı hám olardıń qarama-qarsılıq oraylarına aylanıw procesi kózge taslanıp qaldı. Bul mámleketler tásiriniń artıwında olardıń ekonomikalıq imkaniyatlarınıń ósiwi tiykarǵı faktor boldı. Hindstan, Pakistan hám Arqa Koreyanıń yadro quralına iye bolıwı bul mámleketlerdiń xalıqaralıq qatnasıqlarda ǵárezsizligin asırdı. Iran da óz rolin asırıwǵa umtılıp, baslanǵan yadrolıq baǵdarlaması jáhán jámáátshiligin qattı táshwishke saldı.



Reńli dúnya

Qıtay hám Braziliyanıń jedel rawajlanıwı olardı «úshinshi dúnya» mámleketleri qatarınan ekonomikası rawajlanǵan mámleketlerdiń kúshli onlıǵına hám jáhán siyasatınıń jetekshileri qatarına alıp shıqtı. Sonday jedel rawajlanǵan basqa mámleketler-Túrkiya, Saudiya Arabstanı, Meksika, Pars qoltıǵı aymaǵındaǵı arab mámleketleri hám basqa da mámleketler xalıqaralıq hám aymaqlıq qatnasıqlarǵa kúshli tásir kórsete basladı. Usı paytta AQSHtıń xalıqaralıq qatnasıqlarda bul mámleketlerge tásiri kemeyip bardı. Usı tárizde kóp polyusli dúnya modeliniń dúziliw procesi baslandı. Bul proceste hár bir mámleket óz ornına iye bolıwǵa umtılmaqta.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoevtiń 2017-jıl 19-sentyabrde BMSHniń 72-sessiyasında sóylegen bayanatı kóp polyusli dúnya dúziliwi hám globallasıw processinde Ózbekstannıń ornın belgilep beriwge qaratıldı. Onıń Oraylıq Aziyanı tınısh hám gúllep-jasnap atırǵan aymaqqa aylandırıw, Aral mashqalasın sheshiwde pútkil jáhánniń qatnasıwı, Awǵanstanda tınıshlıq ornatıw hám pútkil dúnya jasların terrorshılıq qáwpinen asırap qalıw zárúrligi haqqındaǵı usınısları jáhán jámáátshiligi tárepinen qızıǵıwshılıq penen kútip alındı.

Dúnya kúshli dárejede ózgerip barmaqta. Jáhánde jańa payda bolǵan qúdiretli mámleketler 2008-2009-jıllardaǵı jáhán finanslıq krizisi EA hám AQSHqa áhmiyetli tásir kórsetkenliginen paydalanıp, jáhán ekonomikasında kúshler teńligin ózgertiwge umtılmaqta. Usı paytta jáhán ekonomikasınıń basqarıwshańlıǵın asırıw maqsetinde Batıs mámleketleriniń rawajlanıp atırǵan mámleketler menen jaqınlasıwı júz bermekte. Usı maqsette jáhánniń 20 ekonomikalıq eń iri mámleketleri wákillerin birlestirgen «Úlken jigirmalıq» – G-20 klubı shólkemlestirildi. G-20 mámleketleri jáhán ekonomikasına úlken tásir kórsetiw imkaniyatına iye. Jáhán JIÓiniń 80%ı usı mámleketler úlesine tuwra keledi, Jer júzi xalqınıń 2/3 bólimi usı mámleketlerde jasaydı.



**2008 – 2009-jıllar ...**
**2017-jıl 19-sentyabrde ...**
**Eń jańa dáwirdiń úshinshi basqıshı-bul ...**

Ekonomikalıq birge islesiw hám integraciyanıń kúsheyiwine qaramastan, jáhán birge islesiwi aldında sheshiliwi lazım bolǵan bir qatar mashqalalar turıptı. Olar dáslep, Jaqın Shıǵıs (Irak, Palestina, Siriya), Arqa Koreya, Ukraina hám Afrikadaǵı tartıslar menen baylanıslı. Bul

mashqalalardı sheshiwge Batıs mámleketleri, Rossiya hám Qıtaydıń hár tárepleme jantasıwı olar ortasındaǵı qatnasıqlardı quramalastırmaqta.

Eki jetekshi yadrolıq mámleket-AQSH hám Rossiya ortasındaǵı quramalı qatnasıq jáhán jámáátshiligi aldında turǵan bir qatar áhmiyetli mashqalalardı sheshiwge kesent etpekte. Usınday mashqalalardıń ishindegi eń qáwiplisi xalıqaralıq terrorizm bolıp esaplanadı. Ol házir global jáhán civilizaciyasınıń dúziliw processi óziniń juwmaqlawshı fazasına ótip atırǵan dáwirde jańa sıpat payda etti hám jáhán siyasatında úlken mashqalaǵa aylandı.

Xalıqaralıq qatnasıqlardaǵı ózgerisler XXI ásirde xalıqaralıq qáwipsizlik hám húkimranlıqqa tiykarlanǵan jańa dúnya tártibin ornatıw ideyasın alǵa súriwge alıp keldi. Biraq bul wazıypanı ámelge asırıw jáhán mámleketleri, birinshi orında, jetekshi mámleketler ortasında birge islesiwdi talap etedi.

«Salqın urıs» tamamlanǵannan soń xalıqaralıq qatnasıqlarda, dáslep AQSH hám Rossiya ortasında payda bolǵan birge islesiw jaǵdayı 2014-jılǵa shekem dawam etti. Usı jılı Ukrainada baslanǵan siyasiy krizis Rossiya hám Batıs mámleketleri ortasındaǵı úlken qarama-qarsılıqtıń jańa basqıshına alıp keldi.




**1990-jıllar baslarında xalıqaralıq qatnasıqlar sistemasında túp burılıs júz berdi.**

**AQSH hám Rossiya ortasında payda bolǵan birge islesiw 2014-jılǵa shekem dawam etti.**

XXI ásirge kirip kelgen insaniyat tek ǵana global shaqırıqlarǵa emes, bálkim geosiyasiy jaǵdaylardıń ózgerisi menen baylanıslı mashqalalarǵa da dus kelmekte. Birden-bir ullı mámleket bolıp qalǵan AQSH óziniń jetekshilik rolin jáhán jámiyetshiliginiń qálewshi erki sıpatında usınıs etip keldi. Irak, burınǵı Yugoslaviya, Awǵanstan hám Siriyada áskeriy kúshtiń qollanılıwı, Arqa Atlantika awqamınıń keńeyiwi, planetamızdıń basqa regionlarında da kúshten keń paydalanıw AQSHtıń jáhánde jeke gegemonlıǵın kórsetti. Biraq xalıqaralıq qatnasıqlarda barǵan sayın úlken rol oynap atırǵan Qıtay, Rossiya, Hindstan sıyaqlı mámleketler buǵan razı bolıwı qıyın. Payda bolǵan sharayatta insaniyattıń haqıyqıy qáwipsizligi mámleketler hám xalıqlar ortasındaǵı qarama-qarsılıqtıń tereńlesiwi menen emes, civilizaciyanı saqlap qalıw hám onıń gúllep-jasnawın támiyinley alatuǵın ózara birge islesiw menen baylanıslı bolıp qalmaqta.



**Globallasıw** – bul jáhán mámleketleriniń ekonomikalıq, siyasiy, mádeniy hám diniy tárepten birlesiwi yaki jaqınlasıw processi.

**Modernizaciya** – bul sociallıq sistemanı jedel rawajlandırıw maqsetinde onı tolıq yaki belgili bólegin jańalaw, dástúriy jámiyetten jańalanǵan jámiyetke, agrar civilizaciyadan industrial civilizaciyaǵa ótiw procesi.

**Totalitar ideologiya** – ideologiyalıq rejim forması bolıp, totalitar jámiyette xalıqtı keń kólemde ǵalabalıq túrde ideologiyalıq qayta tarbiyalaw quralı.

**Kóp polyusli dúnya** – jáhánde bir-birinen ústem bolmaǵan bir neshe siyasiy, ekonomikalıq, áskeriy hám mádeniy oraylarınıń (polyusleriniń) bar bolıw jaǵdayı.

**Úshinshi dúnya** – XX ásirdiń ekinshi yarımına tán bolǵan siyasiy atama. Ol «salqın urıs»ta hám onıń menen baylanıslı qurallanıw jarısında tikkeley qatnaspay atırǵan mámleketlerge qarata qollanılǵan. Dáslep AQSH tárepdarları hám socialistlik lagerge kirmegen barlıq mámleketler «úshinshi dúnya» dep atalǵan.

**ITR (ilimiy texnikalıq revolyuciya)** – ilim hám texnika rawajlanıwında jańa sıpat basqıshına ótiw, úlken sekiriw hám onıń tiykarında islep shıǵarıwshı kúshlerdi túpten qayta qurıw.

**Integraciya** – bul suveren mámleketler ortasında tovarlar, xızmetler, finans, investiciya, jumısshı kúshi erkin háreketlenetuǵın ekonomikalıq keńlikti shólkemlestiriw maqsetinde birlesiw procesi.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Eki qarama-qarsı áskeriy-siyasiy bloklar joq bolǵannan keyin xalıqaralıq qatnasıqlardıń áhmiyetli mashqalaları nelerden ibarat bolıp qaldı?
2. 1990-jıllar baslarında xalıqaralıq qatnasıqlarda júz bergen túp burılıs nelerde óz kórinisin berdi?
3. XXI ásirde kóp polyusli dúnya modeli qatnasıqlarınıń dúziliwi xalıqaralıq qatnasıqlarda qanday proceslerde kózge taslanbaqta?
4. Sabaqlıqtaǵı materiallardan paydalanıp XX ásirdiń aqırı XXI ásirdiń baslarındaǵı xalıqaralıq qatnasıqlarǵa tásir kórsetip atırǵan áhmiyetli faktorlardıń dizmin dúziń.

## Óz betinshe jumıs

Tekstte keltigen karta menen tanısıń hám «Reńli dúnya» temasında esse jazıń.

# 2-TEMA. SHÍǴÍS EVROPA MÁMLEKETLERINDE DEMOKRATIYALÍQ REVOLYUCIYALAR HÁM SOCIALISTLIK LAGERDIŃ BÓLSHEKLENIWI

**Socialistlik dúzimniń bólshekleniwi.** Shıǵıs Evropa mámleketlerinde socialistik dúzimniń awdarılıwı túrli kóriniste ámelge asırıldı. Qayta qurıw dáwirinde jedel reformalar alıp barǵan, ideologiyalıq plyuralizmdi ornata alǵan hám basshıları ózgerislerdiń sózsiz bolatuǵınlıǵın sezgen mámleketlerde socializmniń qulawı tegis ótti.

**Ekinshi jáhán urısı Shıǵıs Evropa mámleketleri ushın qanday nátiyjeler menen juwmaqlandı?**

Polshada xalıqtıń mámlekettegi socialistik dúzimnen narazılıq kóterilisleri 1988-jıldan baslap kúsheyip bardı hám olar siyasiy reformalardı, Lex Valensa basshılıǵındaǵı «Birdemlik» kásiplik awqamınıń erkin jumıs alıp barıw huqıqın talap qıldı.

1989-jılı bolıp ótken saylawlar húkimran Polsha birlesken jumısshı partiyasınıń (PBJP) abıroyı túsip ketkenligi, usı waqıtta, oppoziciya «Birdemlik» kásiplik awqamınıń en jayıp baratılǵanlıǵın kórsetti. Jańa quramdaǵı parlament konstituciyaǵa ózgeris kiritip, Polshanı demokratiyalıq huqıqıy mámleket dep járiyaladı. PBJP óz jumısın toqtattı. 1990-jılı náwbetten tısqarı prezidentlik saylawlarda Lex Valensa jeńiske eristi.



Lex Valensa



Ion Iliyesku

Ruminiyada kommunistlik rejimniń qulawı ayrıqsha áskeriy soqlığısıw aqıbetinde júz berdi. 1989-jıl dekabrde Timishoara qalasında xalıqtıń N. Chaushesku rejimine qarsı tınısh demonstraciyasınıń Ruminiya jasırın xızmet wákilleri tárepinen oqqa tutılıwı mámleket boylap kóterilislerdiń baslanıwına alıp keldi. Armiya kóterilisshiler tárepine ótti. Bir neshe mıń adam alaman tank bólimleri járdeminde Mámleket keńesin qorshap aldı. Kóterilis N. Chaushesku hám onıń hayalın sud etiw, sud húkimine kóre atıp taslaw processi menen tamamlandı. Kóteriliste mıńnan artıq adam qurban boldı. Hákimiyat kóterilis kúnleri shólkemlestirilgen Milliy qutqarıw frontınıń qolına ótti. Birlespe baslığı bolğan Ion Iliyesku 1990-jılğı saylawlarda mámleket prezidenti etip saylandı.



**1988-jıldan Polshada ...**
**1989-jılda Polshada ...**
**1990-jılda ...**
**PBJP ...**

Ekinshi jáhan urısınan keyingi eń áhmiyetli waqıyalardan biri Germanıyanıń birlesiwi boldı. 1980-jıllar aqırında Germanıya Demokratiyalıq Respublikasında sociallıq-ekonomikalıq hám siyasiy krizis háwij alip, 1989-jıl noyabrde eki nemis mámleketin ajıratıp turğan Berlin diywalınıń qulawına alıp keldi. Bul ámelde eki Germaniya ortasındağı shegaranıń ashılıwı edi. 1990-jılı sentyabrde Moskvada eki nemis mámleketin birden-bir – Germaniya Federativ Respublikasına birlestiriw haqqında shártnamağa qol qoyıldı.

**Shığıs Evropa mámleketleri XX ásir aqırı XXI ásir baslarında.** Tiykarınan tınısh jol menen ámelge asırılğan demokratiyalıq revolyuciyalar nátiyjesinde Shığıs Evropa mámleketleri rawajlanıwdıń ekonomikalıq hám siyasiy bağdarı etip Evropa awqamın tańladı. Shığıs Evropanıń barlıq mámleketleri NATOğa ağza boldı.

Bazar ekonomikasına jedel ótiw bir qatar ayrıqsha mashqalalardı keltirip shığardı. Inflaciya dárejesi hám jumıssızlıqtıń ósiwi, turmıs dárejesiniń tómenlewi, jámiyettiń baylar hám kóp sanlı júdá kambağallarga ajıralıwı baqlandı. Nátiyjede, reformalar ushın juwapker bolğan húkimetlerdi xalıq qollamay qoydı. Polshada sociallıq ortalıqtıń ózgeriwi nátiyjesinde

1990-jıllardıń eń ataqlı siyasatshılarınan biri Lex Valensa prezidentlik saylawlarında jeńiliske ushıradı. Kúshli ideologiyalıq basımǵa qaramastan, sollar Litvada, soń Albaniyada hákimiyatqa keldi.




Oraylıq hám Shıǵıs Evropa mámleketleri

Ózgerisler basqa Evropa mámleketlerindegige qaraǵanda Yugoslaviyada bir qansha qıyın keshti. Altı Respublikadan quralǵan Yugoslaviya Federativ Respublikasında socialistlik sistemanıń qulawı milletshi hám ayırmashı kúshlerdiń jedellesiwi ushın imkaniyat jarattı. Nátiyjede 1991 – 1992-jılları Yugoslaviya mámleketi tarqalıp ketti. Tek ǵana Serbiya hám Chernogoriya federaciyada qaldı. Sloveniya, Xorvatiya, Bosniya-Gersogovina hám Makedoniya ǵárezsiz mámleketlerge aylandı. Biraq, ǵárezsiz mámleketlerge ajıralıw etnik qarama-qarsılıqlardı kúsheytip keskinlestirip jiberdi.



**1989-jıl noyabrde ...** **1990-jılı Moskvada ...**
**1991–1992-jılları ...**

1990-jıldan keyin Serbiyada musılman-albanlar ózleriniń «Kosovo Respublikas»ın daǵaza etti. Bul Serbiya menen qurallı jánjelge alıp keldi hám oǵan NATO aralastı. 1999-jıl NATO áskerleri Yugoslaviyanı bombaladı. Jánjel Evropa kólemindegi kriziske aylandı.




Yugoslaviyanıń bólshekleniwi

Jáne bir awır jaǵday Bosniya hám Gercegovinada payda boldı. Bul jerde serbler, xorvatlar hám musılmanlar tariyxıy qońsı jasaǵan. Sol sebepli etnikalıq ózgeshelikke diniy qarama-qarsılıqlar da qosıldı. Bosniya hám Gersegovinada milliy qarama-qarsılıqlar ayrıqsha keskin tús aldı.

Xalıqtıń yarımın quraǵan serbler Yugoslaviya quramınan shıǵıwdı qálemedi hám ózleriniń Bosniya serb respublikasın daǵaza etti. 1992–1994-jılları serbler, musılmanlar hám xorvatlar ortasında áskeriy kelispewshilik baslanıp ketti hám bul tınısh xalıq ortasında da kóplep qurbanlarǵa alıp keldi. Bosniyadaǵı etnik jánjellerdi saplastırıw ushın bul jerge BMSHnıń tınıshlıq súyer kúshleri kiritildi hám urıs háreketleri toqtatıldı. 2006-jıl ótkerilgen referendum nátiyjesine kóre Chernogoriya Serbiyadan ajıralıp shıqtı. Yugoslaviya respublikası saplastırıldı.

Chexoslovakiya milliy mashqalalardı sheshiwdiń tınısh jolın tańladı. 1992-jılı ótkerilgen referendum nátiyjesine kóre mámleket xalqı bóliniwge qarar qıldı. Bóliniw procesi ayrıqsha dodalanıp, puqta tayarlandı. 1993-jıl 1-yanvardan jáhán kartasında eki ǵárezsiz mámleket–Chexiya Respublikası hám Slovakiya Respublikası payda boldı.




**Chexoslovakiyada milliy mashqalalardı sheshiw maqsetinde 1992-jılı referendum ótkerildi.**

**1999-jılı NATO áskerleri Yugoslaviyanı bombaladı.**

Shıǵıs Evropa mámleketlerinde júz bergen waqıyalar sezilerli dárejede xalıqaralıq siyasiy ózgerislerge alıp keldi. Bul mámleketlerdi endi Batıs Evropa mámleketleriniń ekonomikalıq hám áskeriy-siyasiy shólkemleri–dáslep EA hám NATO ózine tarttı. Vengriya, Latviya, Litva, Estoniya, Polsha, Sloveniya, Slovakiya hám Chexiya, Ruminiya hám Bolgariya EA na aǵza boldı. Bul mámleketlerde demokratiyalıq dástúrler bar bolǵanlıǵı hám Batıs Evropa menen ulıwmalıq civilizatsiyaǵa tiyisliligi olardıń rawajlanıwına unamlı tásir kórsetpekte. Oraylıq hám Shıǵıs Evropa mámleketlerinde xalıqtıń jasaw dárejesiniń óskenligi jámiyette demokratiyalıq reformalarǵa isenimdi kúsheytti.

Biraq bul mámleketlerdiń kópshiliginde jumıssızlıq dárejesi bir qansha joqarı, xalıqtıń bir bólimi Batıs Evropanıń rawajlanǵan mámleketlerine shıǵıp, jumıs izlewge májbur bolmaqta. Usıǵan qaramastan, Oraylıq hám Shıǵıs Evropa Batıs Evropa menen ekonomikalıq hám mádeniy

teńlikke qaray batıl qádem taslamaqta. Bul mámleketlerdiń eń úlken mashqalalarınan biri jámiyette korrupsiya dárejesi joqarı bolıp qalmaqta.



**Kóppartiyalıq principi** – bul zamanagóy demokratiyalıq mámleketlerde siyasiy turmısın shólkemlestiriwdiń tiykargı konstituciyalıq principlerinen biri bolıp, ideologiyalıq plyuralizm (kóptúrlilik)niń jarqın ańlatılgan kórinisi.

**Etnik jánjel** – ádette, bir-biri menen qońsı jasaytugın túrli etnikalıq toparlarga tiyisli bolgan jámáátler ortasındagı soqlıgısıw.

## Bekkemkew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Shıgıs Evropa mámleketlerinde socialistlik dúzimniń bólshekleniwi qanday kórnislerde ámelge asırıldı?
2. Shıgıs Evropa mámleketleri NATOga agza bolıwda óz qáwipsizliginiń kepilleniwinen tısqarı jáne qanday abzallıqlardı kórdi?
3. Shıgıs Evropa mámleketlerinde socializm bólsheklengennen soń qanday mashqalalar payda boldı?
4. Teksten paydalanıp socializm bólsheklengennen soń Shıgıs Evropada júzege kelgen jańa mámleketlerdiń dizimin jasań.

## Óz betinshe jumıs



Kartadan paydalanıp Oraylıq hám Shıgıs Evropa mámleketlerine tiyisli aymaqlardı dárejesine kóre klassifikaciyalań hám túsinik beriń.



Teksten paydalanıp Shıgıs Evropa mámleketlerinde demokratiyalıq ózgerisler xronologiyasın dúziń.

## 3-TEMA. SOVET MÁMLEKETINIŃ BÓLSHEKLENIWI HÁM BURÍNǴÍ SOVET RESPUBLIKALARÍNDA ǴÁREZSIZLIKTIŃ DAǴAZA ETILIWI

**ǴMDAnıń shólkemlestiriliwi.** 1991-jıldıń aqırına kelip barlıq burıngı respublikalar SSSR quramınan shıqqanlıgın dagaza etti. 1991-jıl 8-dekabrde Rossiya, Ukraina hám Belarus basshıları jıynalıp, SSSR siyasiy birlik sıpatında tamamlanganlıgın hám Ǵárezsiz Mámleketler Doslıq Awqamınıń (ǴMDA) dúzilgenligin tastiyıqladı.



**SSSR qashan hám qaysı mámleketler qatnasıwında dúzilgen edi?**

1991-jıl 25-dekabr kúni SSSR prezidenti M.Gorbachyov mámleket basshılıgı wákilliklerin ózinen alganlıgı tuwralı bayanat berdi.

1991-jıl dekabrde Túrkmenstan paytaxtı Ashxabad qalasında bes Oraylıq Aziya respublikaları basshılarınıń ushırasıwı bolıp, onda agza mámleketlerdiń teńligi hám barlıgınıń ǴMDA shólkemlestiriwshisi sıpatında awqamga qosılıwı málim etildi. 1991-jıl dekabrde Qazaqstannıń Almata qalasında bolıp ótken ushırasıwda Deklaraciya qabıl etilip, SSSR xalıqaralıq huqıq subyekti hám geosiyasiy reallıq sıpatında óz jumısın toqtatqanlıgı atap ótildi. Usı jıl aqırına shekem Baltik boyı respublikaları – Latviya, Litva, Estoniyadan tısqarı barlıq burıngı sovet respublikaları ǴMDA quramına kirdi. Biraq Gruziya 2008-jılı, Ukraina bolsa 2014-jıldan ǴMDA jumısında qatnaspaytugınlıgın málim etip bildirdi. Mongoliya ǴMDAnıń bir qatar sistemalarında baqlawshı sıpatında qatnasıp kelmekte. 2008-jılı Awganstan ǴMDAga kiriw tilegin bildirip, házir ǴMDA parlamentler aralıq assambleyasında baqlawshı sıpatında qatnaspaqta.



ǴMDA bayragı

ǴMDAnıń dúziliwi SSSR bóleklengennen soń burıngı sovet respublikaları ortasında ekonomikalıq hám gumaniar baylanıslardı saqlap turıwda, sociallıq hám gumanitar apatshılıqlardıń aldın alıwda, payda bolgan mashqalalardı birgelikte sheshiwde áhmiyetli ról oynadı.

**SSSR tarqalǵannan keyingi mashqalalar.** SSSR bóleklengennen keyin dúzilgen ǵárezsiz mámleketlerde bir qatar mashqalalar júzege keldi. Solardan birinshisi siyasiy rawajlanıw menen baylanıslı edi. Burıngı SSSR aymaǵında dúzilgen ǵárezsiz mámleketlerde siyasiy tárepten demokratiyalıq sistemanıń qarar tabıwı júdá awır keshti, ayırım mámleketlerde avtoritar rejimler ornatıldı. Bunıń bir qansha sebepleri bar. Eń tiykarǵısı, demokratiyalıq principlerdiń daǵazalanıwına qaramastan, basshılıq usıllarında, sociallıq sanada sovet dáwirinen beri jasap kiyatırǵan totalitar sana sezim ústinlik etti. Nátiyjede, burıngı awqam respublikalarında salıstırmalı túrde demokratiyalıq jol menen hákimiyatqa kelgen basshılar usı joldı dawam ettirmedi, hár qıylı usıllar hám báneler menen óziniń jeke hákimiyatın bekkemlew hám onı saqlap qalıw jolınan bardı. Oppoziciya qatallıq penen bastırıldı hám nátiyjede avtoritar rejimler qáliplesti.

Burıngı sovet respublikalarınıń ekonomikalıq rawajlanıwı biraz basqasha keshti. Olardıń bir bóliminde sovet rejeli ekonomikasınıń belgileri saqlanıp qalǵan bolsa da, tiykarǵı bólimi bazar ekonomikası jolın tańladı.



**1991-jıl dekabrde ...**
**1991-jıl 25-dekabr kúni ...**
**2008-jılı ...**

SSSRdıń tarqalıp ketiwi burıngı awqam respublikaları ortasındaǵı dástúriy ekonomikalıq baylanıslardıń buzılıwına alıp keldi. Ǵárezsizlikke erisken burıngı sovet awqamı respublikaları qaytadan Rossiya tásirine túsip qalmaw ushın abaylıq penen háreket etti. Rossiyanıń ekonomikalıq, texnologiyalıq hám áskeriy múmkinshilikleriniń túsip ketiwi sebepli onıń xalıqaralıq maydandaǵı abroyı da túsip ketti. XX ásirdiń sońǵı on jılında Rossiyanıń jáhán xojalıq baylanıslarında qatnası keskin qısqardı.

SSSRdıń bólekleniwi Rossiya ushın geostrategiyalıq jaǵdaydıń keskin ózgeriwine alıp keldi. Rossiyanıń xalıqaralıq abıroyı da tómenlep, Yugoslaviya, Irakdaǵı siyaqlı keskin xalıqaralıq mashqalalardı sheshiwde derlik qatnaspadı.

1990-jıllardıń ekinshi yarımında Rossiyadaǵı ekonomikalıq-sociallıq jaǵday hám Rossiyadan tısqarıdaǵı ruslar mashqalası óz aldına ayrıqsha áhmiyetli iske aylandı. Buǵan burıngı SSSRdıń túrli aymaqlarınan Rossiyaǵa kóship kelip atırǵanlardıń mashqalası da qosıldı. Usı dáwirde

ruslar dúnyadaǵı eń úlken bólingen millet bolıp qaldı. SSSR tarqalıp ketkennen soń 80 mln rus Rossiya aymaǵınan tısqarıda qalıp ketti.



**1990-jıllardıń ekinshi yarımında ...**
**1999-jıl aqırında ...**
**XXI ásir baslarına kelip ...**

1999-jıl aqırında B. Elsin prezidentlik wákilliklerin V. Putinge tapsırdı. 2000-jıl mart ayında bolıp ótken saylawlarda V.Putin Rossiya prezidenti etip saylandı. Ol mámlekettiń basqarıw sistemasın reforma etti. Oraylıq hákimyattı bekkemlep, orınlardaǵı ózbasımshalıqqa shek qoydı. Tereń alıp barılǵan ekonomikalıq, sociallıq, finanslıq siyasat sebepli 2000-jıllar baslarına kelip Rossiya awır awhaldan shıǵıp aldı. Sırtqı siyasatta AQSH hám Batıstıń jetekshi mámleketleri menen qatnasıqlar shiyelenisken jaǵdayda qaldı. Ásirese, 2014-jılı Ukrainada júz bergen náwbettegi «reńli revolyuciya» sebepli hákimyat almasqannan soń Qırımnıń Rossiyaǵa qosılıwı artınan Batıs mámleketleri Rossiyaǵa qarsı ekonomikalıq sankcialar járiyaladı, ol «Kúshli segizlik» – G-8 den shıǵarıldı. Rossiya ekonomikasında bir qatar mashqalalar payda boldı, rulbdiń qunı túsip ketti. Házirgi kúnde Rossiya BRIKS hám ShBSh ortasında baylanıstı kúsheytpekte. ǴMDA mámleketleri ortasındaǵı ózara qatnasıqlar da ańsat keshpedi. Rossiya menen Ukraina ortasında Qara teńiz flotın bólip alıw, Qırım yarım atawındaǵı Sevastopol qalasınıń statusı tuwralı keskin tartıslar ketti. Rossiya menen Baltik boyı mámleketleri ortasında da ol jerde jasawshı kóp sanlı rusziban xalıqlardıń huqıqları hám aymaqlıq máseleleri boyınsha qattı tartısıwlar bolıp ótti. Tájikstan hám Moldova respublikalarında puqaralar aralıq kelispewshilikler júz bergende, Rossiya óziniń ekonomikalıq hám strategiyalıq mápleri boyınsha bul mashqalalardı sheshiwde qatnastı.




**2000-jıllardan baslap ǴMDA mámleketleri jaqsı ekonomikalıq ósiw pátlerin kórsetpekte.**
**2014-jılı Ukrainada «reńli revolyuciya» sebepli hákimiyat almastı.**

XXI ásir baslarında Rossiyanıń sırtqı siyasatında da úlken ózgerisler júz berdi. ǴMDA mámleketleri menen de qatnasıqlarǵa úlken itibar berile

basladı. Máselen, 2017-jılı Ózbekstan hám Rossiya qatnasıqları jańa baqıshqa kóterilip, eki tárepleme úlken qatnasıq kelisimlerine qol qoyıldı.

2000-jıllardan baslap ǴMDA mámleketleri jaqsı ekonomikalıq ósiw pátlerin kórsetip kelmekte. 2012-jıl nátiyjeleri boyınsha ǴMDA mámleketlerinde JIÓniń ósiwi 4 % dı quradı. Xalıq jan basına JIÓ niń kólemi boyınsha ǴMDA mámleketleri Latın Amerikası, Jaqın Shıǵıs siyaqlı regionlardı quwıp ótti.

Búgingi kúnge kelip, ǴMDAdan tısqarı regionlıq xalıqaralıq shólkemler de payda boldı. Shanxay Birge Islesiw Shólkemi (ShBSh), Bajıxana Awqamı usılar qatarınan bolıp, Ózbekstan Respublikası bul shólkemler xızmetinde óz-ara mápdarlıq hám teńlik tiykarında qatnasıp kelmekte.



**Geostrategiya** – mámlekettiń xalıqaralıq maydanda alıp baratuǵın sırtqı siyasiy hám ekonomikalıq xızmet tarawları. Geostrategiya milliy qáwipsizlik doktrinasınıń ajıralmas bólimi bolıp, geosiyasiy yaki geoekonomikalıq mákanda óz maqsetine erisiw ushın mámleket tárepinen qollanatuǵın háreket texnologiyaların da óz ishine aladı.

**«Reńli revolyuciya»** – bul XX ásir aqırı XXI ásir baslarındaǵı narazılıq kóterilisleri hám olar nátiyjesinde júz bergen hákimiyat almasıwınıń ulıwma atı.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. SSSR bólsheklengennen soń burıńǵı sovet mámleketi aymaǵında ǴMDA qanday ról oynadı?
2. Ǵárezsizlikke erisken burıńǵı sovet respublikaları rawajlanıwında qanday siyasiy hám ekonomikalıq mashqalalar payda boldı?
3. 2010-jıllardan keyin Rossiya hám ǴMDA mámleketleri ortasındaǵı qatnasıqlarda qanday ózgerisler júz berdi?
4. 2000-jıllardan baslap ǴMDA mámleketleri rawajlanıwında qanday ózgerisler júz berdi?

## Óz betishe jumıs



Internetten paydalanıp Ǵárezsiz Mámleketler Doslıq Awqamına baylanıslı súwretlerdi izlep tabıń hám reńli klaster dúziń.

## 4-TEMA. 1991 – 2017-JÍLLARDA ROSSIYA FEDERACIYASÍ

**Ekonomikalıq reformalar.** 1991-jılı avgust krizisinen keyin Rossiyada tiykarǵı lawazımlarǵa demokratiyalıq kúshler wákilleri emes, kommunistlik partiya belsendileri keldi. Qayta qurıw jıllarında bul belsendilerdiń kópshiligi kommunistlik partiya menen baylanısların úzgen bolsa da, olardıń reformashılıq imkaniyatları sheklengen edi. B. Elcin tárepinen Bas ministr lawazımına mirát etilgen Y. Gaydar Rossiyadaǵı reformalardıń «arxitektorı» boldı.



**«Qayta qurıw» qanday sebeplerge kóre ózin aqlamadı?**

Reformalar júdá awır ótti. Milliy dáramat hám sanaattıń islep shıǵarıwı tómenlep ketti. 1992-jılı 1-yanvardan erkin qoyıp jiberilgen bahalar keskin kóterildi. Kópshilik shańaraqlarda azıq-awqat qárejetleri shańaraq dáramatınıń tiykarǵı bólimin quradı. Aqıbetinde urıstan keyingi dáwirde birinshi márte Rossiya xalqınıń sanı kemeye basladı.

Inflaciya hám siyasiy turaqsızlıq investiciyalardıń kirip keliwine tosqınlıq etti. 1999-jılǵa kelip Rossiyanıń sırtqı qarızı 130 mlrd. dollardan asıp ketti. Xalıqaralıq finans shókemleri qarız bermey qoydı. Mámlekettiń ekonomikalıq ahwahalı sociallıq jaǵdayǵa da tásir kórsetti. Jumıssızlar, qashqınlar, jarlılar hám baspanasızlar sanı keskin kóbeydi.



**1991-jılǵı avgust …** **1992-jıl 1-yanvardan …**
**Y. Gaydar …** **1999-jılǵa kelip …**

**Ishki siyasiy jaǵday.** Siyasiy tarawda da áhmiyetli ózgerisler júz berdi. 1991-jılǵı avgust waqıyaları, SSSRdıń tarqalıwı hám «shok terapiyası» jámiyette sociallıq qıyınshılıqtı kúsheytti. Is taslawlar hám siyasiy demonstraciyalar keń qulash jaydı.

1993-jılı Prezident B. Elcin Xalıq deputatları syezdi hám Joqarǵı Sovetti tarqatıp jiberdi, mámleketlik hákimiyattıń jańa organları-Federaciya

Keńesi hám Mámleketlik Dumasına saylawlar hám de mámlekettiń jańa konstituciyası haqqında referendum ótkeriw tuwralı pármanǵa qol qoydı. Joqarǵı Sovet basshıları hám Konstituciyalıq sudtıń kópshilik aǵzaları prezident pármanın konstituciyaǵa qarsı keledi dep esaplap, oǵan qarsı shıqtı.




Rossiya Federaciyası

Buǵan juwap retinde Joqarǵı Sovet imaratı áskerler tárepinen qorshap alındı hám artilleriyadan oqqa tutıldı.

1993-jıl dekabrde Federaciya Keńesi hám Mámleketlik Dumaǵa saylawlar bolıp ótti. Ol birinshi márte partiyalıq dizim boyınsha ótkerildi. Saylaw nátiyjelerine kóre Mámleketlik Dumasında «Rossiya jolı», LDPR (Rossiya liberal-demokratiyalıq partiyası), KPRF (Rossiya Federaciyası kommunistlik partiyası) partiyaları eń kóp orınlardı iyeledi.



Boris Elsin

Dawıs beriwde qatnasqanlardıń kópshiligi prezident tárepinen usınıs etilgen Rossiya Konstituciyası joybarın maqulladı. Jańa Tiykarǵı nızamnıń qabıl etiliwi menen hákimiyattıń sovet dúzimi toqtatıldı.

Solay etip, Rossiyada XX ásirdiń 90-jılları ámelge asırılǵan eń áhmiyetli siyasiy reformalar sovetlerden qalǵan hákimiyat sistemasın buzıw, onıń ornına zamanagóy hám demokratiyalıq hákimiyat sistemasın jaratıw ushın hárekettiń baslanıwı boldı.

**Milletler aralıq qatnasıq.** Rossiya kóp milletli mámleket. Sol sebepli milletler aralıq qatnasıqlar Rossiya ushın bárháma eń baslısı bolıp kelgen. Ásirese, úlken ózgerisler dáwirinde bul mashqala birinshi orınǵa shıqtı. SSSR tarqalǵannan soń awır jaǵday payda boldı. 1991-jıl aqırı 1992-jıl baslarında Tatarstan, Bashqurtstan hám Yakutstandaǵı milliy háreketler ózleriniń syezdlerin ótkerip, olarda RSFSR quramınan shıǵıw máselesi qoyıldı. Chechen-Ingush Avtonom respublikasında Chechen xalqınıń ulıwma milliy kongresi avtonomiyanı Chechenstan hám Ingushetiyaǵa bóliwdi, Chechenstannıń RSFSR quramınan shıǵıwın bildirdi. 1992-jılı Tatarstan da óz mámleketlik ǵárezsizligin daǵazaladı.

Bulardıń hámmesi oraylıq hákimiyattı Fedarativ Shártnamaǵa qol qoyılıwın tezlestiriwge májbúr etti. Fedarativ Shártnama 1992-jılı martta Tatarstan hám Chechenstannan basqa barlıq subyektler tárepinen qol qoyıldı. Oray hám aymaqlardıń tolıq huqıqları Rossiya Konstituciyasında da óz kórinisin taptı.




**1992-jılı Tatarstan óz mámleketlik ǵárezsizligin daǵazaladı.**

**1999-jılǵa kelip Rossiyanıń sırtqı qarızı 130 mlrd. dollardan asıp ketti.**

Tatarstan prezidenti etip saylanǵan M.Shaymiev waqıyalar rawajlanıwın óz qolına alıwǵa eristi. Tatarstan 1994-jılı federal hákimiyat penen tolıq wákilliklerin bólistiriw haqqındaǵı shártnamaǵa qol qoydı.

Chechenstan Oray menen hár qanday shártnamalar dúziwden bas tartıw jolınan bardı. Onıń menen qatnasıqlar apatshılıqlı jaǵdaydı tuwǵızdı. 1996-jılı Chechenstan menen Federal oray ortasındaǵı baslanǵan urıs 2000-jılǵa shekem dawam etti. Bul urıs ekinshi jáhán urısınan keyingi SSSR aymaǵında júz bergen eń úlken áskeriy soqlıǵısıw boldı. Urıs Rossiyaǵa bir neshe mlrd. dollar zıyan jetkerdi, eki tárepten 120 mıńnan ziyat adam qurban boldı.

**1990-jıllardaǵı sırtqı siyasat.** SSSRdıń tarqalıp ketiwi Rossiya ushın úlken geosiyasiy ózgerislerge alıp keldi. Mámleket Shıǵıs hám Oraylıq Evropadaǵı dástúriy awqamlaslardan ayırıldı, olar NATO menen birge islese basladı. Baltik boyı hám basqa da ǴMDA mámleketlerinde milliy jetekshilerdiń hákimiyatqa keliwi, olardıń kópshiligi menen Rossiya qatnasıqların quramalastırdı.

Qanday etip bolsa da Batıs penen qatnasıqlardı jaqsılaw ushın islengen háreketler usıǵan alıp keldi, Rossiya áste-aqırın xalıqaralıq maydanda óziniń ǵárezsizlik rolin joǵaltıp bardı. Jıldan-jılǵa ósip baratırǵan Rossiyanıń Batıs mámleketlerine ekonomikalıq ǵárezliligi de mámleket qáwipsizligine zıyan jetkerdi.

**Rossiya XXI ásirde.** B. Elcin 1999-jılı dekabrde otstavkaǵa shıqtı. Waqtınsha prezident lawazımın iyelegen Vladimir Putin 2000-jılı martta bolıp ótken saylawlarda Rossiya prezidenti etip saylandı.



**1993-jılı dekabrde ...** **1992-jılı martta ...**
**1996-jılı ...** **2000-jılı martta ...**

V.Putin óziniń ku'shli mámleket hákimiyatı tárepdarı ekenligin kórsetti. Jańa prezidenttiń dáslepki háreketleri jámiyet turmısında mámleket hákimiyatınıń roli hám abıroyın bekkemlewge qaratıldı. Xalıqaralıq maydanda da Rossiyanıń roli tiklenip bardı.

2008-jılı avgust ayında Gruziya óziniń quramında dep esaplaǵan Qubla Osetiya hám Abxaziyada konstituciyalıq tártipti tiklew maqsetinde bul aymaqlardı arteleriyadan oqqa tutıwdı basladı. Bunnan soń jánjelge Rossiya armiyası aralasıp, Gruziya aymaǵına shekem bastırıp kirdi. Áskeriy jánjel tez juwmaqlandı. Biraq Rossiya-Gruziya qatnasıqları keskin jamanlastı.

2014-jılı fevral ayında Ukrainada hákimiyat almastı. Qırımda hákimiyatqa kelgen rossiyaparastlar Kievdegi jańa hu'kimetti tán almadı. 2014-jıl 16-martta olar referendum ótkerip, onıń nátiyjesi boyınsha Qırımnıń ǵárezsizligin daǵaza etti hám Rossiya Federaciyası quramına kiriw tuwralı shártnamaǵa qol qoydı.



Vladimir Putin

Rossiyanıń Ukrainaǵa qarata siyasatındaǵı jáne bir mashqalalı tárepi Ukrainanıń shıǵısında, ayrıqsha Doneck hám Lugansk wálayatında bolıp atırǵan waqıyalar menen baylanıslı. Bul jerde de Ukrainadaǵı hákimiyat almasıwın tán almaǵan bir topar rusziban jetekshiler tárepinen Doneck hám Lugansk Xalıq respublikaların járiyalap, óz armiyaların qáliplestirdi.

Sırtqı siyasatta Rossiyanıń sheshiwi tiyis bolǵan máseleleriniń biri Siriya mashqalası boldı. Rossiyanıń áskeriy-kosmoslıq ku'shleri 2015-jıl sentyabrden baslap Siriyadaǵı urıslarda qatnaspaqta. Siriyada ISHIM (Irak hám

Sham islam mámleketi) hám basqa da xalıqaralıq terrorshı shólkemlerge qarsı gu'reste Rossiya bir qatar jetiskenliklerge eristi. Bul oǵan óziniń geosiyasiy ornın bekkemlew imkanın berdi.

**Shok terapiyası** – bul ekonomikalıq teoriya, sonday-aq usı teoriyaǵa tiykarlanǵan keskin ekonomikalıq reformalar.

### Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Rossiyada Y.Gaydar hu'kimeti tárepinen ámelge asırılǵan ekonomikalıq reformalar qanday nátiyjelerge alıp keldi?
2. 1990-jılları Rossiyada ámelge asırılǵan eń áhmiyetli siyasiy reformanıń mazmunı nelerden ibarat edi?
3. Rossiyada 1990-jılları payda bolǵan milletler aralıq qıyın jaǵday qanday usıllar menen sheshildi?
4. XXI ásirde Rossiya sırtqı siyasatta qanday mashqalardı sheshiwge urınbaqta?

### Óz betinshe jumıs

**Kartaǵa tiykarlanıp, SSSR bólsheklengennen sońǵı Rossiya Federaciyası aymaǵın talqılań.**

## 5-TEMA. 1991 – 2017-JÍLLARDA UKRAINA, BELARUS HÁM MOLDOVA RESPUBLIKALARÍ

**Ukraina.** 1991-jıl 24-avgustda óz ǵárezsizligin daǵaza etti. 1991-jıl dekabrde ótkerilgen referendumda tolıq kópshilik xalıq Ukraina ǵárezsizligi ushın dawıs berdı.


Leonid Kravchuk

Referendum menen birge Ukraina prezidentligine ótkerilgen saylawlarda Leonid Kravchuk Ukrainanıń birinshi prezidenti etip saylandı.

Ǵárezsizlik járiyaladı. Biraq joqarı nátiyjeli, turaqlı milliy ekonomikanı shólkemlestirilmesten real siya-

siy ǵárezsizlikti qarar taptırıw múmkin emes edi. SSSRdı qamtıp alǵan ekonomikalıq krizis, ulıwma awqam ekonomikalıq kompleksiniń joq bolıwı basqalar qatarı Ukrainaǵa da ayrıqsha tásir kórsetti. Ǵárezsizlik jaryalanıwı waqtında Ukraina ekonomikası kúshsiz jaǵdayda edi.

Krizis sanaat hám awıl xojalıǵın qamtıp aldı. Krizisten shıǵıwdıń kóp-legen dástúrleri islep shıǵıldı, biraq olardıń hesh qaysısı aqırına shekem ámelge asırılmadı.



**Burınǵı awqamda 1991-jıl 19-21-avgust kúnleri qanday waqıyalar júz bergen edi?**




Ukraina Respublikası

1990-jıllardıń ekinshi yarmında is haqıdan qarızdarlıqtı saplastırıw, shet el kreditleri hám valyuta bazarın tártipke salıw esabına ekonomikalıq jaǵday ózgerdi, 1996-jılı milliy valyuta – grivna aylanısqa kirgizildi. Biraq kútilgendey, shet el investiciyası mámleketke aǵıp kelmedi, grivna tez qádirsizlenip bardı.

XX ásir aqırına kelip kóplep kárxanalarda múlkdarlar almastı, jańa xójayınlar islep shıǵarıwdı tiklewge kiristi. Joqarı qánigeli hám júdá arzan jumısshı kúshi hám de qúdiretli sanaat bazası Ukraina ekonomikasına qarjı kiritiwdi paydalı etip qoydı. Bul ózgerisler ekonomikanıń turaqlasıwın keyin bolsa ekonomikalıq ósiwdi támiyinledi. Biraq bul kópshilik ǴMDA mámleketlerindegi siyaqlı Ukrainada da basshı elitasınıń korrupciyalasıwına, xalıqtıń úlken bóleginiń bolsa kambaǵallasıwına alıp keldi.

**Ukrainada mámleket qurılısı hám siyasiy procesler.** Ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarında Ukraina aldında turǵan eń áhmiyetli wazıypalardan biri mámleket qurılısı mashqalası edi. 1996-jılı qabıl etilgen Ukraina konstituciyası bul procestiń huqıqıy tiykarı boldı.


Pyotr Poroshenko

Biraq siyasiy turaqsızlıq hám ekonomikalıq qıyınshılıqlar uzaq jıllardan beri sheshilmey kiyatırǵan sociallıq mashqalalar menen qosılıp, bir qatar siyasiy krizislerge de alıp keldi. 2004-jılǵı saylawlarda Viktor Yanukovichtiń jeńimpaz dep daǵaza etiliwi kóp mıń adamlıq narazılıq demonstraciyasına sebep boldı. Nátiyjede, ótkerilgen úshinshi tur saylawlarında «Biziń Ukraina» blogı jetekshisi Viktor Yushchenko Ukraina prezidenti etip saylandı. Biraq V.Yushchenko mámlekette úlken unamlı ózgerisler etiwge erise almadı. Sol sebepli 2010-jılǵı saylawlarda V. Yanukovich jeńiske eristi. Ol mámlekettegi sociallıq sistemanı tolıq reformalawǵa kiristi. Biraq onıń 2013-jılı Evropa awqamı menen birge islesiw haqqındaǵı kelisimge qol qoyıwdan bas tartıwı siyasiy kriziske sebep boldı. Kiyev hám basqa qalalarda massalıq narazılıq shıǵıwları bolıp, olar sociallıq tarmaqlarda «Evromaydan» atın aldı. V. Yanukovich Ukrainadan shıǵıp ketti. 2014-jıl bolıp ótken saylawlarda Pyotr Poroshenko Ukraina prezidenti etip saylandı.

Qırım Avtonom respublikası hám Sevastopol qalası Rossiyaǵa qosıp alınǵannan soń bolsa Ukraina menen Rossiya ortasındaǵı qatnasıqlar júdá keskinlesti.

**1991-jıl 24-avgustta ...**

**1996-jıl ...**

**2004-jılǵı ...**

**2014-jıl ...**

Ukrainadaǵı jańa hákimiyattı jáhán jámiyetshiligi tán aldı. Eger paytaxtta arqa, oraylıq hám batıs aymaqlarda Evrointegraciyaǵa qaray umtılıp atırǵan jańa húkimet tezde tán alınıp, xalıqtıń qollawına erisken bolsa, qubla-shıǵıs aymaqlarda rusziban xalıqtıń narazılıq kórsetiwleri kúsheyip bardı. Bul aymaq xalqı tariyxtan Rossiya menen baylanıslı bolǵanı ushın eki mámleket ortasındaǵı baylanıslardı saqlap qalıwdı talap qıldı hám júdá oń ekstremistlik, milletshi toparlardıń óz aymaǵında tarqalıwına qarsı shıqtı. Rossiyaparast jetekshiler basshılıǵındaǵı bul háreketler Doneck hám Lugansk wálayatlarında qurallı qarama-qarsılıqqa aylanıp ketti. Ukraina basshıları bul aymaqlarda antiterrorlıq operaciya baslanıwın daǵaza etti, bul bolsa eki tárep ortasında keń kólemli urıs háreketlerine alıp keldi. 2014-jıl sentyabrde Belarus Respublikası paytaxtı Minsk qalasında Rossiya, Ukraina hám de Doneck hám Lugansk wálayatları wákilleri ortasında áskeriy háreketlerdi toqtatıw haqqında kelisimge qol qoyıldı. Biraq 2015-jıl yanvardıń ortalarında urıslar jáne baslanıp ketti. Usı jılı fevralda Germaniya, Fransiya, Rossiya hám Ukraina mámleket basshıları Minsk qalasına jıynalıp, Ukraina shıǵısında áskeriy jánjeldi sheshiw haqqında jańa kelisimge qol qoyıldı (Minsk-2). Biraq urıs toqtamadı. 2017-jıl noyabrde artilleriyadan óz-ara atıspalar jańadan baslanıp ketti. Batıs mámleketleri hám Ukraina bul jánjelde Rossiyanı kóterilisshilerdi qollap-quwatlawda ayıplap kelmekte. Rossiya bolsa bunı biykarlap tán almay, jánjel Ukrainanıń ishki isi ekenligin aytıp kelmekte.



Aleksandr Lukashenko

**Belarus Respublikası.** Belarus paytaxtı Minsk qalasınıń 1944-jılı nemis fashistlerinen azat etilgen kúni – 3-iyul Ǵárezsizlik kúni sıpatında belgilenedi.

1994-jıl qabıl etilgen konstituciyaǵa kóre Belarus Respublikasın unitar demokratiyalıq sociallıq huqıqıy mámleket dep daǵaza etti. 1994-jıl bolıp ótken saylawlarda Aleksandr Lu-

kashenko mámleket prezidenti etip saylandı. Onıń baslaması menen referendum ótkerilip, belarus tili menen bir qatarda rus tiline de mámleket tili dárejesi berildi, mámleket bayraǵı ózgertirildi, prezidenttiń wákillikleri keńeytirildi.

Belarus hám Rossiya ortasında Doslıq, jaqsı qońsıshılıq hám birge islesiw haqqında, keyin bolsa Rossiya hám Belarus ortasında Awqam mámleketin dúziw haqqında shártnamalarǵa qol qoyıldı. Shártnama Rossiya hám Belarus ortasında jaqınlasıw hám huqıqıy aymaqlıq, ekonomikalıq, finanslıq, bajıxana hám basqa sistemalardı birlestiriwdi, mámleketler aralıq hákimiyat sistemaların qáliplestiriwin, usı waqıtta mámleketler ǵárezsizligi hám suverenitetiniń saqlanıp qalınıwı kózde tutıldı.

1996-jıl birinshi Ulıwma belarus xalıq jıyınında mámlekettiń 1996–2000-jıllarǵa mólsherlengen sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwınıń tiykarǵı baǵdarları tastıyqanlanǵannan soń, Belarusta áste-aqırın ekonomikalıq ósiw baqlandı. 2000-jılǵa kelip sanaat hám de xalıq tutınıw ónimlerin islep shıǵarıw hám xalıqtıń real dáramatları krizisten aldıńǵı dárejesinen asıp ketti. Puqaralardıń ortasha aylıq dáramadı ǴMDA mámleketleri ortasında eń joqarılarınan biri bolıp qaldı.

Azıq-awqat ónimlerin islep shıǵarıw boyınsha da Belarus ǴMDA mámleketleri arasında aldıńǵı orınlardan birin iyeledi. Belarus sút hám sút ónimlerin jetkerip beriwshi dúnyanıń aldıńǵı mámleketleri qatarına kiredi.

**Moldova Respublikası.** Moldaviya 1991-jıl 27-avgustta óz ǵárezsizligin járiyaladı. Moldova Respubliksı atın alǵan mámlekettiń birinshi prezidenti etip Mircha Snegur saylandı.

1990-jılı Moldovanıń Ruminiya menen integraciyalasıwı procesinde respublikanıń qubla-shıǵıs aymaqlarındaǵı jergilikli rusziban xalıq ortasında ayırmashılıq keypiyatı kúsheydi. Olar ózleri jasaytuǵın aymaqtı Dnestrboyı Moldaviya Respublikası dep járiyaladı. Bul qanlı soqlıǵısıwǵa alıp keldi hám Rossiya armiyası aralasqannan soń urıs toqtatıldı.




**1991-jıl 24-avgustta Ukraina óz ǵárezsizligin járiyaladı.**

**Belarusta 3-iyul Ǵárezsizlik kúni sıpatında belgilenedi.**

**Moldaviya 1991-jıl 27-avgustda óz ǵárezsizligin járiyaladı.**



Igor Dodon

Moldova ekonomikalıq tárepten agrar-industrial mámleketler qatarına kiredi. Onıń klimatı awıl xojalıǵı ushın júdá qolaylı. Mámlekette mineral resurs qorları joq, usı sebepli ekonomikası awıl xojalıǵına tiykarlanǵan. Xalqınıń yarımınan kóbi awıllarda jasaydı. Eksporttıń tiykarǵı bólimi azıq-awqat hám toqımashılıq ónimlerin quraydı. Moldova Evropanıń eń kambaǵal mámleketlerinen biri. Biraq 2009-jılǵı krizisten soń Moldova tez rawajlana basladı.

Solay bolsa da, jaǵdayı turaqsız qalmaqta. 2017-jıl may ayında ótkerilgen prezidentlik saylawlarda Rossiya menen jaqsı qatnasıqta bolǵan Igor Dadon jeńip shıqtı.



**Korrupciya** – bul ámeldar shaxs tárepinen óz wákilliginen hám oǵan isenip tapsırılǵan huqıqlardı, sonday-aq rásmiy lawazım menen baylanıslı abıroy hám baylanıslardı nızamǵa hám ádep-ikramlıq normalarına qarsı túrde óziniń jeke mápleri jolında bile tura islew.

**Antiterror operaciyası** – bul terroristlik aktti saplastırıw, xalıq, shólkem hám mákemelerdiń qáwipsizligin támiyinlew, sonday-aq terroristlik akttiń áqıbetlerin saplastırıw ushın ótkerilgen arnawlı ilajlar (jawıngerlik, áskeriy) kompleksi.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. XX ásir aqırlarına kelip qanday ózgerisler Ukrainada kapitalistlik ekonomikanıń qáliplesiwine alıp keldi?
2. Ukrainada 2014-jılǵı siyasiy krizis nátiyjesinde qanday mashqalalar payda boldı?
3. Belarus Respublikası ǵárezsizlik jılları ekonomikalıq rawajlanıwda qanday jetiskenliklerge eristi?
4. Moldova Respublikası aldında ǵárezsizlik jılları qanday siyasiy hám ekonomikalıq mashqalalar payda boldı?
5. Ukraina, Belarus hám Moldova respublikaları rawajlanıwındaǵı ulıwmalıq tápeplerdi kórsetip beriń?

**Óz betinshe jumıs**

Teksten paydalanıp, Ukraina, Belarus hám Moldova respublikalarınıń ǵárezsizlik jıllarında erisken jetiskenlikleri hám kemshilikleri boyınsha SOT-sızılması tiykarında talqılań hám dápterińizge jazıń.

Pyotr Poreshenko, Aleksandr Lukashenko, Igor Dadonlar haqqındaǵı maǵlıwmatlardı izlep tabıń hám tariyxıy shaxslar xızmetine baha beriń.

## 6-TEMA. 1991 – 2017-JÍLLARDA BALTIK BOYÍ MÁMLEKETLERI

Baltik boyı respublikaları degende, ádette Latviya, Litva hám Estoniya túsiniledi.

**Orta ásirlerde Baltik boyı Respublikaları aymaǵında qaysı xalıqlar jasaǵan?**

Ǵárezsizlik daǵaza etilgennen baslap Baltik boyı Respublikaları jedel ráwishte bazar ekonomikasın engiziwge, ózleriniń Batıs mámleketleri menen baylanısların bekkemlewge kiristi. Úsh mámlekette 2004-jılı NATOǵa, usı jılı EA na aǵza boldı.

Ǵárezsizlik jıllarında abıroylı xalıqaralıq shólkemlerge aǵza bolǵan bul mámleketler tez pát penen rawajlanıw jolına tústi. Usı tez rawajlanıw sebepli olar «Baltik jolbarısları» dep ataldı. Bunday tez pát penen rawajlanıw 2008 – 2009-jıllardaǵı kriziske shekem dawam etti.

**Latviya.** 1988-jılı dúzilgen Latviya Xalıq frontı ǵárezsizlik ushın gúres basladı. Nátiyjede 1990-jılı 4-mayda Latviya óz ǵárezsizligin daǵaza etti.

Ǵárezsizlik soń Latviya sovet dáwirinde qurılǵan iri sanaat kárxanaların, sonıń ishinde, elektrotexnika buyımların islep shıǵarıwshı eń iri VEF, mikroavtobuslar islep shıǵarıwshı RAF zavodların japtı. Bul kóplegen jumısshı-qánigelerdiń qısqarıwına, jumıssızlar sanınıń keskin artıwına alıp keldi. Balıq ónimlerin qayta islep shıǵarıwshı zavod ta



Latviya prezidenti Raymonds Veyonis

úlken zıyan kórdi. Hákimiyatqa kelgen jańa siyasiy kúshler bank sektorı hám logistikanı rawajlandırıwǵa qarar etti. Dáslep Batıs mámleketleriniń investiciyaları ekonomikanıń tez ósiwine alıp keldi. Biraq 2008-jılǵı krizis shet el investiciyalarına tolıq ǵárezli bolǵan mámleket ekonomikasınıń júdá turaqsızlıǵın kórsetti hám úlken zıyan jetkerdi. Usı dáwirden Latviyada ekonomikalıq rawajlanıw kórsetkishleri túsip ketti. 2010-jılǵa kelip mámlekettiń jalpı milliy óniminiń kólemi 1990-jılǵı kórsetkishke de jetpedi.

Jumıssızlıqtıń joqarı dárejesi sebepli xalıq jumıs izlep ǵalaba túrde Batıs mámleketlerine ketiwge májbúr bolmaqta. SSSR tarqaǵanan soń Latviya xalqı 400 mıń adamǵa kemeydi.

Mámleket aldında turǵan mashqalalardıń jáne biri etnikalıq mashqala bolıp esaplanadı. Ǵárezsizlik jıllarında sovetler dáwirinde bul jerge kóship kelgen rusziban xalıqqa hám onıń áwladlarına Latviya puqaralıǵı berilmedi. Rusziban xalıq házir Latviya xalqınıń 30% ın quraydı. Mámlekette latısh hám rus milletine tiyisli puqaralar ortasındaǵı baylanıs ta shiyeleniskenliginshe qalmaqta.

**Litva.** 1988-jıl iyunda Litvada «Sayudis» («Háreket») shólkemi dúzildi hám óz aldına Litvanıń ǵárezsizlikke erisiwin támiyinlew wazıypasın qoydı.




Baltik boyı mámleketleri

1990-jılı 11-martta Litva Joqarǵı Soveti Litva Respublikasınıń ǵárezsizligin daǵaza etti. Biraq ǵárezsizlik ańsatlıq penen qolǵa kiritilmedi. 1991-jılı 13-yanvar kúni Vilnyusta ǵárezsizlikti qollap ótkerilgen demonstraciya-da teleminara hám parlament imaratın sovet áskerlerinen qorǵawda 14 demonstraciya qatnasıwshısı qurban boldı. Usı dáwirden Litva hám tarqalıp baratırǵan SSSR basshıları ortasındaǵı qatnas derlik úzildi.



**«Baltik jolbarısları» ...** **1991-jılı 13-yanvar kúni ...**
**2008-jılǵı.......** **2010-jılǵa kelip ...**

Bul respublikanıń etnikalıq quramı Latviya hám Estoniyaǵa qaraǵanda birdeyligi menen ajıralıp turadı. Xalıqtıń 90%na jaqını litvalılardan quralǵan. Usı sebepli ǵárezsizlikten soń mámlekette jasawshı barlıq xalıqqa milletine qaramastan Litva puqaralıǵı berildi.

Litva da 2008-jıldan keyin awır sociallıq-ekonomikalıq krizisti basınan keshirdi. 2010-jılı jumıssızlar sanı 20%ǵa jaqınlastı. Adamlardıń jumıs izlep kóplegeni Evropa mámleketine kóship ketiwi aqıbetinde xalıqtıń sanı ulıwma óspey atır, kerisinshe kemeymekte. Krizis sebepli kóplegen Litvalılar Batısqa kóship ketti.



Litva prezidenti
Dalya Gribauskayte

**Estoniya.** Estoniyada «Xalıq frontı» 1988-jılı shólkemlestirildi. Ol qayta qurıwdı qollap-quwatlawdı daǵaza etip, respublikanıń SSSR quramınan shıǵıwın óziniń ashıq wazıypası etip qoymadı.




**1990-jılı 4-mayda Latviya óz ǵárezsizligin daǵaza etti.**

**1990-jılı 11-martta Litva Joqarǵı Soveti Litva Respublikasınıń ǵárezsizligin daǵaza etti.**

**1988-jıl 16-noyabrde Estoniya Joqarǵı Soveti «Estoniya SSRnıń mámleketlik suvereniteti haqqında deklaraciya»nı qabıl etti.**

Sonday bolsa da,1988-jıl 16-noyabrde Estoniya Joqarǵı Soveti «Estoniya SSRnıń mámleketlik suvereniteti haqqında deklaraciya»nı qabıl etti.



Estoniya prezidenti Kersti Kalyulayd

Baltik boyı mámleketleri ishinde eń arqasında jaylasqan Estoniya da sovet dáwirinde tezlik penen industriyalastırıldı. Kóplegen qánigeli jumısshılardıń qatnastırılıwı mamlekettegi demografiyalıq hám etnikalıq jaǵdaydı ózgertti. Mámleket xalqınıń sanında estonlardıń úlesi qısqarıp bardı, xalıqtıń kópshilik bólegin ruslar quradı. Ǵárezsizlik daǵazalanǵannan soń Estoniya ruslardıń puqaralıq alıwlarna tosıq bolıwshı qatań nızamlar qabıl etti. Bul ruslardıń Estoniyanı tárk etiwine alıp kelmedi, biraq milletler aralıq qatnastı quramalastırdı. Bunıń ústine, Estoniyada (ulıwma Baltik boyı mámleketlerinde) sovet dáwiri, ásirese urıs dáwirinen qalǵan esteliklerdi joq qılıw yaki qala shetine kóshiriw Rossiyanıń narazılıǵına sebep bolıp, eki tárepleme qatnasıqlarda úlken mashqalalardı keltirip shıǵarmaqta. 2011-jılı rusziban xalıq wákilleri menen eston policiyası ortasında bolıp ótken soqlıǵısıwda 1 adam qurban boldı, kóplegeni jaralandı.

Qıyınshılıqlarǵa qaramastan, Baltik boyı mámleketleri Evroawqamǵa integraciyalasıw jolınan barmaqta. Olardıń barlıǵı evro pul birligi aymaǵına kirgen.

Ukrainadaǵı krizisten keyin Rossiyanıń basıp alıwshılıq siyasatınan qáweterge túsken Baltik boyı mámleketleri hám NATOnıń basshıları bul mámleketlerde NATOnıń áskeriy kúshlerin kóbeytiwge kiristi. 2016-2017-jılları Baltik boyı mámleketlerine NATOnıń az ǵana sanlı áskeriy texnikası hám áskerleri jaylastırıldı. Ásirese, Rossiya hám Belarus tárepinen birgelikte ótkerilgen «Batıs-2017» áskeriy shınıǵıwlarınan soń Baltik boyı mámleketlerinde Rossiyanıń bul jerdegi siyasatınan qáweter hám ruslarǵa qarsı úgitnásiyat kúsheyip ketti Bunday jaǵday, óz náwbetinde, Rossiyanıń narazılıǵına sebep bolmaqta.



**Demografiya** – bul xalıq hám onıń kóbeyiw nızamlılıqları haqqındaǵı ilim. Ol xalıqtıń san tárepinen quramın, onıń ózgerisi, jaylasıwı hám usı sıyaqlılardı úyrenedi.

**Logistika** – bul tovarlar, júkler hám sol sıyaqlılardı bir aymaqtan basqasına jetkerip beriw sistemasın shólkemlestiriw.

### Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Ǵárezsizlik jıllarında Baltik boyı mámleketleriniń Batıs penen qatnasıqları qanday joldan bardı?
2. Ǵárezsizlik jılları Latviya qanday sociallıq hám ekonomikalıq mashqalarǵa dus keldi?
3. Litva Respublikası qanday tárepleri menen Latviya hám Estoniyadan ózgeshelenedi?
4. Estoniya menen Rossiya ortasındaǵı qatnasıqlarda qanday mashqalalar bar?

### Óz betinshe jumıs



1991-jılı Sovet Awqamı bólsheklengennen keyingi Baltik boyı mámleketleriniń kartasın talqılań hám shegaraların anıqlań.

## 7-TEMA. 1991 – 2017-JÍLLARDA KAVKAZARTÍ MÁMLEKETLERI

**Ázerbayjan Respublikası.** 1991-jılı 18-oktyabr kúni óz ǵárezsizligin járiyaladı. Ázerbayjan 1991-jıldan berli ótken waqıt dawamında óziniń ǵárezsiz jolǵa iye mámleket ekenligin sıpatlap kelmekte. Ol aymaq siyasatında úlken rol oynaydı. Ázerbayjan úlken neft hám gaz qorlarına iye ekenligi, strategiyalıq jaylasıwı sebepli Rossiya hám Batıs mápleri ortasında sheberlik penen teń salmaqlıqtı saqlap, óz máplerin támiyinlep kelmekte.

Biraq, sırtqı siyasattaǵı jetiskenliklerine qáramastan, bir qatar ishki mashqalaları saqlanıp qalmaqta. Bular qatarına, birinshi náwbette, Tawlı Qarabaq mashqalasın kiritiw múmkin.

1980-jıllardıń ekinshi yarımında Ázerbayjan menen Armeniya ortasında ázeliy mashqala-Tawlı Qarabaq mashqalası jáne kóterildi. Tawlı Qarabaq Ázerbayjan aymaǵında jaylasqan hám tiykarınan armiyan milletine tiyisli xalıq jasaytuǵın avtonom wálayat edi. Tawlı Qarabaq avtonom wálayatı basshılarınıń wálayattı Armeniya quramına qosıwdı soraǵan múrájáati aymaqtaǵı milliy mashqalalardı shiyelenistirip jiberdi.

1990-jılı Baku qalasında oppoziciyalıq siyasiy shólkem – Ázerbayjan Xalıq frontınıń demonstraciyası baslandı. Xalıq frontı Abulfayz Elchibey basshılığındağı Milliy qorǵanıw keńesi dúzilgenligin dağaza etti. Xalıq frontınıń milletshilik ruwxındağı mitingleri Bakudegi ármiyanlar qırǵınına tikkeley túrtki boldı. Buǵan qarsı Bakuge Sovet armiyası áskerleri kiritildi. Mámlekette ayrıqsha jaǵday dağaza etildi. Armiyanıń kiritiliwi Ázerbayjan ushın úlken apatshılıq boldı. Soqlıǵısıwda júzlegen adamlar qurban boldı.



Kabkazartı mámleketleri


Abulfayz Elchibey

1992-jıl mayda Bakude mámleketlik awdarıspaq ámelge asırılıp, prezident Ayaz Mutalibov hákimiyattan awdarıldı hám A.Elchibey basshılığındağı Xalıq frontı hákimiyatqa keldi. Biraq Xalıq frontı mámlekette tınıshlıq hám tatıwlıqtı ornata almadı. Nátiyjede Milliy Májilis A. Elchibeydi lawazımınan azat etip, onıń wákilliklerin Ázerbayjan Milliy Májilisi baslıǵı

Geydar Alievke tapsırdı. 1993-jılı bolıp ótken prezidentlik saylawlarda G.Aliev Ázerbayjan Respublikası Prezidenti etip saylandı.


Geydar Aliyev

G.Aliev hákimiyatqa kelgenen keyin respublikadaǵı qarama-qarsılıqlı awhaldı jumsartıwǵa eristi. Ol prezidentlik etken on jıl Ázerbayjanda onshelli demokratiyalıq bolmasa da, mámlekettiń tınısh rawajlanıwın támiyinledi, qońsılar menen jaqsı doslıq qatnasıq ornatıldı. Tawlı Qarabaq máselesi sheshilmegen bolsa da, jedel urıs háreketleri toqtatıldı, sóylesiwler baslandı.

2003-jılı dekabrde G.Aliev qaytıs bolǵannan keyin, mámleket prezidenti etip onıń balası Ilham Aliev saylandı. I.Aliev atasınıń siyasatın dawam ettirip kelmekte.


Zviad Gamsaxurdiya

**Gruziya.** 1991-jılı mart ayında ótkerilgen referendumda Gruziya xalqınıń pútkilley úlken bólimi mámleket ǵárezsizligi ushın dawıs berdi. 1991-jılı 9-aprel kúni Gruziya óz ǵárezsizligin járiyaladı. Usı payttan prezident lawazımı engizildi. Usı jılı bolıp ótken prezident saylawında oppoziciya jetekshisi Zviad Gamsaxurdiya mámleket prezidenti etip saylandı. Basqarıw tájiriybesine iye bolmaǵan Z.Gamsaxurdiya óziniń segiz aylıq prezidentlik dáwirinde mámleket elitası, ziyalılar menen qatnasıqtı buzdı, milletler aralıq qatnasıqlardı keskinlestirip, gruzin-abxaz jánjelin keltirip shıǵardı. 1991-jılı Gruziya xalıq demokratiyalıq partiyası basshıları Z. Gamsaxurdiyanıń otstavkaǵa shıǵıwın talap etti. Mámlekette kóterilis baslanıp, Tbiliside haqıyqıy urıslar bolıp ótti. Z. Gamsaxurdiya óz tárepdarları menen Tbilisiden shıǵıp ketti.

Z.Gamsaxurdiya prezidentlikten shetlestirilgennen soń hákimiyat Eduard Shevernadze basshılıǵındaǵı Mámleketlik keńesine ótti. Bul waqıtta mámlekette awhal awır, gruzin-osetin urısı dawam etip atır edi. E.Shevernadze bul urıstı toqtatıwǵa eristi.

Usı jılı oktyabrde ótkerilgen saylawlarda E.Shevernadze Gruziya Joqarı Keńesi baslıǵı etip saylandı. Biraq mámlekette jıynalıp qalǵan mashqalalar, ásirese ekonomikalıq awhaldıń awırlıǵı E.Shevernadze basqarıwına qarata xalıqtıń narazılıǵı kúsheydi. 2003-jılı ótkerilgen parlament saylawlarınan soń E.Shevernadze otstavkaǵa shıǵıwın daǵaza etti. Jańa saylawlarda Mixail Saakashvili jeńiske eristi. Bul procesler Gruziya hám Batıs bas-

pasózinde «Átirgúller revolyuciyası» atın aldı. Hákimiyatqa kópshiligi batıs mámleketlerde bilim alǵan «jańa demokratlar» keldi.


Mixail Saakashvili

M.Saakashvili húkimeti Gruziyada puqaralardıń mámleketlik organlarǵa múrájáát etiwin jeńillestiriw, salıqlardı azaytıw, mámleketlik múlklerdi menshiklestiriw sıyaqlı áhmiyetli reformalardı ámelge asırdı. Mámlekette korrufciyaǵa qarsı gúres daǵaza etildi. Biraq M.Saakashvili dáwirinde de Gruziya menen Qubla Osetiya ortasındaǵı jánjel óz sheshimin tappadı. 2008-jıl avgustta Gruziya, Rossiya, Qubla Osetiya hám Abxaziya qatnasında bolıp ótken áskeriy soqlıǵısıwlar aqıbetinde Rossiya Abxaziya hám Qubla Osetiya ǵárezsizligin tán alıp, olar menen eki tárepleme qatnasıqlar ornattı.

2012-jılı bolıp ótken parlament saylawında oppoziciyalıq «Gruziya ármanı» partiyası jeńiske eristi. Usı partiya wákili Georgiy Margvelashvili prezident etip saylandı.

2016-jılı bolıp ótken parlament saylawlarında da «Gruziya ármanı» jeńiske eristi.



**1992-jıl mayda ...**
**1991-jıl martta Gruziya ...**
**1990-jılı Boku qalasında ...**
**1993-jıl ...**

**Armeniya.** 1991-jıl 21-sentyabrde Armeniyada Respublika dárejesi boyınsha referendum ótkerildi. Onda qatnasqanlardıń basım kópshiligi Armeniyanıń SSSR quramınan shıǵıw ushın dawıs berdi. Bunnan soń «Armeniyanıń mámleket ǵárezsizligi haqqında deklaraciya» qabıl etildi. Usı jol menen referendum Armeniyada Respublika dúzimin ornattı. 1991-jıl oktyabrde bolıp ótken saylawlarda Levon Ter-Petrosyan Armeniyanıń birishi prezidenti etip saylandı.

Armeniyanıń ǵárezsiz mámleketke aylanıwı basqa respublikalarǵa qaraǵanda ózgeshe tiykarda júz berdi. 1980-jıllardıń ekinshi yarımında-aq ǵárezsizlik ushın gúres sırtqı faktor-Tawlı Qarabaq mashqalası qızǵın bir paytta baslandı. Tawlı Qarabaqtı qosıp alıw armeniya jámiyetinde etnikalıq birlesiw, tariyxıy ádalattıń ornatılıwı sıpatında qaraldı. Bul gúres procesinde kommunistlik partiya basshıları ornına kelgen milliy siyasiy elita dúzildi. Usı elita búgin de Armeniyanıń rawajlanıw baǵdarın belgilep kelmekte.

SSSRdıń sońgı jıllarında birinshilerden bolıp awqam orayına qarsı gúres baslaǵan Armeniya, ǵárezsizlikten soń Moskva menen qatnasıqlardı anıq belgilep aldı. Ayırım burıngı respublikalar qatarında sovetlerdiń ayıbı ushın zamanagóy Rossiyanı ayıplamadı. Bunıń sebepleriniń biri Tawlı Qarabaq máselesinde Armeniyanıń Rossiyaǵa tayanıwı edi. Sebebi Armeniyanıń Ázerbayjan hám Túrkiya menen shegaraları ámelde jabıq, Gruziya menen qatnasıqları quramalı, Iran menen bir qansha geosiyasiy kelispewshilikler bar. Usı tárizde Rossiya Armeniyanıń aymaqtaǵı jalǵız awqamlası bolıp qalmaqta. 2008-jılı Armeniya prezidenti etip saylanǵan Serj Sarksyan usı siyasattı ustalıq penen dawam ettirip kelmekte.



Serj Sargsyan

Armeniya sanaatı tiykarınan sovet dáwirinde jaratılǵan. Ol SSSRdıń ishki bazarına stanoklar, úskeneler, toqımashılıq hám basqa da sanaat ónimlerin jetkerip berip, ornına shiyki zat hám elektr energiyasın alatuǵın edı. Awıl xojalıǵı iri agrosanaat kompleksleri bazasında rawajlandı.




**1991-jılı 18-oktyabr kúni Ázerbayjan Respublikası óz ǵárezsizligin daǵaza etti.**

**1991-jılı 9-aprel kúni Gruziya óz ǵárezsizligin daǵaza etti.**

**1991-jıl oktyabrde bolıp ótken saylawlarda Levon Ter-Petrosyan Armeniyanıń birinshi prezidenti etip saylandı.**

Armeniya-industrial-agrar mámleket. Onıń jer astı qazılma baylıqları bir qansha úlken muǵdardı quraydı. Sintetikalıq kauchik, toqımashılıq, azıq-awqat sanaatı, qurılıs materialların islep shıǵarıw hám mashinasazlıq rawajlanǵan.



**Milliy siyasiy elita** (elita-eń jaqsısı, tańlanǵan)-bul jámiyetti basqarıwdıń belgili bir uqıplılıǵına iye bolǵan shaxslar toparı bolıp, olar siyasiy hákimiyattı óz qollarına jámleydi, basshı lawazımların iyeleydi, jámiyetti basqaradı.

### Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Ázerbayjanda A. Elchibey basshılığındağı Milliy qorǵanıw keńesiniń milletshilik shıǵıwları qanday aqıbetlerge alıp keldi?
2. G.Aliev prezidenti etip saylanǵannan soń Ázerbayjannıń ishki hám sırtqı siyasatı qalay ózgerdi?
3. Gruziyada M.Saakashvili alıp barǵan reformalar qanday nátiyjelerge alıp keldi?
4. Armeniyanıń qońsı mámleketler menen qatnasıqlarında qanday faktor tiykarǵı rol oynaydı?
5. Teksten paydalanıp Kavkazartı mámleketlerindegi etnikalıq mashqalalar dizimin dúziń.

### Óz betinshe jumıs



1991-jıldan soń Kavkazartı mámleketleriniń kartasın talqılań hám shegaraların anıqlastırıń.

## 8-TEMA. 1991 – 2017-JÍLLARDA ORAYLÍQ AZIYA MÁMLEKETLERI

Oraylıq Aziya mámleketlerine, ádette Ózbekstannan basqa Qazaqstan, Túrkmenstan, Tájikstan hám Qırǵızstan kiredi.



**Túrkistan ataması qashan payda bolǵan?**

**Qazaqstan Respublikası.** 1991-jılı 16-dekabrde Qazaqstan óz ǵárezsizligin járiyaladı. Usı jılı bolıp ótken prezidentlik saylawlarda Nursultan Nazarbaev Qazaqstannıń birinshi prezidenti etip saylandı. 1993-jılı Qazaqstannıń jańa konstituciyası qabıl etildi. Onda eń úlken wákillikler prezidentke berildi. Húkimet ekonomikalıq reformalardı baslap jiberdi.

1993-jılı noyabrde milliy valyuta-teńge aylanısqa kiritildi. Usı jılı dekabrde Qazaqstan húkimeti iri neft koncernleri menen Kaspiy teńiziniń arqa bóliminde qıdırıw ótkeriw haqqında kelisimge qol qoydı. Iri kárxanalar menshiklestiriw ámelge asırıldı. Usı jıl parlament mámleket paytaxtın Aqmola qalasına kóshiriw haqqında qarar etti. Ol 1998-jılı «Astana» dep atalatuǵın boldı.



Nursultan Nazarbaev

Ótken dáwirde Qazaqstan ekonomikasınıń tiykarǵı tarawları neft, gaz hám metallurgiya bolıp qaldı. Mine usı tarawlardıń esabınan ekonomikanıń basqa tarawlarınıń da jedel ósiwine erisildi.

2007-jılı fevralda N.Nazarbaev prezidentlik wákilliginiń múddetin jeti jıldan bes jılǵa ózgertiw, parlament deputatlarınıń sanın kóbeytiw baslaması menen shıqtı. Bul ǴMDA mámleketlerinde keń tarqalǵan siyasiy texnologiya bolıp, konstituciyada bir adamnıń eki márteden artıq prezident bolıwına qoyılǵan qadaǵalawın shetlep ótiwdiń jolı bolıp qaldı. N.Nazarbaev ta konstituciyaǵa kiritilgen ózgeristen soń prezidentlik saylawına óz kandidaturasın qoyıw imkaniyatına iye boldı.

2010-jılı Qazaqstannıń birinshi prezidenti-El basshısı haqqında nızam qabıl etti. Biraq 2011-jılı Manǵıstaw wálayatında miynet shárayatı hám aylıq is haqılarınan narazı bolǵan neft kánleri jumısshılarınıń ǵárezsizlik dáwirindegi eń iri narazılıq demonstraciyası bolıp ótti. Jańaózen qalasındaǵı tártipsizliklerde 15 adam qurban boldı, onlap demonstraciya qatnasıwshıları qamaqqa alındı.

2015-jılı bolıp ótken náwbetten tıs prezidentlik saylawlarında N.Nazarbaev jeńiske eristi.



Saparmurat Niyazov

**Túrkmenstan.** 1991-jıl 26-oktyabrde referendum ótkerilip, onda qatnasqanlardıń kópshiligi Túrkmenstan ǵárezsizligi ushın dawıs berdi. 1991-jılı dekabrde mámleket ǴMDA na aǵza boldı. 1999-jılı Xalıq Májilisi qararına muwapıq Saparmurat Niyazov mámleket baslıǵı lawazımın ómirlik iyeledi. S.Niyazov húkimeti oppoziciyalıq partiyalardıń xızmetin qadaǵan etti. Ol «Túrkmenbası» dárejesin aldı. S.Niyazovtıń «Ruhnoma» atlı kitabı

ǵalaba xabar qurallarında keń úgit-násiyatlanıp, oqıw jurtlarında oqıtıldı. S.Niyazov 2006-jılı qaytıs boldı. Túrkmenstan prezidenti etip Gurbanguli Berdimuhammedov saylandı.




Oraylıq Aziya mámleketleri



Gurbanguli Berdimuhammedov

Ǵárezsizlik jılları dáslep Túrkmenstan ekonomikası tereń kriziste edi. 1998-jılı JIÓ kólemi 1991-jılǵa salıstırǵanda eki márte kemeyip ketti. Mámlekette azıq-awqat jetispewshiligi júz berdi, xalıqtıń jasaw dárejesi keskin tómenlep ketti. Bir qatar kúndelik tutınıw tovarların puqaralar ortasında biypul tarqatıw hám xızmetlerdi biypul kórsetiw haqqında qarar qabıl etiliwi awhaldı biraz jaqsıladı. Gaz qazıp shıǵarıwdıń ósiwi de mámlekettiń ekonomikasına úlken mádet boldı.

2000-jıllardıń baslarında Túrkmenstan krizisten shıǵıp aldı. Tábiyiy baylıqlıqlar, birinshi orında tábiyiy gazdıń júdá úlken qorları kóplegen mámleketler hám transmilliy korporaciyalardıń itibarın qaratpaqta. Biraq sońǵı waqıtta jáhánde uglevodorodlarǵa talaptıń páseyiwi menen Túrkmenstan ekonomikasınıń ósiw pátleri tómenledi. 2015-jılı mámlekette baslanǵan finanslıq krizis 2016-jılı jáne de eń joqarı shıńına shıqtı.

2017-jılı sentyabr ayında Ashxabat qalasında Jabıq imaratlardaǵı V Aziya oyınları ótkerildi. Bul oyınlar Túrkmenstannıń sayaxatshılıq uqıplılıǵın asırıwǵa hám shet el investiciyalarınıń kóbeyiwine xızmet etiwi múmkin.

**Tájikstan.** 1991-jılı 9-sentyabrde Tájikstan óz ǵárezsizligin daǵaza etti. Ǵárezsizlikten keyin mámlekettiń túrli aymaqlarında jergilikli elitalar ortasında hákimiyat ushın gúres qızıp ketti. Bul gúres 1992-jıldan 1997-jılǵa shekem dawam etken puqaralar urısına alıp keldi. Urıstan mámleket júdá úlken ekonomikalıq zıyan kórdi.



Imomali Rahmonov

1994-jıl 6-noyabrde Tájikstan konstituciyası qabıl etildi hám usı kúni ótkerilgen prezidentlik saylawlarda Imomali Rahmonov Tájikstan Prezidenti etip saylandı.

Mámlekette tınıshlıq ornatılǵannan soń, húkimet Rossiya, Qıtay, Iran menen birge islesip, mámleket ekonomikasın tiklewge kiristi. Tájikstan tawlı úlke bolǵanlıǵı ushın onıń gidroenergetika imkaniyatları úlken.



**1992-jıldan 1997-jılǵa shekem...** **1994-jılı ...**
**2000-jılı ...** **2017-jılı ...**

Tájikstan 2000-jılı Evraziya ekonomikalıq birge islesiwdi shólkemlestiriw haqqındaǵı shártnamaǵa qol qoydı. Ol Shanxay birge islesiw shólkemine, Kollektiv qáwipsizligi haqqındaǵı shártnama shólkemine qosıldı. Tájikstan, Rossiya, Qıtay, Iran menen birge islesiwde bir neshe iri investiciyalıq joybarlardı ámelge asırıw baslandı.

**Qırǵız Respublikası.** 1991-jılı 31-avgustta Qırǵızstan óz ǵárezsizligin daǵaza etti. Bunnan soń demokratiyalıq procesler jáne tereńlesip, ulıwma xalıqlıq prezidentlik saylawları ótkerilip, onda Asqar Akaev jeńip shıqtı. Ol mámlekette demokratiyalıq reformalardı ótkerip, xalıqaralıq shólkemlerdiń kóz aldında Qırǵız Respublikasın demokratiyalıq mámleketke aylandırıp



Asqar Akaev

barıwda kóp reformalardı ámelge asırdı. Biraq A.Akaev hákimiyatta turǵan 15 jıl ishinde xalıqtıń awhalı jeterli dárejede jaqsılanbadı. Jámiyette narazılıq hám sociallıq qıyınshılıq kúsheydi.

A.Akaevtı hákimiyattan awdarıp taslaǵan 2005-jılǵı «Lalalar revolyuciyası» júdá tez hám úlken joǵaltıwlarsız ámelge asırıldı. Hákimiyatqa kelgen Qurmanbek Bakiev kúsh isletiw sistemalarına tayanıp, jámiyette jeke húkmranlıǵın bekkemlewge, oppoziciyanı pútkilley tamamlawǵa háreket etti. Biraq bul háreket uzaqqa barmadı. 2010-jılı «Aprel revolyuciyası» dep atalǵan ǵalaba háreket nátiyjesinde Q.Bakiev húkimeti awdarıp taslandı. Ol shańaraq aǵzaları menen mámleketten qashıp ketti. Mámlekette tártipti saqlaw ushın Roza Otunbaeva basshılıǵında waqıtsha húkimet shólkemlestirildi.




**1991-jılı 16-dekabrde Qazaqstan óz ǵárezsizligin daǵaza etti.**

**1991-jılı 9-sentyabr kúni Tájikstan óz ǵárezsizligin daǵaza etti.**

**1991-jılı 31-avgustta Qırǵızstan óz ǵárezsizligin daǵaza etti.**

Biraq hákimiyattıń kúshsizliginen paydalanıp milletshi hám ekstremistlik kúshler 2010-jıl iyunda Qubla Qırǵızstannıń Osh hám Jalolobod qalalarında bul jerdegi ózbek elatlarına qarsı til biriktiriwler uyımlastırdı.



Almazbek Atambaev

2011-jılı oktyabrde bolıp ótken saylawlarda Qırǵızstan social-demokratiyalıq partiya jetekshisi Almazbek Atambaev prezident etip saylandı.

Ǵárezsizlik jıllarında Qırǵız Respublikası awır ekonomikalıq krizisti basınan keshirdi. 1996-jılı ekonomikalıq turaqlılıq procesi baslandı. Bul dáwirde bazar ekonomikasına ótiw ushın reformalar ótkerilip, olar 2000-jıllardan ekonomikalıq ósiwge alıp keldi. Tiykarǵı sanaat kárxanaları menshiklestirildi, jerge jeke múlkshilik engizildi. Altın hám sınap qazıp alıw keskin arttırıldı. Qırǵızstan altın qazıp alıw boyınsha ǴMDAda Rossiya hám Ózbekstannan keyin úshinshi orınǵa shıqtı. 2017-jılı sentyabrde Ózbekstan Respublikası Pre-

zidenti Shavkat Mirziyoevtıń Qırǵızstanǵa, A.Atambaevtıń usı jılı oktyabrde Ózbekstanǵa keliwi eki mámleket ortasındaǵı qatnasıqlardıń keskin jaqsılanıwına alıp keldi.

Qırǵızstanda ekonomikanıń ósiwi jámiyettińde turaqlasıwına alıp keldi. 2017-jıl oktyabrde ótkerilgen prezidentlik saylawlar nátiyjesine kóre húkimran social-demokratiyalıq partya wákili Sooronbay Jeenbekov jeńiske eristi. Ol 2017-jıl dekabrde Ózbekstanǵa rásmiy shaqırıw menen kelip, bir qatar shártnamalarǵa qol qoydı.



**Siyasiy texnologiya** – bul siyasiy xızmettiń belgili bir usılları bolıp, olardan jámiyettiń sanasına tásir ótkeriw arqalı belgili bir siyasiy maqsetke erisiw ushın paydalanadı.

**Transmilliy korporaciya** – bul bir neshe mámleketlerde islep shıǵarıw bólimlerine iye bolǵan hám xızmetiniń tiykarın xalıqaralıq biznes quraytuǵın kompaniya.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Ǵárezsizlik jıllarında Qazaqstan ekonomikası tiykarınan qaysı tarawlar esabınan rawajlandı?
2. G.Berdimuhammedov prezident etip saylanǵannan soń Túrkmenstannıń ishki siyasatında qanday ózgerisler júz berdi?
3. Tájikstanda puqaralar urısı qanday aqıbetlerge alıp keldi?
4. Ne ushın Qırǵızstanda A.Akaev prezidentligi dáwiri narazılıq hám revolyuciyaǵa alıp keldi?

## Óz betinshe jumıs



Internet qurılmasınan «Túrkistan – ulıwmalıq úyimiz» temasında esse jazıń hám klasta kishi toparlarda prezentaciya ótkeriń.

# 9-TEMA. BATÍS MÁMLEKETLERINDE INTEGRACIYALASIW PROCESINIŃ JEDELLESIWI. EA HÁM AQSH QATNASÍQLARÍ


Evropada integraciyalasıw processi

**Integraciyalasıw procesleri hám olardıń nátiyjeleri.** XX ásirdiń ekinshi yarımında baslanǵan kapital, tovarlar, xızmet kórsetiw hám jumısshı kúshlerdiń erkin háreketleniwi Batıs Evropa mámleketlerinde rawajlanıw hám jasaw dárejesin bir-birine jaqınlastırdı. Jumısshı kúshlerdiń rawajlanǵan mámleketlerge máwsimli yaki shártnama tiykarında jumısqa barıwı tómen rawajlanǵan mámleketlerde jumıssızlıq mashqalasın sheshiwge kómeklesti. Artta qalǵan aymaqlardı rawajlandırıw ulıwma evropalı baǵdarlamaları da bul aymaqlardıń ekonomikalıq ósiwine járdem berdi.



**Ekinshi jáhán urısı Evropa mámleketleri ushın qanday nátiyjeler menen juwmaqlandı?**

Integraciya tásirinde rawajlanǵan Evroatlantika mámleketlerinde áste-aqırın birden-bir ekonomikalıq siyasat modeli qáliplesip bardı. Olardıń ortasındaǵı tiykarǵı ózgeshelik ekonomika ústinen mámleket qadaǵalawınıń dárejesi, oǵan tásir kórsetiw usılları menen baylanıslı edi.

1990-jıllardan baslap Evropa integraciyanıń keyingi rawajlanıwı eki jónelis boyınsha bardı. Birinshiden, jańa aǵzalardı qabıl etiw baǵdarı bolıp, 1996-jılı aǵzalardıń sanı 15 ke jetti. 2002-jılı Kopengagende (Daniya) bolıp ótken ushırasıwda Evropa awqamına jańa aǵzalar-Vengriya, Kipr, Latviya, Litva, Malta, Polsha, Slovakiya, Sloveniya, Chexiya, Estoniya qabıl etildi. Álbette, jańa aǵzalar ushın ótiw dáwiri kózde tutılǵan bolıp, bul dáwir ishinde olar óz nızamshılıǵın, finanslıq hám ekonomikalıq sistemasın birden bir Evropa talaplarına sáykeslendiriwi lazım edi. Olarǵa ózleriniń ishki mashqalaların sheshiw ushın Evropa awqamınıń byudjetinen subsidiyalar berildi.

Ekinshiden, integraciyanıń tereńlesiwinde Evropa mámleketlerinde ózara siyasiy qatnasıqlar tarawın da qamtıp alıw jolınan bardı. Evro-

pa parlamentiniń dárejesi astı, Evroparlamentke tuwrıdan-tuwrı saylawlar ótkeriletuǵın boldı. 1987-jılı Evropa Ekonomikalıq Birge islesiw shólkemin EA na aylandırıw menen ol «ishki shegarasız mákan» bolıp qaldı. 1993-jılı birden bir Evropa puqaralıǵın támiyinlegen Maacrixt kelisimleri kúshke kirdi. EA na kiriwshi mámleketlerdiń puqaraları heshqanday vizasız Awqamnıń qálegen mámleketinde ózi qálegen múddette jasawı hám jergilikli saylawlarǵa qatnasıwı múmkin boldı. Nızamshılıqtı birdeylestiriw huqıqıy normativlerdiń birden-bir Evropa sistemasınıń dúziliwine alıp keldi. 2002-jılı Evropada (Ullı Britaniyadan basqa) birden-bir valyuta – evronıń engiziliwi EA mámleketlerin jáne de jaqınlastırdı. Kelisilgen birden-bir sırtqı hám qorǵanıw siyasatı alıp barılmaqta. Endi Evropa Awqamına ámelde konfederaciya tipindegi birden-bir mámleket dúzilmesi sıpatında qaraw múmkin boldı. Evroatlantika mámleketleriniń keyingi integraciyası Batıs Evropa menen Arqa Amerika mámleketleriniń jáne de jaqınlasıwı tiykarında júz bermekte.



**1987-jılı ...** **Maacrixt kelisimleri ...**

Biraq sońǵı payıtları EA na kiriwshi bir qatar mámleketlerdiń qarızınıń hádden ziyat asıp ketiwi úlken mashqalalardı keltirip shıǵardı. 2015-jılǵı saylawlarda Greciyada hákimiyatqa kelgen A.Sipras basshılıǵındaǵı sollar húkimeti mámlekettiń qarızın kreditorlar qoyǵan shártler boyınsha úze almaytuǵınlıǵın daǵazaladı. Bunnan soń ótkerilgen referendumda Greciya xalqınıń kópshiligi húkimetti qollap dawıs berdi. Greciya húkimeti qarızlardıń bir bóliminen bas tartıwın talap etti. Greciya qarızın restrukturizaciya etiw haqqında Evrokomissiya kelisimine erisken bolsa da, Evropa oraylıq banki hám Xalıqaralıq valyuta fondı menen sóylesiwler jáne dawam etti.

Italiya hám Ispaniyanıń da qarızları júdá úlken muǵdardı quradı. Usı payıtta EAda ekonomikalıq tárepten jetekshilik qılıp turǵan Germaniya hám Franciyanıń siyasiy basımınan da narazılıq kúsheyip barmaqta. Bul narazılıqtıń ayqın kórinisi Ullı Britaniyada 2016-jıl iyunda ótkerilgen referendum bolıp, onda qatnasqan xalıqtıń yarımınan kóbi mámlekettiń Evropa Awqamınan shıǵıw ushın dawıs berdi. 2016-jıl sentyabrde Bratislava

qalasında bolıp ótken EA basshıları májilisine dáslepki ret Ullı Britaniya bas ministri qatnaspadı. Onda bayanat jasaǵan GFR kansleri A.Merkel EA awır kriziste ekenligin tán aldı.

Bul krizistiń jáne bir kórinisi 2017-jıl oktyabr ayında Ispaniyanıń Kataloniya avtonom walayatında ótkerilgen referendum boldı. Onıń nátiyjeleri boyınsha Kataloniya ǵárezsizligi daǵaza etildi. Biraq Madridtegi oraylıq hákimiyat referendum nátiyjelerin tán almadı, Kataloniya húkimeti aǵzaların qamaqqa aldı hám avtonomiyanıń tuwrıdan tuwrı Madridten basqarılıwın daǵaza etti.

**EA hám AQSH qatnasıqları.** «Salqın urıs» juwmaqlanıp, kommunizm qáwpi saplastırılǵannan soń AQSH penen EA ortasındaǵı qatnasıqlarda da ózgerisler júz berdi. 1990-jılı EA hám AQSH ortasında Deklaraciya-Transatlantika xartiyasına qol qoyıldı. Onda eki tákreptiń jaqınnan birge islesiwi, áhmiyetli máseleler boyınsha másláhátlesiwleri kórsetilip ótildi.




**2002-jılı Kopengagende (Daniya) bolıp ótken ushırasıwda Evropa awqamına jańa aǵzalar-Vengriya, Kipr, Latviya, Litva, Malta, Polsha, Slovakiya, Sloveniya, Chexiya, Estoniya qabıl etildi.**

**2002-jılı Evropada (Ullı Britaniyadan basqa) birden-bir valyuta – evro engizildi.**

**2015-jılǵı saylawlarda Greciyada hákimiyatqa A.Sipras saylandı.**

AQSH penen EA ortasındaǵı qatnasıqlardıń ózine tán tárepi sonda, onda dástúriy eki tárepleme shártnamalar joq. Bul qatnasıqlar xalıqaralıq shólkemlerdiń normativ hám qaǵıydaları menen tártipke salınadı.

2007-jılı AQSH penen EA Transatlantika ekonomikalıq integraciyanı tereńlestiriw tuwralı kelisimge qol qoydı hám Transatlantika ekonomikalıq keńesi engizildi. Biraq tárepler bul kelisimdi tolıq ámelge asırıwǵa asıqpadı. 2000-jıllar dawamında bir qansha kelisimlerge qol qoyılıp, olar tárepler ortasındaǵı baylanıslardıń hár túrli jeke táreplerin tártipke salıwǵa qaratıldı.

AQSH penen EA dúnyada iri energiya tutınıwshıları bolıp, olar atmosferaǵa eń kóp zıyanlı zatlardı shıǵaradı. 2000-jıllardıń baslarında eki tárep energetika nátiyjeliligi, qáwipsizlik hám klimat ózgerisi haqqında bayanat, klimat ózgerisi haqqında BMSHniń Parij konvenciyasına qol qoydı. Biraq 2017-jılı prezident D.Tramp mámlekettiń bul konvenciyadan shıǵıwın

dağaza etti. AQSH penen EA ortasındağı qatnasıqlarda málim kelispewshilikler bar. Bul kelispewshilikler ásirese xalıqaralıq mashqalalardı sheshiwge jaqınlasıwlardağı ayırmashılıqlarda keskin kózge taslanbaqta. AQSH xalıqaralıq waqıyalardı sheshiwde kúshke tayanıw tárepdarı, EA bolsa diplomatiyalıq imkaniyatlardan aqırına shekem paydalanıw lazım dep esaplaydı. Usığan qaramastan, olar ózara siyasiy, áskeriy-strategiyalıq hám ekonomikalıq birge islesiw mápleri arqalı bir-biri menen úzliksiz baylanısqan, AQSH hám EA birden bir Yevroatlantik civilizaciyanıń wákilleri bolıp, bul olar ortasındağı qatnasıqlardı belgilewshi tiykarğı faktor bolıp esaplanadı.



**Kapital** – bul qosımsha úles alıwda paydalanatuğın materiallıq, intellektual hám finanslıq qurallar jıyındısı.

**Subsidiya** – mámleket yaki basqa qandayda bir mákeme tárepinen basqa mámleket, mákeme, ayırım shaxsqa kórsetiletuğın finanslıq yaki materiallıq járdem.

**Restrukturizaciya** – bul qarız yaki kreditti tólew shártlerin qayta kórip shığıw hám ózgertiriw.



**1990-jılı ...**
**2015-jılğı ...**
**1987-jılı ...**
**2017-jılı ...**

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. 1990-jılları Evropa integraciyası qanday bağdarlar boyınsha dawam ettirildi?
2. Ullı Britaniyanıń EA nan shığıwına qanday faktorlar sebep boldı?
3. EA hám AQSH qatnasıqları qanday hújjetke tiykarlanğan?
4. EA hám AQSH ortasında qanday máseleler boyınsha kelispewshilikler bar?

## Óz betinshe jumıs



Internet qurılmasında Transatlantika xartiyasınıń mazmunı-áhmiyeti menen tanısıń.

# 10-TEMA. 1991 – 2017-JÍLLARDA AMERIKA QURAMA SHTATLARÍ

**Ekonomikalıq rawajlanıw.** 1990-jıllardıń basında AQSH ekonomikasında qısqa múddetli recessiya gúzetildi. Ósiw pátleriniń tómenlewi xojalıqtıń barlıq tápeplerin qamtıp aldı. Biraq, 1992-jıldıń báhárinen jalpı ishki ónimlerdiń ósiw pátleri jáne jedellese basladı.


Bill Klinton

Bill Klinton prezidentliginiń dáslepki úsh jılı AQSH tıń ekonomikalıq rawajlanıwı ushın tabıslı keshti. Bul dáwirde ekonomikalıq konyunktura jaqsılanıp, jumıssızlıq dárejesi hám inflyaciyanıń tómenlewine alıp keldi.

B.Klinton prezidentliginiń ekinshi múddetinde onıń hákimshiligi sociallıq tarawdı rawajlandırıwǵa úlken itibar qarattı. Federal qárejetlerdiń tiykarǵı bólimi insan resursların rawajlandırıwǵa sarıplandı. AQSHtı sociallıq mámleketke aylandırıw baslandı. Bul siyasat B.Klintonnıń «jańa ekonomikalıq filosofiyası» atın aldı.



**AQSH tariyxında «Uotergeyt isi» qaysı prezident atı menen baylanıslı?**

XXI ásirdiń basına kelip AQSH ekonomikası texnikalıq rawajlanıwdıń tiykarǵı deregine aylandı. Dúnya boyınsha jańa texnologiyalardı jaratıwǵa sarıplanıp atırǵan barlıq qárejetlerdiń 1/3 bólimi AQSH úlesine tuwra keledi. Dúnyada islep shıǵarıwda jetekshi poziciyanı támiyinlep turǵan makrotexnologiyalardıń da yarımı AQSHqa tiyisli edi. Jáhánniń ekonomikalıq jetekshisi bolǵan AQSH dáwir mashqalaların tabıslı sheship, XXI ásirge jańa ekonomika menen kirip keldi. Biraq 2007-2008-jılları AQSHtıń finans sektorında baslanǵan krizis 2009-jılǵa kelip dúnya kólemindegi global recessiyaǵa aylanıp ketti. 2009-jılı jáhánde islep shıǵarılǵan JIÓ Ekinshi jáhán urısınan beri birinshi márte keri kórsetkishke túsip ketti. Jumıssızlıqtıń misli kórilmegen dárejede ósiwi miynet bazarın gúzetiwdiń pútkil tariyxı dawamında eń joqarı kórsetkishke jetti hám 2009-jılı dúnyada jumıssızlar sanı 200 mln. ǵa jaqın adamdı quradı. Kólemi hám aqıbetleri boyınsha bul krizisti tek 1930-jıllardaǵı Ullı dep-

ressiya menen teńlestiriw múmkin. AQSH ekonomikası 2014-jılǵa kelip te tolıq tiklenbedi.



Amerika Qurama Shtatları

**Siyasiy rawajlanıw.** 1980-jıllar-1990-jıllardıń basları neokonservatizm ideyasınıń jeńisli dáwiri boldı. Bul jıllar AQSH ishki rawajlanıwda da, xalıqaralıq maydanda da úlken tabıslarǵa eristi. Usıǵan qaramastan, 1992-jılǵı prezidentlik saylawlarda respublikashı J.Bush kútilmegende jas demokrat B.Klintonnan jeńilip qaldı. Biraq demokratlar óz jeńisin bekkemley almadı. 1994-jılǵı aralıq saylawlarda demokratlar qattı jeńiliske ushıradı. Eki palatada da kópshilik orınlardı, kóplegen shtatlarda gubernatorlıq lawazımlardı da respublikashılar iyeledi. Respublikashılar partiyasınıń abıroyı hám tásirin tiklew ushın qolaylı sharayat payda boldı. Biraq demokratlardıń ishki hám sırtqı siyasatındaǵı tabısları 1996-jılǵı saylawlarda B.Klintonnıń ekinshi ret jeńisin támiyinledi. B.Klinton hákimshiligi sociallıq tarawdı óz siyasatınıń ústem jónelisi dep daǵaza etti.



Barak Husayn Obama

2000-jılğı saylawlarda jáne respublikashılar wákili kishkene Jorj Bush prezident etip saylandı. Onıń ekinshi múddet prezidentlik dáwirinde AQSH ekonomikalıq krizisti basınan keshirdi. Nátiyjede 2008-jılı bolıp ótken saylawlarda demokratiyalıq partiyadan jalğız kandidat Barak Obama AQSH prezidenti etip saylandı.

B. Obama prezidentliginiń ekinshi dáwirinde Irak hám Siriyadağı jağdaylardıń awırlasıwı, Evropa mámleketler hám AQSHtıń ózinde de terroristlik qáwiptiń kúsheyiwi sıyaqlı bir qatar mashqalalar prezident hám onıń hákimshiliginiń abıroyın túsirip jiberdi.




**1992-jıldıń báhárinen jalpı ishki ónimlerdiń ósiw pátleri jáne jedellese basladı.**

**1992-jılğı prezidentlik saylawlarda respublikashı J.Bush kútilmegende jas demokrat B.Klintonnan jeńildi.**



Donald Tramp

Nátiyjede 2016-jılı bolıp ótken prezidentlik saylawlarda demokratlar partiyasınan kandidat Xillari Klinton uttırıp qoydı. AQSHtıń náwbettegi prezidenti etip respublikashılar partiyasınan kandidat Donald Tramp saylandı.

D.Tramp ishki siyasatta Amerikanıń ullılığın tiklew, sırtqı siyasatta bolsa mámleketlerdiń ishki jumıslarına aralaspawdı dağaza etti. Biraq prezidentlik saylawlarğa rossiyalı xakkerlerdiń aralasqanlığı haqqındağı gúmanlar hám de prezident járdemshisiniń Rossiya elshisi menen qupiya ushırasıwları D. Tramptıń abıroyın túsirip jiberdi. Bul bolsa oğan óziniń saylawdan aldıńğı wádelerin orınlawğa imkaniyat bermey atır.

**Sırtqı siyasat.** 1990-jılları AQSH sırtqı siyasatınıń tiykarğı principleri óz áhmiyetin saqlap qaldı. Joqarı dárejede rawajlanğan sanaat mámleketi bolğan AQSH túrli aymaqlarda óziniń turmıslıq áhmiyetli máplerin qorğaw ushın tek ğana áskeriy qurallarğa iye bolıp qalmastan, Sanaat, sawda, finanslıq, ilimiy-texnikalıq, mádeniy hám basqa da quralları da jáhán siyasatında júdá úlken áhmiyetti quraydı. AQSH xalıqaralıq maydanda usı qurallardıń barlığınan ónimli paydalanbaqta.

**2009-jılı dúnyada jumıssızlar sanı ...** **1992-jılğı ...**
**1980-jıllar-1990-jıllardıń basları ...** **1994-jılğı ...**

B. Obama prezidentliginiń birinshi dáwirinde dúnyada kúsh qollanıwshılıqqa, ekstremizm hám terrorizmge qarsı gúres AQSH tıń dúnyadağı jetekshilik poziciyasın tiklew húkimettiń sırtqı siyasatınıń ústem bağdarı dep dağaza etti. 2009-jılı dúnyanı yadro qurallarınan qutqarıw, xalıqlar ortasında birge islesiwdi rawajlandırıw jolında etken háreketleri ushın B.Obamağa Nobel tınıshlıq sıylığı berildi. Biraq ekstremizm hám terrorizmge qarsı gúres Awğanstanda tolıq juwmaqlanbay turıp, Jaqın Shığısta keskinliktiń jańa oshağı payda boldı. Irakta Saddam Huseyn rejimi awdarılğannan soń Siriyadağı Bashar Asad rejimine qarsı gúreste sheklengen oppoziciyashılardı qollap quwatlağan AQSH húkimeti ISHIM kórinisindegi jańa terroristlik topardıń payda bolıwına sebep boldı. Nátiyjede AQSH tıń dúnyadağı jetekshi mámleket sıpatındağı abıroyına zıyan etti.

D. Tramp hákimshiligine bir qatar sırtqı siyasiy mashqalalar miyras qaldı. Olar dáslep xalıqaralıq terrorizmge qarsı gúres hám de Jaqın Shığıs hám Awğanstandağı jağday menen baylanıslı. Sonday-aq Qıtay hám Rossiya menen qatnasıqlarda da kelispewshilikler bar bolıp, olarda Tramptan diplomatiyalıq jedellilikti talap etpekte.

2017-jılı noyabrde D.Tramp Qıtayğa etken rásmiy saparı dawamında eki mámleket ortasında qatnasıqlardıń jıllılığına, júdá úlken muğdardağı sawda hám investiciya kelisimlerine eristi.

**Ekonomikalıq konyunktura** – bul puldıń háreketi, payız stavkaları, valyuta kursı, is haqı, sonday-aq, islep shığarıw hám tutınıwshılar dinamikası menen xarakterleniwshi ekonomikanıń jağdayı, onıń jedellik dárejesin bildiredi.

**Makrotexnologiya** – bul belgilengen parametrlerge qaray belgili ónim túrin jaratıw boyınsha barlıq texnologiyalıq procesler (ilimiy-texnikalıq izleniwler, konstruktorlıq jumıslar, islep shığarıwdı tayarlaw, islep shığarıw, satıw hám joybar servis qollap-quwatlaw) toplamı.

**Poziciya** – jağday, belgili waqıya yaki hádiysege qarata qatnasıq.

**Recessiya** – bul ekonomikada islep shığarıwğa qarata ortasha, onsha qáwipli bolmağan tómenlewdi yaki ekonomikalıq ósiw pátleriniń ásteleniwin ańlatadı.

### Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. B.Klintonnıń «jańa ekonomikalıq siyasatı» AQSHta qaysı tarawdı rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵan edi?
2. B.Obama prezidentliginiń ekinshi múddetinde júzege kelgen qanday mashqalalar prezidenttiń abıroyın túsirip jiberdi?
3. AQSH dúnyada óziniń turmıslıq máplerin qorǵaw ushın qanday qurallardan paydalandı?
4. B.Obama prezidentligi dáwirinde AQSH qanday mashqalalarǵa dus keldi?

### Óz betinshe jumıs



Kartadan paydalanıp AQSH shtatların tabıń hám tariyxıy haqıyqatlıq penen baylanıstırıp túsinik beriń.

## 11-TEMA. 1991 – 2017-JÍLLARDA GERMANIYA FEDERATIV RESPUBLIKASÍ

**GFR 1990-jıllarda.** 1980-jıllardıń aqırında Germaniyanıń eki bólimin birlestiriw boyınsha sóylesiwler nátiyjeli juwmaqlandı. 1990-jılı 3-oktyabr kúni birden bir Germaniya mámleketi shólkemlestirilgenligi daǵaza etildi. 1990-jılı dekabrde náwbetten tıs parlament saylawları bolıp ótti.



**Germaniya mámleketi qashan hám ne sebepten eki bólimge bólinip ketken edi?**

1990-jılı Germaniya ushın áhmiyetli jıl boldı. Eki Germaniyanıń birlesiwi GDRdaǵı ekonomikalıq qalaqlıqtı saplastırıw wazıypasın keskin qoydı. GDRda bazar mexanizmlerin engiziw tiykarınan GFR tárepinen qarjılandırıldı. 1994-jılı bolıp ótken saylawlarda xristian-demokratlar menen liberallar koaliciyasınıń poziciyası jáne de bekkemlendi. Germaniya social-demokratiyalıq partiyası (GSDP) jetekshi oppoziciyashı partiya bolıp qala berdi. «Jasıllar» partiyası da bir qansha úlken kúshke aylandı.

1990-jıllardıń birinshi yarımında ekonomikalıq rawajlanıw pátleri aldıńgıday joqarı bolmasa da, GFR dúnyanıń jetekshi mámleketleriniń biri bolıp qala berdi. Mámlekette kúshli sociallıq siyasat alıp barıldı. Puqaralar jeterli dárejede ózlerin qorǵalǵanlıǵın sezdi. Biraq usı jılları jumıssızlıq dárejesi júdá joqarı bolıp, bul Germaniya tariyxında eń joqarı kórsetkish edi.

Usınday sharayatta 1998-jılǵı parlament saylawlarında GSDP jeńiske eristi. Gerxard Shryoder húkimeti ekonomikada hám sociallıq tarawda tereń reformalardı basladı: kárxanalar ushın eń qolaylı shárayatlar jaratıw, kishi hám orta biznesti qollap quwatlaw hám nátiyjede jumıssızlıqtı azaytıw reformalardıń maqseti etip belgilendi. Finans sistemasın qayta qurıw, pensiya, medicinalıq xızmet hám sociallıq qamsızlandırıw sistemasın reforma etiw baslandı.


Gerxard Shryoder

**Germaniya XXI ásirde.** XXI ásir baslarına kelip Germaniya sociallıq-ekonomikalıq hám ilimiy-texnikalıq rawajlanıwda sezilerli nátiyjelerge eristi. Ol Evropada eń kúshli ekonomikalıq imkaniyatlarǵa iye bolıp, JIÓniń kólemi boyınsha AQSH hám Yaponiyadan keyingi dúnyada úshinshi orındı iyeledi.


Angela Merkel

2005-jılı sentyabrde bolıp ótken saylawlarda birde bir partiya pútkilley ústinlikke erise almadı. Noyabrde bolıp ótken bundestag (parlament) májilisinde A.Merkel GFR kansleri etip saylandı. Ol birinshi hayal-kansler, pútkil GFR tariyxındaǵı eń jas federal kansler boldı.

A. Merkel federativ sistemanı reforma etiw, byurokratiyaǵa qarsı gúresiw, ilimiy izertlewlerdi rawajlandırıw, energetika, byudjet, finans hám shańaraq, miynet bazarı tarawındaǵı siyasatı hám de densawlıqtı saqlaw sistemasın reforma etiw haqqındaǵı baǵdarlamalardı daǵaza etti.

**1990-jıl ...**
**1998-jılǵı ...**
**1994-jıl ...**
**«Jasıllar» partiyası ...**

Biraq 2008 – 2009-jıllardaģı krizis basqalar qatarı Germaniya ekonomikasınada úlken zıyan jetkerdi. Tek ǵana 2014-jılǵa kelip Germaniyanıń ekonomikalıq ósiw pátleri krizisten aldıńǵı kórsetkishlerine jetip aldı. 2015-jılı A.Merkeldiń hákimiyatqa kelgenliginiń on jıllıǵı belgilendi. «Merkel dáwiri» mámleket tariyxındaǵı áhmiyetli dáwir bolıp, onda Germaniya Evropa awqámınıń jetekshi mámleketine aylandı. A.Merkel dúnyanıń eń abıroylı siyasatshılarınıń biri bolıp qalmaqta.



Germaniya Federativ Respublikası

2014-jılı Ukrainada júz bergen hákimiyat almasıwınan keyin Germaniya Rossiyanıń Qırımdı qosıp alıwına qarsı qatań poziciyanı iyeledi hám basqa Evropa mámleketleri qatarı Rossiyaǵa qarsı sankciyalar daǵaza etti. A. Merkeldiń Rossiya basshıları menen qatnasıqlari quramalıǵınsha qalmaqta. Usıǵan qaramastan 2015-jıl may ayında Evropanı fashizmnen azat etkenlerdi eske alıw ushın A. Merkel Moskvaǵa keldi. 2015-jıldıń aqırına kelip onıń abıroyı biraz tómenledi. Buǵan Siriyadan hám urıs háreketleri dawam etip atırǵan basqa mámleketlerden kelip atırǵan qashqınlardıń mashqalası sebep bolmaqta.

Qashqınlardıń nemis jámiyetine kónligiw procesi bir qansha qıyın keshpekte. Olardıń kópshiligi ushın bul júdá úlken psixologiyalıq kriziske aylanbaqta. Máselen 2016-jılı kelip shıǵıwı iranlı bolǵan 18 jasar Ali Sonboli Myunxen qalasındaǵı sawda orayında «Men nemispen!». degen qıshqırıwlar menen adamlarǵa qarata oq attı. Nátiyjede 9 adam qurban boldı, onlap adamlar jaraqatlandı. A.Sonboli ózin-ózi atıp óltirdi.

Bul procesler A.Merkel hám ol basshılıq etip atırǵan XDA partiyası abıroyınıń tómenlewine alıp keldi. GFR quramına kirgen jerlerde ótkerilgen jergilikli saylawlarda bul anıq kórinis bermekte.

2017-jıl sentyabrde bolıp ótken parlament saylawlarında A.Merkel bashlıǵındaǵı koaliciya 33% dawıs aldı. Bul húkimetti dúziw ushın jeterli bolmadı. Bir qatar partiyalar menen koliciya dúziw ushın ótkerilgen sóylesiwler usı jıldıń noyabr ayında nátiyjesiz juwmaqlandı.

**A.Merkel GFR tariyxındaǵı eń jas federal kansler lawazımın iyelegen.**

**1998-jılǵı parlament saylawlarında GSDP jeńiske eristi.**

Usıǵan qaramastan zamanagóy Germaniyanıń sociallıq hám mádeniy jetiskenlikleri bir qansha úlken. Bulardıń hámmesi turmıstıń jańa XXI ásir talaplarına juwap bere alatuǵın joqarı sıpattı jaratıw imkanın berdi.

### Bekkemlew ushın soraw hám juwaplar

1. Gerxard Shryoder húkimeti ekonomikada hám sociallıq tarawda qanday tereń reformalar ótkerdi?
2. «Merkel dáwiri» mámleket tariyxında qanday orın tutadı?
3. Germaniyada A.Merkel dáwiriniń sırtqı siyasatı haqqında nelerdi bilesiz?
4. Zamanagóy Germaniyada búgin qanday mashqalalar bar?

### Óz betinshe jumıs

Kartadan paydalanıp Germaniyadaǵı hákimshilik birlikler-di tabıń hám dápterińizge jazıń.

## 12-TEMA. 1991 – 2017-JÍLLARDA ULLÍ BRITANIYA


Jon Meyjor

**Ullı Britaniya XX ásir aqırında.** 1990-jılı Ullı Britaniya bas ministri etip saylanǵan Jon Meyjor siyasatı M.Tetcher dáwirindegi neokonservatizm kursın dawam ettiriwge, usı waqıtta «tetcherizm»niń avtoritar basqarıwına awısıw jaǵdaylarınan hám basqa qaldıqlardan áste-áqırınlıq penen waz keshiwge qaratılǵan edi. Biraq onıń kóplegen saylaw aldı wádeleri ámelge asırılmastan qalıp ketti. Usıǵan qara-mastan, 1992-jıl báhárde bolıp ótken parlament saylawları

J. Meyjordıń taktikasınıń tuwrılıǵın kórsetti. Konservatorlar partiyası saylawlarda jeńiske eristi.

**Ullı Britaniyada M.Tetcher dáwirinde qanday reformalar ámelge asırıldı?**

1990-jıllardıń birinshi yarımında Ullı Britaniya ekonomikası uzaq múddetli recessiya dáwirin basınan keshirdi. Inflaciya júdá joqarılap ketti. Salıq sistemasın reformalawǵa urınıw tabıs keltirmedi, kerisinshe konservatorlar partiyasınıń abıroyına keri tásir etti. 1990-jıllardıń ekinshi yarımınan ekonomikalıq ósiwdiń baslanıwı da konservatorlar partiyasınıń abıroyın kótermedi. J.Meyjor «tetcherizm»nen qatań uzaqlasıp, óziniń ǵárezsiz kursın islep shıǵa almadı.




Ullı Britaniya

Usınday jaǵdayda ózlerine jańa jetekshi hám jańa ideologiyalıq baǵdarlamanı tańlaǵan Leyboristler partiyası 1997-jıl may ayında bolıp ótken parlament saylawlarında jeńiske eristi. Partiya jetekshisi jas Entoni Bler húkimet baslıǵı boldı. Endi olar ózlerin «jańa leyboristler» dep atadı.


Entoni Bler

E.Bler kabineti xızmetiniń tiykarǵı baǵdarı konstituciyalıq reforma boldı. E.Bler hám onıń sheriklerniń pikirinshe reformalar Shotlandiya hám Uelske avtonomiya, Angliya aymaqlarına kóbirek ǵárezsizlik beriwdi, saylaw haqqındaǵı nızamdı reforma etiwdi, joqarı palatanı qayta shólkemlestiriw hám onıń saylanıwın engiziwdi hám de basqada bir qatar is-ilajlardı názerde tutadı. Biraq bul reformalardı ámelge asırıw bir qansha qıyın keshti. Tek ǵana 1999-jılǵa kelip dáslepki jeńislerge erisildi. Shotlandiya hám Uels milliy assambleyalarǵa saylawlar ótkerildi. Sırtqı siyasatta leyboristler siyasatı dástúriyliginshe qaldı. E.Bler húkimeti sırtqı siyasattaǵı barlıq máselelerde AQSHtıń eń jaqın sherigi boldı.

**Ullı Britaniya XXI ásir baslarında.** XXI ásir baslarında Ullı Britaniya Batıs Evropanıń basqa mámleketleri sıyaqlı sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwda úlken jetiskenliklerge eristi. Mámlekette tańqalarlıq qolaylı jaǵday payda boldı. Ekonomikalıq ósiw kórsetkishleri joqarı, jumıssızlıq hám inflaciya bolsa sońǵı on jıllar ishinde eń tómeni boldı.

E.Bler húkimeti sociallıq zárúrlilikler ushın mámleket qárejetlerin asırıw siyasatın júritti, bul qarjılardıń úlken bólimin jumıs ornın jaratıwǵa sarplandı. Húkimet jumıssızlıqtı bir qansha qısqartıwǵa eristi. Biraq sociallıq támiynat tarawında húkimet bir qatar qatań qádemler qoyıwǵa májbúr boldı. Den sawlıqtı saqlaw mámleketlik xızmeti, pensiyalar hám ǵalabalıq bilim beriwge mámleket qárejetleri qısqartıldı.

Sırtqı siyasatta Ullı Britaniyanıń 2003-jılı Irakqa qarsı koaliciyada qatnasıwı jámiyette qızǵın tartıslardı keltirip shıǵardı. Ullı Britaniya usı «antiterror» koaliciyada AQSHtıń tiykarǵı awqamlasına aylandı. Biraq kópshilik anglishanlar bul urısqa qarsı edi. Leyboristlerdiń sol qanatı da urısqa keskin qarsı shıqtı. E.Bler siyasatınan narazılıq belgisi sıpatında sırtqı isler ministri Robin Kuk otstavkaǵa shıqtı. Usıǵan qaramastan 2005-jılı bolıp ótken parlament saylawlarında az ǵana parq penen leyboristler partiyası jeńiske eristi. Nátiyjede E.Bler úshinshi múddetke bas ministr etip saylandı.




**2005-jılı bolıp ótken parlament saylawlarında az ǵana parq penen leyboristler partiyası jeńiske eristi.**

**Ullı Britaniyanıń 2003-jılı Irakqa qarsı koaliciyada qatnastı.**

2005-jıl Londonda tórt terroristlik akti ámelge asırıldı, nátiyjede onlap adamlar qurban boldı. Juwapkershilikti «Al-Kayda» xalıqaralıq terroristlik shólkemi óz juwapkerligine aldı.

2006-jılı Izrail-Livan urısı juwmaqlanǵannan soń, AQSH artınan Izraildı qollap-quwatlaǵan Britaniya bas ministri E.Blerdiń otstavkaǵa shıǵıwı talap etildi. E.Bler múddetinen burın otstavkaǵa shıǵıwın kópshilik britaniyalılar da qollap quwatladı, olar bas ministrdiń amerikaparast siyasatınan narızı edi.

2007-jıl iyunda E.Bler otstavkaǵa shıqtı. Leyboristler partiyasınıń ishki saylawlarında partiyanıń jańa jetekshisi hám bas ministr lawazımların Gordon Braun iyeledi. G.Braun jáhán ekonomikasınıń globallasıwı tárepdarlarınan edi. Sırtqı sawdada proteksionizm siyasatına qarsı shıqtı.

Xızmetiniń dáslepki dáwirinde G.Braun bir qatar baslamalar menen shıqtı hám jámáátshilik tárepinen durıs qabıl etildi. 2008-jılı baslanǵan jáhán krizisi sharayatında G.Braun bank sistemasınıń qıyrawınan saqlap qalıwǵa, biznesti qollap-quwatlawǵa qaratılǵan qatań háreketleri onıń abıroyın asırdı. Usıǵan qaramastan 2010-jıl bolıp ótken parlament saylawlarında konservatorlar partiyası jeńiske eristi. Konservatorlar jetekshisi Devid Kemeron Ullı Britaniya bas ministr lawazımın iyeledi.



**J. Meyjor siyasatı ...**
**Gordon Braun xızmeti ...**
**«Jańa leyboristler» siyasatınıń ústem baǵdarı ...**

D.Kemeron húkimetiniń mámleket qárejetlerin únemlew ushın etken bir qatar háreketleri nátiyjesinde JIÓge salıstırǵanda byudjet jetispewshiligi qısqardı. Usıǵan qaramastan, bul mashqala bárháma eń mashqalalıǵınsha qalmaqta. Bul dáwirdegi ekonomikalıq qıyınshılıqlar mámlekettiń pútinligine de qáwip sala basladı. 2014-jılı sentyabrde Shotlandiyada Ullı Britaniyadan ajıralıp shıǵıw máselesinde ulıwma xalıqlıq referendum ótkerilip, onda 45% xalıq ǵárezsizlik ushın dawıs berdi.

2015-jılı bolıp ótken parlament saylawlarında konservatorlar partiyası jáne jeńiske eristi. Saylaw aldı kompaniyası dáwirinde bas ministr D.Kemeron eger konservatorlar jeńiske erisse, Ullı Britaniyanıń Evropa awqamınan shıǵıw máselesin kóteriwge hám usı másele boyınsha referendum ótkeriwge wáde berdi. 2016-jılı iyun ayında bolıp ótken referundumda qatnasqan Ullı Britaniya xalqınıń 50% dan aslamı mámlekettiń Evropa Awqamınan shıǵıw ushın dawıs berdi. Bunnan soń D.Kemeron otstavkaǵa shıqtı. Ullı Britaniya bas ministri lawazımın Tereza Mey iyeledi.



Devid Kemeron

XX ásirdiń ekinshi yarımında Ullı Britaniyanıń koloniyalıq imperiyası tolıq juwmaqlandı. Biraq Ullı Britaniya ushın ańsatlıq penen bolmasa da, jáhánde óziniń siyasiy hám ekonomikalıq dárejesin saqlap kelmekte. 2016-jılı Evropa Awqamınan shıǵıw ushın dawıs bergen kópshilik anglichanlar da bunı mámleket ǵárezsizligin qádirlewleri menen kórsetip berdi. Qanday bolǵanda da Ullı Britaniya XXI ásirde jáhán keń jámáátshiliginiń eń áhmiyetli aǵzalarınıń biri bolıp qalmaqta.



Tereza Mey



**Proteksionizm** – ishki bazardı belgili bir sheklewler (import hám eksport bajı tólewleri, subsidiyalar hám basqa is-ilajlar) arqalı shet el konkurenciyasınan qorǵawǵa qaratılǵan siyasat.

**Taktika** – bul gózlengen maqsetke erisiw ushın qollanılatuǵın usıl hám qurallar jıyındısı.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. 1990-jıllar aqırında konservatorlar partiyasınıń jeńilisiniń sebepleri nede?
2. E.Bler kabineti xızmetiniń tiykarǵı baǵdarları nelerden ibarat boldı?

3. D.Kemeron kabinetiniń otstavkaǵa shıǵıwınıń sebepleri nede edi?
4. Ullı Britaniyanıń EA nan shıǵıwına neler tiykarǵı faktor boldı?

### Óz betinshe jumıs



Kartadan paydalanıp, bas ministr E.Bler hám onıń sherikleriniń ǵárezsizlik beriwdi moyınlaǵan aymaqlardı tabıń hám dápterińizge jazıń.

## 13-TEMA. 1991 – 2017-JÍLLARDA FRANCIYA

**XX ásir aqırlarında Franciya.** 1980-jıllar aqırında Franciya húkimeti kárxanalar, bankler hám qamsızlandırıw kompaniyaların massalıq menshiklestiriw siyasatın daǵaza etken edi. Menshiklestiriw jollarınıń biri-kárxananı onıń jumısshıları tárepinen satıp alınıwı boldı. Jumısshılar sanı 500 den 1 mıńǵa shekemgi kárxanalardıń sherek bólimi usı jol menen satıp alındı. Ekonomikalıq rawajlanıwdıń 1989 – 1992-jıllarǵa mólsherlengen rejesi pul aylanısınıń turaqlılıǵın támiyinlew, inflaciyanıń tómenlewi hám ekonomikanıń konkurenciyalıǵın qollap-quwatlaw názerde tutılǵan.



**Franciyada Besinshi respublika qashan ornatılǵan edi?**

Franciyanı socialistler basqarǵan 1980-1990-jıllar baslarında xalıq aralıq turmısta eń áhmiyetli waqıyalar júz berdi: «Salqın urıs» juwmaqlandı, Germaniya birlesti, Sovet awqamı hám Yugoslaviya tarqalıp ketti, Batıs Evropa birlesti. Franciya prezidenti Fransua Mitteran hám onıń húkimeti Germaniya menen jaqınlasıw hám Batıs Evropa mámleketleriniń birlesiwin óziniń tiykarǵı wazıypası dep bildi. Germaniya menen birge Franciya Batıs Evropanı birlestiriwdiń eń jedel qatnasıwshısı boldı. 1990-jılı yanvarda Lyuksemburgtıń Shengen qalasında Franciya húkimeti Shengen kelisimine qol qoydı. Usı tiykarda (EESH) mámleketleri puqaraları vizasız hám bajıxana qadaǵalawısız bir-birine biymálel ótiwi múmkin boldı.




Franciya Respublikası

Sollar hákimiyatta turǵan jıllarda olardıń tárepdarları kútken nátiyjelerge erisilmedi. Ekonomikalıq ósiw pátleri júdá tómen boldı. 1993-jılı islep shıǵarıw kólemi qısqardı. Jumıssızlıq misli kórilmegen dárejege jetti. Socialistlerdiń abıroyı túsip ketti. Oraylıq hám Shıǵıs Evropada kommunistlik rejimlerdiń qulawı, SSSR hám Yugoslaviyanıń tarqalıp ketiwi, Rossiya húkimeti tárepinen rásmiy túrde kommunizmniń qaralanıwı tek ǵana kommunistlerdi emes, bálkim, pútkil socialistlik ideyalar hám qádiriyatlar sistemasın da abıroysızlandırdı.

1993-jılı Milliy májiliske bolıp ótken saylawlarda oń kúshler parlamentte pútkilley kóp orınǵa iye boldı. Franciyanıń urıstan keyingi tariyxında sol kúshler dáslepki ret sonday úlken jeńiliske ushıradı. Sol kúshler bunday jeńilisten soń uzaq waqıt krizisten shıǵa almadı.

1995-jılı prezidentlik saylawlarda Jak Shirak jeńiske eristi hám jumıssızlıqqa qarsı gúresiwdi, jámiyettiń baylar hám jarlılarǵa bóliniwin saplastırıw tiykarǵı wazıypa dep daǵaza etti. Sırtqı siyasatta onıń tiykarǵı xızmeti Franciyada Evropa Awqamınıń «jetekshisi» hám pútkil

dúnya ushın «erkinlik mayagi» rolin qaytarıwǵa qaratıldı. Jańa húkimet mámleket byudjetiniń jetispewshiligin azaytıw, bántlikti támiyinlew rejesin daǵaza etti. 1996-jıldan baslap JIÓniń ósiw pátleri, kapital kiritiw hám jeke tutınıw kólemi ósti.




**1990-jılı yanvarda Lyuksemburgtıń Shengen qalasında Franciya húkimeti Shengen kelisimine qol qoydı.**

**Postindustrial jámiyet.** 1990-jılları Franciyada postindustrial jámiyettiń qáliplesiw procesi dawam etti. Ilimiy-texnikalıq revolyuciyanıń tez pát penen rawajlanıwı Franciyanıń kórinisin ózgertti. Parij hám basqa da iri qalalarda bálent imaratlar payda boldı. Pútkil mámleketti avtomobil jolları hám saatına 250-300km tezlik penen júretuǵın temir jol trassaları qamtıp aldı. Angliya menen birgelikte islengen La-Mansh buǵazı astınan ótetuǵın temir jol tunneli (Evrotonnel)- XX ásirdiń eń ullı injenerlik jetiskenlikleriniń biri 1994-jılı may ayında saltanatlı túrde ashıldı.

Basqa rawajlanǵan mámleketler sıyaqlı Franciyada da elektronika, informatika hám olar menen baylanıslı sanaat tarawları jedel rawajlandı. Industrial jámiyettiń belgisi bolǵan sanaat tarawları-metallurgiya, kómir qazıp shıǵarıw sıyaqlı tarawlar áste-aqırın túskinlikke ushıradı.

**XXI ásirde Franciya.** XX-XXI ásirler shegarasında Franciya eń tiykarǵı kórsetkishler boyınsha dúnyanıń eń rawajlanǵan mámleketleri qatarına kirdi. Biraq 2008 – 2009-jıllardaǵı jáhán finanslıq krizisi Franciya ekonomikasına júdá úlken keri tásir kórsetti. 2007-jılı Franciya prezidenti etip saylanǵan Nikola Sarkozi ońkonservativ «Xalıq háreketi ushın awqam» partiyasınıń jetekshisi edi.



Fransua Olland

2012-jılǵı saylawlarda Franciya prezidenti lawazımına saylanǵan FSP (Franciya socialistlik partiyası) jetekshisi Francua Olland Franciyanıń Evroawqamında rolin jáne de asırıw, Evropa siyasatında jetekshi mámleketlerdiń biri sıpatında ornın saqlap qalıw ushın háreket etti. Ol 2012-jılı baylar ushın qosımsha salıq ornatıw baslaması menen shıqtı. Bul baslama konstituciyalıq sud tárepinen biykar etildi. Sońbir jınıslı shaxslar

ortasındağı nekeni jaqlap shığıp, onı nızamlastırdı. Bul katolik shirkewiniń narazılığına sebep boldı.

Siriya hám basqa urıs háreketleri bolıp atırǵan Shıǵıs mámleketlerinen kelip atırǵan emigrantlar aǵımı da Franciyadaǵı sociallıq jaǵdaydı keskinlestirdi. 2015-jıl noyabr ayında Parijde bolǵan terroristlik akt aqıbetinde júzden artıq adam qurban boldı, úsh júzden artıq adam jaraqatlandı. Bul terroristlik aktlerdi ISHIM terroristlik toparı óz juwapkerligine aldı.



**Shengen kelisimi ...** **1993-jılı ...**
**1996-jıldan ...** **2007-jılı ...**

Húkimet tárepinen barlıq iqtiyat sharaları kóriliwine qaramastan, terroristlik aktler jáne tákirarlandı. F.Olland Faranciya tariyxındaǵı eń abıroysız prezident bolıp tariyxqa kirdi. Ol 2017-jılı bolıp ótken saylawlarda óz kandidaturasın qoymadı. Aprel ayında bolıp ótken saylawlardıń ekinshi basqıshında «Alǵa!» háreketiniń wákili Emmanyuel Makron jeńiske eristi. Usı waqıtta bul saylawlar Franciyada da Germaniyadaǵı sıyaqlı multikulturalizm siyasatınıń joq bolǵanlıǵın kórsetti. Emigrandlar sanınıń artıwı, terrorizm qáwpiniń kúsheyiw shárayatında oń Milliy front partiyasınıń abiroyı ósip bardı. Milliy front wákili Marin Le Pen dáslepki ret prezidentlik saylawlarda ekinshi turǵa shıǵıp, 34% ke shamalas dawıs qaldı.



Emmanyuel Makron

Mámlekettegi kóplegen mashqálalarǵa qaramastan, XXI ásir baslarına kelip Franciya hám ekonomikalıq, hám siyasiy jaqtan da dúnyanıń jetekshi mámleketleriniń biri bolıp qalmaqta.



**Multikulturalizm** – bul bir mámlekette hám pútkil dúnyada mádeniyatlar hár túrliligin saqlap qalıwǵa baǵdarlanǵan siyasat hám de bul siyasattı tiykarlawshı teoriya hám ideologiya.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. 1990-jıllar baslarında Franciyada qanday sebepler sol kúshlerdiń jeńilisine alıp keldi?
2. Franciyada postindustrial jámiyettiń dúziliwi nelerde kórinis berdi?
3. 2010-jıllar baslarında qanday sebepler Franciyada sociallıq jaǵdaylardı keskinlestirdi?
4. XXI ásirde Franciya aldında qanday mashqalalar payda boldı?

## Óz betinshe jumıs

Internet quralınan Franciyaǵa virtual sayaxat shólkemlestiriń hám temada úyrenilgen materiallar tiykarında tariyxıy haqıyqatlılıqtı talqılań.

# 14-TEMA. 1991 – 2017-JÍLLARDA ITALIYA

**1990-jıllarda Italiya.** Italiyada postindustrial jámiyettiń tiykarları ótken ásirdiń 80-jıllarında qáliplesti. Keń kólemde sanaat islep shıǵarıwınıń texnikalıq bazası hám texnologiyasın jańalaw procesi islep shıǵarıwǵa kompyuter basqarıw sistemasın engiziw, robotlardan keń paydalanıwdan baslandı. Eń tiykarǵısı, bul procestiń aldıńǵı qatarında kishi kárxanalar turdı.

**Evropa ekonomikalıq sherikligin dúziw tuwralı Rim shártnamasına qashan qol qoyılǵan?**

Jámiyettiń sociallıq strukturasında da áhmiyetli ózgerisler júz berdi. Tez rawajlanıp atırǵan xızmet kórsetiw tarawıında bánt bolǵanlar sanı tez ósti.

Siyasiy turmısta turaqsızlıq hám húkimettiń tez-tez almasıwı Italiyanıń ózine tán dástúrine aylandı. Italiyada mámleketlik institutlarınıń tereń krizisi, sonday-aq, mafiya sistemalarınıń xızmeti menen de baylanıslı edi. Hákimiyattıń joqarǵı organlarında misli kórimegen korrupciya Italiya siya-

siy mexanizminiń ózine tán tárepleri bolıp qaldı. Saylaw bul jerde proporcional sistema boyınsha ótkeriler edi. 1993-jılǵı referendumda Italiya xalqı bunday saylaw sistemasınan waz keshiw ushın dawıs berdi.

1980-1990-jıllar baslarında ishki siyasiy proceslerge dástúriy partiyalardıń tásiri kemeydi. 1991-jılı Italiya kommunistlik partiyası tarqalıp ketti. Onıń bazasında Liberal-socialistlik partiya hám Kommunistlik oyanıw partiyası shólkemlestirildi.

1992-jılı fevral ayında mámlekette «Hadal qollar» kompaniyası baslanıp, hákimiyattıń joqarı qatlamı hám tiykarǵı partiyalar hákimshiliginde korrupciya jaǵdayları anıqlandı. Para alıw menen baylanıslı jańa siyasiy jánjel háwij aldı. Iri isbilermenler, Xristian-demokratlar partiyası (XDP) hám Italiya socialistlik partiyası (ISP) jetekshileri, deputatlar hám senatorlar, bir neshe ministrler tergewge tartıldı. Italiya prezidenti F.Kossiga otstavkaǵa shıqtı. Jámi 20 mıń adam tergew dizimine kiritildi. 1992-jıl fevraldan baslap eki jıl ishinde paraxorlıqta ayıplanıp úsh mıńǵa jaqın adam, sonıń ishinde burınǵı bas ministrler, parlament deputatları, ministrler qamaqqa alındı. Hákimiyattıń joqárı hákimshiligi menen mafiya ortasındaǵı baylanıstı ashıp taslaǵan sud procesi pútkil jámiyetti tań qaldırdı. Qarsılıq háreketi tolqınında dúzilgen partiyalıq-siyasiy sistemanıń qulawı baslandı. 1992-jılǵı parlament saylawları tiykarǵı siyasiy partiyalar, sonnan XDP hám ISPnıń da jámiyettegi abıroyınıń tómenlegenligi kórsetti. 1993-jılı XDP bazasında Italiya xalıq partiyası dúzildi. ISP tarqalıp ketti. 1994-jılı martta bolıp ótken parlament saylawları burınǵı partiyalıq sistemanıń qulaǵanlıǵın kórsetti. Jańa, ele tanılmaǵan toparlar: «Alǵa Italiya», «Arqa ligası», «Milliy alyans»- neofashistler hám oń nacionalistler birlespesi aldıńǵı maydanǵa shıqtı.


Silvio Berluskoni

Húkimetti «Arqa ligası» hám «Milliy alyans» koaliciyası tiykarında S.Berluskoni dúzdi. Húkimet tek ǵana 1994-jıldıń aqırına shekem turdı. Korrupciyaǵa qarsı gúresti daǵazalaǵan S.Berluskonidiń ózi salıq qaǵıydaların buzǵanlıqta ayıplandı hám otstavkaǵa shıqtı. Italiyanıń jańa húkimeti partiyasızlardan shólkemlestirildi.

1996-jılı hákimiyatta sol orayshılar koaliciyası turdı. Biraq sociallıq támiynat sistemasın ózgertiwge urınıw menen baylanıslı máseleler boyınsha koaliciyada kelispewshilikler júz berdi. Usı waqıtta bir qatar mafiyalıq topar baslıqlarınıń qamalıwı jámiyet tárepinen qollap-quwatlandı.




Italiya Respublikası




**1992-jılı fevral ayında mámlekette «Hadal qollar» kompaniyası baslandı.**

**1993-jılǵı referendumda Italiya xalqı proporcional saylaw sistemasınan waz keshiw ushın dawıs berdi.**

Biraq bas ministr Romano Prodi húkimeti ishki kelispewshiliklerdi saplastıra almadı hám parlamenttegi ústinlikti joǵaltıp, 1998-jılı otstavkaǵa shıqtı. Massimo D'Alema bas ministr lawazımın iyeledi. M. D'Alema usı waqıtqa shekem joqarı dárejede saqlanıp kiyatırǵan jumıssızlıqtı qısqartıwdı usınıs etti.

2000-jılı aprel ayında bolıp ótken jergilikli saylawlarda barlıq arqa wálayatlarda oń kúshler jeńiske eristi. Jámiyetlik pikirge «Hadal qollar» operaciyası úlken tásir kórsetti, katolik shirkewi de ońlardı qollap-quwatladı. M.D'Alema otstavkaǵa shıqtı.

**Italiya XXI ásirde.** Zamanagóy Italiya-joqarı dárejede rawajlanǵan industrial mámleket. XX ásirdiń sońǵı jıllarında hám XXI ásir baslarında ol óz rawajlanıwında sezilerli nátiyjelerge eristi. Inflyaciya bir qansha páseydi, jumıssızlıq azaydı, jańa kárxanalar sanı tez ósti. Puxta oylanǵan jaslar siyasatı alıp barılmaqta. Tek ǵana 1998-jılı 12 mıń kishi hám orta biznes kárxanaları jaratılǵan bolıp, olardıń tiykarǵı bólimin jaslarǵa qaraslı firmalar quraydı. Usı waqıtta Italiya joqarı texnologiyalıq ónimler islep shıǵarıw boyınsha jetekshi mámleketlerden artta qalmaqta.

Sońǵı on jıl ishinde Italiyada JIÓ ósiwi óz turaqsızlıǵı menen ajıralıp turadı. Bul tek ǵana 2008 – 2009-jıllarda jáhán finans krizisi menen baylanıslı bolmastan, Italiya ekonomikasınıń ózine tán dúzilisi menen de baylanıslı. JIÓ kishi bolsa da, turaqlı ósiw xarakterine iye. Biraq mámlekettiń qarızı júdá úlken, házir ol JIÓge salıstırǵanda 130%dı quraydı.



**1992-jıl ...**
**Proporcional saylaw sisteması-bul ...**
**1993-jılı ...**
**1998-jılı ...**

2014-jıldıń fevral ayınan baslap, Italiyanı basqarǵan Matteo Rensi salıqlardı azaytıw esabınan italiyanlardıń dáramatın arttırıw maqsetin daǵaza etti. Ol 2015-jıldan bilimlendiriw sistemasın reformalawdı da basladı. 2016-jılı dekabrde bas ministr lawazımın iyelegen Paolo Jentiloni usı siyasattı dawam ettirmekte.



Matteo Rensi

XXI ásirge kirip kelgen Italiya dúnyanıń jetekshi mámleketlerine salıstırǵanda texnologiyalıq artta qalıwshılıqtı saplastırıwǵa, óz ekonomikasınıń básekege shıdamlıǵın arttırıwǵa umtılmaqta. Zamanagóy xabar texnologiyaların, ekonomikanıń dástúriy emes tarawları-bank xızmeti, turizm, sport hám densawlıqtı saqlaw industriyasın rawajlandırıwǵa ayrıqsha itibar qaratılmaqta.



**Proporcional saylaw sisteması** – bunda mandatlar partiyalar ortasında olar alǵan dawıslar sanına proporcional tárizde bólinedi.

**Neofashizm** – bul 1920-1940-jıllardaǵı fashistlik shólkemlerdiń ideologiyalıq-siyasiy dawamshıları bolǵan ońradikal shólkem.

### Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. 1980-1990-jılları Italiya jámiyetinde qanday unamlı ózgerisler júz berdi?
2. «Hadal qollar» kompaniyası Italiyada qanday nátiyjelerge alıp keldi?
3. XXI ásir baslarında Italiya ekonomikalıq rawajlanıwda qanday jetiskenliklerge eristi?
4. Jańa ásirde Italiyada qanday mashqalalar saqlanıp qalmaqta?

### Óz betinshe jumıs



Kartadan paydalanıp, Italiya qaysı mámleketler menen shegaralas ekenligin dápterińizge jazıń.



Italiyada «hadal qollar» kompaniyasın talqılaw tiykarında «Biz korrupciyaǵa qarsımız» temasında kishi oqıw jobasın tayarlań hám dógerek shınıǵıwlarında prezentaciya etiwge tayarlıq kóriń.

## 15-TEMA. AZIYA, AFRIKA HÁM LATÍN AMERIKASÍ MÁMLEKETLERINIŃ SIYASIY, SOCIALLÍQ-EKONOMIKALÍQ RAWAJLANÍWÍNÍŃ TIYKARǴÍ BAǴDARLARÍ

**Modernizaciyalanıwdıń quramalı jolı.** XX ásir aqırına kelip Aziya, Afrika hám Latın Amerikası mámleketlerinde modernizaciya mashqalaları tereńlesip bardı. Bunda «salqın urıs»tıń juwmaqlanǵanlıǵı da belgili rol oynadı. SSSRdan járdem alıp turǵan Aziya, Afrika hám Latın Amerikası mámleketleri ol tarqalıp ketkennen soń awır sharayatqa túsip qaldı. Vietnam, Laos, Angola, Mozambik, Kuba, Nikaragua sıyaqlı SSSR járdemine tayanǵan mámleketlerde dúzimler almastı yaki rawajlanıwdıń alternativ jollarına ótti.



**«Afrika jılı» dep atalǵan dúnya kartasında neshe ǵárezsiz mámleket payda boldı?**

XX ásirdiń ekinshi yarımında ámelge asırılǵan modernizaciyanıń unamlı nátiyjeleri de rawajlanǵan mámleketlerde bir qatar mashqalalardı keltirip shıǵardı. Olardıń biri demografiyalıq mashqala bolıp, házir Jer júziniń xalqınıń tiykarǵı bólimi rawajlanıp atırǵan mámleketlerdiń úlesine tuwra kelmekte. Turmıs keshiriw derekleriniń sheklengenlik jaǵdayında xalıqtıń sanınıń tez ósiwi eń tiykarǵı mashqalalardı jáne de kóbeytpekte. Sonnan, xalıqtıń bay bólimi menen eń kámbaǵal bóliminiń dáramatları ortasındaǵı ayırmashılıq júdá joqarılıǵınsha qalmaqta.

**Qubla Aziya mámleketleriniń ózine tánligi.** Modernizaciyalawdı maqset etken Aziyanıń eń iri mámleketleri (Hindstan, Pakistan, Indoneziya, Filippin, Tailand hám basqalar) ózleri ushın durıs bolǵan jeke joldı tabıwǵa háreket etti.

Bul jol sociallıq-siyasiy reformalardı ámelge asırıwda ıqtiyatlılıqtı, tiykarınan sociallıq turmıstıń eń artta qalǵan formaların saplastırıw menen shekleniwdi talap eter edi.

Shet el kapitalın kirgiziwdiń shárti bolǵan sociallıq hám siyasiy turaqlılıqtı támiyinlewge úlken itibar berildi. Sonısı dıqqatqa ılayıq, bul mámleketlerde ulıwmalıq turmıs dárejesi bir qansha tómen bolǵan jaǵdayda eń baylar menen kámbaǵallardıń dáramatları ortasındaǵı ayırmashılıq onsha joqarı bolmastan, rawajlanǵan mámleketlerdegi kórsetkishke jaqın.

Húkimet jámiyette narazılıqtıń júdá kúsheyiwine jol qoymastan, modernizaciyanıń puxta oylanǵan strategiyasın alıp barmaqta. Onıń tiykarın mámleket investiciyaların ekonomikanıń keleshegi bar sektorlarına baǵdarlaw, protekcionizm siyasatı, shet el kapitalın ónimleri ótimli bolǵan tarawlarǵa kiritiwdi shólkemlestirdi. Qubla Aziya mámleketlerinde Evropa tipindegi gigant-qalalar, postindustrial zonalar, joqarı texnologiyalı óndiris, aldıńǵı mámleketlerdegi zamanagóy ilim jetiskenlikleri dárejesinde xızmet júritiwshi ilimiy oraylar payda boldı.

Biraq ele sheshilmegen mashqalalar kóp. Máselen, úlken jastaǵı xalıqtıń yarımına shamalası oqıwdı da, jazıwdı da bilmeytuǵın bul mámleketlerde modernizaciya oshaqları awıllardaǵı natural xojalıqlar menen birgelikte xızmet kórsetpekte.

**Islam dúnyası.** XX ásirdiń aqırı hám XXI ásir baslarında islam mámleketleri modernizaciyanıń quramalı basqıshın basınan keshirmekte. Irandaǵı 1979-jılǵı islam revolyuciyası pútkil musılman álemine júdá úlken tásir kórsetti. Kóplegen mámleketlerde dinge berilgen toparlar pay-

da boldı yamasa barları jedellesti, kóplegeni maqsetke erisiwdıń quralı sıpatında terrordı tańladı.

Bul proceste islam fundamentalizmi ayrıqsha rol oynamaqta. Tiykarında fundamentalizm tek islamǵa tán emes. Máselen, sońǵı jıllarda Hindstan da indesizmniń dáslepki qádriyatlarına qaytıwdı talap etip atırǵan kúshler jedellesip qaldı. Biraq házir kóbirek «islam fundamentalizmi» haqqında sóz barılmaqta. Hátte ol XXI ásirde xalıqaralıq qatnasıqlardıń da tiykarǵı mashqalası bolıwı haqqındaǵı boljawlar házirshe ózin aqlamaqta.

Islam fundamentalizmi túrli kórinislerde ayqın boladı. Máselen, 1990-jıllardıń baslarında arab mámleketleri hám Arqa Afrikada «Musılman biradarlar» sıyaqlı terrorshı toparlar jedellesti. Olar ayırım arab mámleketleri tárepinen qarjılandırıldı. Bazı bir islam mámleketlerindegi ekstremistlik toparlar Usama ben Laden jetekshiliginde «Jixat xalıqaralıq fondı» shólkemlestirildi, bul shólkem pútkil dúnya boylap terroristlik aktti qollap quwatladı.




Islam dúnyası kartası: ■ – sunnitler; ■ – shiyalar.



**1979-jıl ...**
**1990-jıllardıń baslarında ...**

XXI ásir baslarında AQSH «demokratiya ornatıw» bánesinde Irak hám Liviya sıyaqlı suveren mámleketlerde hákimiyattı qural kúshi menen awdarıp tasladı. Nátiyjede aymaqta terroristlik aǵımdaǵı dinge beril-

gen shólkemler kúsheyip, bosap qalǵan hákimiyattı iyelew ushın gúres basladı. Irak, Liviya hám Siriya urıs jalınlarında qaldı. ISHIM terroristlik shólkemi átirapında dúnyanıń barlıq bólimlerinen terrorshılar jıynalıp, islam bayraǵı astında urıs alıp barmaqta.

Islam fundamentalizm bul ápiwayı terrorizm emes, ol ayrıqsha kóp qırlı hám qáwipli hádiyse. Oǵan júdá saqlıq penen qatnasta bolıw lazım. Haqıyqıy dindi onıń atınan terror uyımlastırıp atırǵan, jáhánde tınıshlıqqa qáwip salıp atırǵan toparlardan ajıratıp alıwda adamlarǵa járdem kórsetiw, islam dininiń tınıshlıq súyer din ekenligin tiykarlaw búgingi kúnde islam teoriyashılarınıń eń tiykarǵı wazıypası bolıp qalmaqta.

**XX ásirde Latın Amerikası mámleketleri** ushın ulıwmalıq bolǵan modernizaciyalawdıń úsh-revolyuciyalıq, neokonservativ hám reformalıq variantları anıq kózge taslanadı. Biraq Latın Amerikası mámleketleri sociallıq rawajlanıwdıń joqarı basqıshına kóteriliw ushın qollanǵan barlıq variantları kútilgen nátiyje bermedi. Latın Amerikası jámiyetleri bir waqıtta úsh mashqalanı: nátiyjeli, turaqlılıq, rawajlanıwshı ekonomikanı jaratıw; ótmishten qalǵan sociallıq mashqalalardı sheshiw; industrial rawajlanǵan mámleketler, eń dáslep AQSHqa qaramlılıǵın saplastırıwdıń ulıwmalıq jolın taba almadı.

Latın Amerikasında 1990-jıllardaǵı neoliberal reformalardıń keri aqıbetlerin saplastırıw procesinde sol baǵdardaǵı húkimetler saylaw jolı menen hákimiyatqa keldi. Bul pútkil dúnyanıń itibarın ózine qarattı hám "sol burılıs" atın aldı.

XX ásirdiń aqırı hám XXI ásir baslarında Latın Amerikası mámleketleri óz tariyxında birinshi márte diktaturalarsız rawajlandı, derlik barlıq mámleketlerde saylawlar arqalı konstituciyalıq rejimler hákimiyatqa keldi. Biraq 2008-jılǵı jáhán finanslıq krizisi hám 2014-jıl baslanǵan energetika krizisi áqıbetinde Latın Amerikasında payda bolǵan awır sharayat bul mámleketlerdiń reformalarǵa mútájligin kórsetpekte.



**Nekonservatizm** – bul konservativ ideyalogiyalıq-siyasiy aǵımlardıń dástúriy sociallıq qádryatların saqlap hám rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵan túri.

**Neoliberal reforma** – mámlekettiń ekonomikaǵa aralısıwın azaytıw maqsetinde ótkerilgen ilajlar. Neoliberalizm wákilleri bazar ózin-ózi tártipke saladı dep esaplaydı.

### Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Aziya, Afrika hám Latın Amerikası mámleketlerinde modernizaciyalaw procesinde qanday mashqalalarǵa dus kelmekte?
2. Qubla Aziya mámleketleriniń rawajlanıwındaǵı ózine tán tárepleri nelerden ibarat?
3. Islam mámleketlerindegi modernizaciyalaw proceslerinde islam fundamentalizmi qanday rol oynaydı?
4. Latın Amerikası mámleketleri XX ásir aqırlarında óz aldında turǵan mashqalalardı sheshiw jolların taba aldıma?

### Óz betinshe jumıs



Konceptual keste tiykarında Aziya, Afrika hám Latın Amerikası mámleketleriniń sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwınıń tiykarǵı baǵdarlarınıń ózine tánliklerin talqılań.

## 16-TEMA. 1991 – 2017-JÍLLARDA QÍTAY XALÍQ RESPUBLIKASÍ

**Qıtay Xalıq Respublikasınıń siyasiy rawajlanıwı.** Socialistlik sistema hám SSSR tarqalıp ketkennen soń Qıtay Xalıq Respublikası (QXR) eń iri socialistlik mámleket sıpatında saqlanıp qaldı. Bul jerde Qıtayǵa tán socializm qurıw dawam etti. Hákimiyattı jeke Qıtay kommunistlik partiyası (QKP) iyelep turıptı.



**Qıtayda «Ullı milliy revolyuciya» qanday nátiyjeler menen juwmaqlandı?**

1989-jılı Tyananmen maydanındaǵı tınısh demonstraciya bastırılǵannan soń úsh jılǵa jaqın Qıtay siyasatında áyrıqsha ózgeris júz bermedi. Tek 1992-jılı Den Syaopin mámlekettiń qubla provinciyalarına etken saparı payıtında bir qatar bayanatlar berip, ekonomikalıq reformalar siyasatın toqtatıp bolmaydı, – dedi. Reformalar baslanǵannan soń qolǵa kiritilgen

jeńisler tańlaǵan joldıń durıslıǵına adamlardı isendirdi. Den Syaopin óz saparı dawamında jáne bir áhmiyetli qarar qabıl etti: ol óz qalasında demonstrantlardı tınısh jol menen toqtata alǵan Shanxay meri Szyan Szemindi óz miyrasxorı dep daǵazaladı.

Usı dáwirde mámleket apparatınıń da yarımı qısqartıldı. Nátiyjesiz islep atırǵan qartayǵan ámeldarlar ornına jasları keldi. QKPnıń Bas xatkeri otstavkaǵa shıǵıp, ornına oǵan qaraǵanda jas Xu Szintao saylandı.

2012-jılı hákimiyatqa kelgen Si Szinpin basshılıǵındaǵı QKP hám QXR basshılarınıń «Qıtay ármanı»n ámelge asırıw ideyası birlestirip turdı. «Qıtay ármanı» degende eń ulıwmalıq mániste «qıtay milletin tiklew» jolında eki qádem-QKP nıń júz jıllıǵına (2021-jılı), «ortasha abadanshılıq» dárejesine erisiw, QXRnıń júz jıllıǵına (2049-jılı) bolsa jáhánniń rawajlanǵan mámleketleri qatarınan orın alıw túsiniledi.


Den Syaopin

**Ekonomikalıq reformalar.** 1989-jılı Tyananmen maydanındaǵı studentler demonstraciyası ayawsızlıq penen bastırılǵannan soń Qıtayǵa qarsı belgili sankciyalar daǵaza etiliwine qaramastan mámlekette reformalar dawam ettirildi. Olardı tabıslı ámelge asırıw ushın Mao Szedun dáwirindegi bir qatar ilajlardan bas tartıwǵa tuwra keldi. Barlıq jámáát xojalıqları tarqatıldı. Diyxanlar hasıldıń bir bólimin erkin bazarda satıw múmkinshiligine iye boldı, qalalar hám awıllarda kishi jergilikli kárxanalar ashıw qollap quwatlandı. «Bay bolıw-bul júdá jaqsı» – dep belgilep ótti Den Syaopin. Ol isbilermenlikti qollap quwatlaw baǵdarlaması sheńberinde Qıtaydıń qırǵaq boyındaǵı tórt wálayattı arnawlı ekonomikalıq zonalar dep daǵazaladı. Bul ekonomikalıq zonalarda shet el investorları ushın qolaylıqlar jaratıldı.

1997-jılı fevralda Qıtay «reformalarınıń atası» Den Syaopin qaytıs boldı. Usı jılı sentyabrde QKP «Mámleketlik sektordı modernizaciya etiw baǵdarlama»sın qabıl etti. Zıyan keltirip islep atırǵan mámleketlik bankler hám kárxanalardan waz keshiwge qarar etildi.

Reformalardıń tabıslı ámelge asırılıwı nátiyjesinde XX ásirdiń aqırǵı jigirma jılında QXRnıń JIÓi altı márteden kóbirekke arttı. QXR hákimshiligi XXI ásirdiń dáslepki jigirma jılınan da júdá nátiyjeli paydalanıwdı maqset etip qoydı. Bul dáwir ekonomikalıq, áskeriy, sırtqı siyasat qúdiretin arttırıw hám jáhánde sıpat jaǵınan jańa orındı iyelew ushın «strategiyalıq imkaniyatlar basqıshı» sıpatında qaraldı.

Qıtay 2001-jılı «Jáhan sawda shólkemi»ne (JSSh) aǵza bolǵannan soń jáhán bazarınıń múmkinshiliklerinen hám mámlekettiń Jer júzindegi «eń iri fabrika» sıpatındaǵı ústinliginen ónimli paydalanıp, ekonomikalıq ósiwdiń joqarı pátlerin saqlap qaldı hám de jáhán ekonomikasındaǵı ornın jánede asırıwǵa eristi.

2017-jıl oktyabrde bolıp ótken QKPnıń 19-Ulıwma xalıqlıq syezdinde Si Szenpin Qıtay kommunistleriniń ázeliy maqseti qıtay xalqınıń baxıtı ushın gúres hám qıtay milletin tiklew ekenligin belgilep, XXI ásir ortalarına kelip Qıtay zamanagóy ullı socialistlik mámleketke aylandı dep daǵaza etti.

**Sociallıq mashqalalar.** Ekonomikalıq ósiwdiń úzliksiz joqarılıǵına qaramastan, XXI ásir baslarına kelip, Qıtay bir qatar keskin ekonomikalıq, ekologiyalıq hám sociallıq mashqalalarǵa dus keldi: baylar menen kámbaǵallar arasındaǵı ayırmashılıq keskin ósti.


Si Szinpin

Qıtaydıń eń baslı mashqalaları qatarına xalıqtıń tez qartayıp barıwı hám islep shıǵarıwdıń ekologiyaǵa jetkerip atırǵan zıyanların kiritiw múmkin. Qıtayda uzaq jıllar dawamında alıp barılǵan “bir shańaraqqa-bir perzent” siyasatı nátiyjesinde mámlekette jaslar sanı kekse áwladtıń sanına salıstırǵanda kemeyip barmaqta. XXI ásir baslarında industiriyalastırıw, urbanizaciya hám xalıqaralıq sawda tásiri astında energiyanı sarp etiwi joqarı bolǵan awır sanaat keń kólemde jedel rawajlandı. Aqıbetinde zıyanlı gazler Qıtay qalalarında júdá awır ekologiyalıq shárayattı payda etpekte. Awıllarda bolsa suwdıń pataslanıwı tiykarǵı mashqala bolıp qalmaqta. Bul xalıqtıń densawlıǵınan tısqarı milliy ekonomikaǵa da úlken zıyan jetkermekte. Qıtay húkimeti jaqın keleshekte ekologiyalıq awhaldı jaqsılaw boyınsha ilajlar islep shıqqan. Onda ekologiyalıq taza ortalıq XXI ásirdiń tiykarǵı wazıypası sıpatında qaraladı.

Qıtaydıń eń tiykarǵı mashqalalarınıń jáne biri terrorizm qáwpi júdá kúshli. Ásirese, Sinszyan-Uyǵır avtonom úlkesindegi terrorizm qáwpi júdá kúshli. Tek 2013-jılı aymaqta 200ge jaqın terroristlik aktler ámelge asırıldı.

XX ásirdiń aqırındaǵı reformalardan ózgesheliligi jańa ásirdiń baslarındaǵı reformalardıń tiykarǵı maqseti ekonomikalıq ózgerisler bolmay qaldı. XXI ásir basında itibar tek ǵana ekonomikalıq rawajlanıwǵa emes, reformalar procesinde payda bolǵan social-ekonomikalıq mashqalalardı

saplastırıwǵa qaratıldı. Bul mashqalalar tiykarınan qala menen awıl, mámlekettiń batıs bólimi menen shıǵıs bólimi rawajlanıwınıń ortasındaǵı ózgeshelik penen baylanıslı. Ekonomikalıq reformalardıń házirgi basqıshında mámlekettiń tiykarǵı itibarı bazar qatnasıqların rawajlandırıwǵa qaratılǵan.




Qıtay Xalıq Respublikası

**Sırtqı siyasat.** Qıtay BMSH Qáwipsizlik Keńesiniń turaqlı aǵzası esaplanadı. Batıs mámleketleri Qıtay sırtqı siyasatında Koreya Xalıq Demokratiyalıq Respublikasın qollap-quwatlaǵanı ushın sınǵa alıp kelmekte. QXR húkimeti jáhán siyasatında Qıtaydıń rolin kóteriwge qaratılǵan sırtqı siyasat alıp barmaqta hám usı waqıtta kóplegen xalıqaralıq máseleler boyınsha neytral poziciyanı iyelep turıptı.

**2001-jılı ...** **2017-jıl oktyabrde ...** **2013-jılı ...**
**Qıtay «Reformalarınıń atası» bul ...**

AQSH Qıtaydıń tiykarǵı sawda awqamlası bolıp qalmaqta. Biraq eki mámleket qatnasıqlarında bir qatar mashqalalar bar. Bul eń dáslep

AQSH tıń Aziya hám Tınısh okeanı aymaǵında óz tásirin kúsheytiwge qaratılǵan siyasatı aqıbetinde payda bolǵan qarama-qarsılıqlar bolıp esaplanadı. AQSHtıń bul siyasatı aymaqtan Qıtaydı qısıp shıǵarıwǵa qaratılǵanı ushın Pekinniń úlken qarsılıǵına ushıramaqta. Bul aymaqta keskinliktiń ósiwine alıp keldi. Qıtay hám AQSH ortasında baslanǵan qurallanıw jarısı da keskinlikti jáne de kúsheytpekte.

Usıǵan qaramastan, tárepler ortasında XXI ásir basınan ekonomikalıq máseleler boyınsha strategiyalıq kelisiw bar bolıp, úzliksiz ushırasıwlarda tiykarǵı mashqalalar talqılanadı. Máselen: 2017-jıl noyabrde AQSH prezidenti D. Tramp Qıtayǵa rásmiy sapar menen kelip, bir qatar ekonomikalıq awqamlıq máselelerin sheshiwge hám 250 mlrd dollardan aslam summadaǵı sawda kelisimine qol qoyıwǵa eristi.

QXR sırtqı siyasatınıń tiykarǵı maqseti Aziya hám Afrika mámleketlerinde óz tásirin arttırıwǵa qaratılǵan. Bunıń ushın Qıtayda jeterli ekonomikalıq, áskeriy hám siyasiy múmkinshilikler bar.



**Urbanizaciya** – qalalar sanı kóbeyip, olarda mámlekettiń siyasiy, ekonomikalıq hám mádeniy turmısınıń jámleniwiniń tariyxıy procesi.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. XX ásirdiń aqırı hám XXI ásir baslarında QXRda ámelge asırılǵan siyasiy ózgerislerden qanday maqset gózlengen edi?
2. Qıtayda ámelge asırılǵan ekonomikalıq reformalar qanday nátiyjelerge alıp keldi?
3. XXI ásir baslarına kelip Qıtayda industiriyalastırıw hám urbanizaciya menen baylanıslı qanday mashqalalar payda boldı?
4. Qıtaydıń sırtqı siyasatında AQSH penen qatnasıqları qanday rol oynaydı?

## Óz betinshe jumıs



Kartadan paydalanıp Qıtay tariyxında 1991 – 2017-jıllarda tiykarǵı orın iyelegen wálayatlardı tabıń hám túsindirme jazıń.

## 17-TEMA. 1991 – 2017-JÍLLARDA YAPONIYA

**1990-jıllarda Yaponiyanıń rawajlanıwı.** Bul dáwirde Yaponiyanıń siyasiy turmısında liberal-demokratiyalıq partiyanıń(LDP) abıroyı tiklendi. 1990-jılı hákimiyatqa kelgen Tosiki Kayfu Yaponiyanıń xalıqaralıq abıroyın asırıwǵa eristi. 1990-jılı Kuveyttiń Irak tárepinen annekciya etiliwi waqtında Yaponiya xalıqaralıq áskeriy kontingentge, sonday-aq, Mısr, Iordaniya, hám Túrkiyaǵa finanslıq járdem tárizinde bir neshe milliard dollar qarjı ajırattı.



**Qashan Yaponiya jalpı ishki ónimniń kólemi boyınsha dúnyada AQSHtan keyingi ekinshi orınǵa shıǵıp alǵan?**

1990-jıllardan ekonomikada mámleket sektorınıń úlesi kemeyip bardı. Sonday-aq, sanaattı mámleket tárepinen tártipke salıw da kemeydi. Bul dáwirde Yaponiyanıń tiykarǵı eksportı shetke kapital shıǵarıw bolıp qaldı. Shet mámleketlerde jaylastırılǵan investiciyalar muǵdarı 1 trln dollardan asıp ketti. Yaponiyada miynet ónimdarlıǵı boyınsha da Batıs Evropa mámleketlerinen ótip, AQSHqa teńlesip bardı. 1990-jıları pútkil dúnyada islep shıǵarılǵan videoapparaturalardıń 90%ı, sanaat robotlarınıń 2/3 bólimi Yaponiya úlesine tuwra keldi. Biraq sırtqı bazarǵa baylanıslılıq 1997-1998-jıllardaǵı «Aziya krizisi» waqtında Yaponiya ushın úlken qıyınshılıqlardı tuwdırdı. Usıǵan qaramastan, Yaponiya ekonomikası krizisler dáwirinde óziniń kelisimpazlıǵın hám shıdamlıǵın kórsete bildi.

Ishki siyasatta 1990-jıllar húkimet turaqsızlıǵı menen xarakterlenedi. Bul jıllar Yaponiyada bir neshe koaliciyalıq húkimetler almasqannan soń 1996-jıl yanvarda LDP jáne bir patiyalı húkimet dúziwge eristi. Oǵan Ryutaro Xasimoto basshılıq qıldı. Ol «altı reforma»: 1) salıq; 2) bilimlendiriw tarawında; 3) sociallıq támiynatta; 4) ekonomikada mámleket basqarıwın kemeytiw boyınsha; 5) adminstrativlik basqarıwdı decentralizaciyalaw boyınsha; 6) sanaat kompaniyalarına jer uchastkaların ajıratıw boyınsha reformalar baslanıwın daǵaza etti.



Keydzo Obuti

Sonday-aq, R.Xasimoto jańasha diplomatiyanı kórsetip, sırtqı siyasatta «evroaziyashılıq» koncepciyanı qollanıwǵa urındı. Ol Yaponiyada bir qatar terroristlik aktlerdi ámelge asırǵan «Aum Sinrikuo» sektası xızmetine shek qoyıwǵa qatań háreketleri menen de tanıldı.




Yaponiya

XX ásirdiń aqırında Yaponiya ishki siyasatta LDP jetekshiligin saqlap qaldı. 2000-jılı Yaponiya bas ministri Keydzo Obuti qaytıs bolǵannan keyin bul lawazımdı Yosiro Mori iyeledi.

**Yaponiya XXI ásirde.** Yaponiya XXI ásir baslarında da ekonomikası turaqlı rawajlanǵan mámleket bolıp qalmaqta. Ol 400 mlrd dollardan aslamıraq summaǵa teń ónimlerdi eksport etpekte. Yaponiya kemesazlıq,

traktorsazlıq, metaldı qayta islew sanaatı ushın úskeneler islep shıǵarıw boyınsha dúnyada birinshi orındı iyelep turıptı. Ol polat, televizorlar hám avtomobil islep shıǵarıwda da jáhánde jetekshilerden esaplanadı. Yaponiyanıń JIÓ kólemi boyınsha jáhánde AQSH hám Qıtaydan soń úshinshi orındı iyelep turıptı.

Yaponiya kóplegen atawlardan ibarat mámleket. Ol basqa mámleketlerge salıstırǵanda tábiyat kúshleri: okean boranları, tayfunlar, jer silkiniwlerge kóbirek baylanıslı. Yaponiya óziniń islep shıǵarıw mádeniyatında áne usı baylanıslardı kemeytiwge umtılıp kelmekte. Biraq tábiyat kúshlerinen tolıq ústin keliwdiń ilajı joq, tek onıń zıyanların kemeytiw múmkin.

2011-jılı martta Xansyu atawında júz bergen jer silkiniw Yaponiyaǵa júdá úlken ziyan jetkerdi. Mıńlap adamlar qurban boldı, 300 mıńnan aslam adam bas panasız qaldı. Bir neshe atom stanciyalarına zıyan jetti, Fukusuma-1 atom elektrostanciyadan radioaktiv zatlardıń átirapqa tarqalıwı júz berdi. Mámleketke júdá úlken ekonomikalıq ziyan jetkerildi.


Sindzo Abe

Ishki siyasatta tiykarınan LDPnıń jetekshiligi saqlanıp qaldı. 2001-jılı Yaponiya bas ministri lawazımın Junitiro Koydzumi iyeledi. Ol jas hám ǵayratlı bolıp, mámlekette úlken abıroyǵa iye boldı. J.Koydzumi Yaponiya konstituciyasınıń mámlekette óz qurallı kúshlerine iye bolıwın qadaǵan etiwshi statyanı qayta kórip shıǵıw tárepdarı bolıp shıqtı. J.Koydzumi úsh múddet húkimetti basqardı. 2012-jıldan LDP jetekshisi Sindzo Abe húkimeti basqarıp kelmekte.

Sonı aytıwımız kerek, siyasiy krizisler tek ǵana Yaponiya ushın tán bolǵan qubılıs emes. Usıǵan uqsas procesler jańa, postindustrial civilizaciya dúzilip atırǵan basqa mámleketlerde de júz bermekte. Xalıqtıń sociallıq quramı ózgermekte, jámiyetti táshwishke salıp atırǵan mashqalalardıń da mazmunı ózgeshe tús almaqta: kóplegen eski partiyalar krizisti bastan keshirmekte, olar júdá qıyınshılıq penen jańa shárayatlarǵa kónlikpekte, bárqulla da jańalıqlardı óz waqtında kózge ile almay atır. Rawajlanǵan mámleketler siyasiy sistemasında da úlken qayta qurıw alıp barılmaqta. Wákillik demokratiyasınıń rawajlanıwı jaqın kelshekte pútkilley jańa mazmun payda etiwi múmkin, qanday ekenligin waqıt kórsetedi. Biraq házirden baslap yaponlar mashqalalardıń unamlı sheshishiliwine isenim menen háreket etpekte.

Yaponiya sırtqı siyasatında AQSH penen qatnasıqları tiykarǵı orın tutadı. Ekinshi jáhán urısı juwmaqlanǵannan beri Yaponiya AQSHtıń aymaqtaǵı eń jaqın sawda sherigi hám strategiyalıq sherigi bolıp kelmekte. Yaponiyanıń Qıtay menen qatnasıqları júdá quramalı. 2005-jılı J.Koidzumi húkimeti Tayvan atawı máselesinde dáslepki ret AQSHtı ashıq qollaǵanda Qıtay menen qatnasıqları keskin jamanlastı. Jáhán birge islesiwin táshwishke salıp kiyatırǵan hám 2017-jılı jáne de keskinlesken Arqa Koreya máselesinde de Yaponiya menen Qıtay ortasında kelispewshilik bar.



**Decentrelizaciya** – bul qararlar qabıl etiw boyınsha wákillik hám minnetlemelerdi oraydan basqa shólkemlerge ótkeriw.

**Sekta** – bul adamlardıń kóbinese tar, júdá dinge berilgen hám ekstremistlik kózqaraslar sheńberinde birlesiwi, ulıwma diniy baǵdardan shetke shıǵıw.

**Áskeriy kontingent** – bul belgili bir áskeriy wazıypanı orınlaw ushın shólkemlestirilgen armiya hám áskeriy texnika toplamı.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. 1990-jılları Yaponiya ekonomikasında qanday ózgerisler júz berdi?
2. Ryutaro Xasimoto qanday reformalardı daǵaza etti?
3. XXI ásirde Yaponiyanıń turaqlı rawajlanıwı qanday faktorlarǵa tayanadı?
4. Yaponiya sırtqı siyasatında AQSH hám Qıtay menen qatnasıqları ne ushın tiykarǵı baǵdar esaplanadı?

## Óz betinshe jumıs



"Yapon ekonomikalıq ajaybatı" temasında esse jazıń.



Internet qurılmasınan Yaponiyaǵa virtual sayaxat uyımlastırıń hám zamanagóy Yaponiya rawajlanıwınıń tiykarǵı sebeplerin dápterińizge baǵana túrinde jazıń.

## 18-TEMA. 1991 – 2017-JÍLLARDA QUBLA-SHÍǴÍS AZIYA MÁMLEKETLERI

Qubla-Shıǵıs Aziya (QSHA) mámleketlerine rawajlanıwı bir-birine jaqın bolǵan Vetnam, Kambodja, Laos, Myanma, Tailand, Malayziya, Bruney, Shıǵıs Timor, Indoneziya hám Filippin kiredi. Bul mámleketlerde yarım milliardtan aslam adam jasaydı. Rawajlanıwdıń socialistlik jolın tańlaǵan Vetnam, Kambodja, Laos 1990-jıllarda júdá awır awhalda qaldı. Olar dúnyanıń eń kambaǵal mámleketleri qatarına kiredi. Socialistlik baǵdardaǵı húkmran partiyalar hákimiyatta qalǵan bolsa da, olar óz mámleketlerinde ayrıqsha reformalar ótkeriwge májbúr boldı.



**Qubla-Shıǵıs Aziyada qaysı mámleketler Yaponiya modeli tiykarında rawajlanıw jolın tańlaǵan?**

**Vetnam, Kambodja, Laos.** 1991-jılı bolıp ótken **Vetnam** Kommunistlik partiyasınıń VII seyezdi reformalar kursın daǵaza etti. Seyezd erkin isbilermenlikke ruxsat berdi, diyqanlar uzaq múddet jerge iyelik etiw huqıqın aldı.

Bazar reformaları nátiyjesinde turaqlı ekonomikalıq ósiw támiyinlendi, XX ásirdiń sońǵı jıllarında bul kórsetkish jılına 9% dı quradı. Shet el kapitalı tabıslı ózlestirildi, investiciyalardıń ósiwi baqlandı. XX ásirdiń aqırı hám XXI ásir baslarında Vetnamda shet el firmaları qatnasında bir qatar joybarlar ámelge asırıldı. Ekonomikalıq jetiskenlikler xalıqtıń jasaw dárejesin jaqsılaw imkanın berdi. Bul bolsa kóp milletli mámlekette turaqlılıq girewi bolıp qaldı.

Vetnamnıń ekonomikalıq jetiskenlikleri de sezilerli. Házir Vetnam azıq-awqat eksportı boyınsha Aziya mámleketleri ishinde birinshi, salı eksportı boyınsha dúnya mámleketleri ortasında ekinshi orındı iyelep turıptı.

**Kambodjada** hákimiyattı Joqarı milliy keńeske beriw haqqında 1991-jılı oktyabrde juwmaqlanǵan Parij konferenciyasında qarar etildi. BMSHnıń Kambodjadaǵı Waqıtsha hákimshiligi dúzildi hám ol ulıwma saylawlarǵa tayarlıqtı ámelge asırdı.

1999-jılı Kambodja ASEANnıń teń huqıqlı aǵzası boldı. XXI ásir baslarında Kambodja awır ekonomikalıq awhalda bolıp, xalıqaralıq járdem esabınan kún keshirdi. Mámlekette «tiri tovar» sawdası keń háwij alǵan bolıp, ata-analar balaların arzımaǵan pulǵa satar edi. XXI ásir baslarında

ayırım unamlı ózgerisler kózge taslandı. Densawlıqtı saqlaw hám bilimlendiriwge ajıratılǵan qárejetler kóbeytildi, mámlekette kambaǵalshılıq dárejesin tómenletiw ilajları ámelge asırıldı.




QSHA mámleketleri

**Laosta** 1991-jılı konstituciya qabıl etildi. Parlament-Milliy assambleyanıń nızamshılıq xızmeti kúsheydi. Laos ASEANǵa aǵza boldı.

XXI ásir baslarına kelip ekonomikanıń tek ǵana 10%ı mámleketke tiyisli edi. 1999-jılı mámleket birinshi márte ózin salı menen támiyinledi. Áste-aqırın Laosqa shet el kapitalı qaytıp kelmekte, inflyaciya tómenledi, milliy valyuta-kipanıń qunı artpaqta. Konstituciyaǵa muwapıq mámlekette bir partiyalı sistema húkmran bolıwına qaramastan, demokratiya elementleri áste-áqırın payda bolmaqta. 2016-jılı bolıp ótken parlament saylawlarda bir orınǵa ortasha 1,5 kandidattan tuwra keldi.


Mahatxir Muhammed

**Shıǵıs Aziya mámleketleri.** 1980-1990-jılları Shıǵıs Aziya mámleketleriniń barlıǵında ekonomikalıq ósiwdiń joqarı pátleri gúzetildi. Bul olarǵa 1990-jıllardıń baslarında-aq zamanagóy dúnyada ayrıqsha tásirge iye bolǵan «jańa industrial mámleketler» dep atalıwshı topar qatarınan orın alıw múmkinshiligin berdi.

**Malayziya** kúshli ekonomikalıq rawajlanıw sebepli korrupciya hám mámleket arqasında islam fundamentalistlariniń jedellesiwi menen baylanıslı ishki siyasiy krizisti jeńip ótti. 1995-jılı aprelde bolǵan saylawlarda doktor Mahatxir Muhammed basshılıǵındaǵı Malayziya birlesken milliy partiyası (MBMP) isenimli jeńisti qolǵa kiritti hám bunıń menen islam fundamentalistleriniń hákimiyatqa keliwiniń aldın aldı.

1990-jılı Malayziyanıń ekonomikalıq ósiw pátleri joqarı bolıp, ol industrial rawajlanǵan mámleketler qatarına umtılmaqta. XXI ásir baslarına kelip mámleket tek ǵana shiyki zattıń áhmiyetli túrlerin emes, al júdá úlken kólemde sanaat ónimlerin de eksport etpekte.

Malayziyada mámleketti rawajlandırıwdıń 2020-jılǵa shekemgi bolǵan baǵdarlaması islep shıǵılǵan. Oǵan muwapıq 2020-jılǵa Malayziya industrial rawajlanǵan mámleketler qatarınan orın alıw kózde tutılǵan.


Joko Vidodo

**Indoneziyaǵa** 1990-jıllardaǵı "Aziya krizisi" júdá qattı tásir kórsetti. Ekonomikalıq ósiw pátleri tómenlep ketti. Bul xalıqtıń ǵalaba narazılıǵın keltirip shıǵardı. Prezident Suxarto otstavkaǵa shıǵıwǵa májbúr boldı. Bul waqıtqa kelip, mámleketti islam fundamentalizmi tolqını qamtıp aldı. Musılmanlar ortasında kóterilisler, xristianlardı qırǵın etiw, mámlekettiń hár túrli aymaqlarında ayırmashılıq shıǵıwlar baslanıp ketti.

2001-jılı mámleket prezidenti etip Megavati Sukarnoputri saylanıwı xalıq tárepinen jıllı júzlik penen qarsı alındı, rupiyanıń kursı tezde asıp ketti, fond bazarı da jedellesti. 2014-jılı bolıp ótken náwbettegi saylawlarda Joko Vidodo Indoneziya prezidenti etip saylandı.



Filippinlik Karen Ibasko -«Miss-2017» dúnya gózzalları tańlawı jeńimpazı

**Filippinde** 1992-jılğı saylawlarda general Fidel Ramos mámleket prezidenti etip saylandı. Ol qubladağı musılman hár qıylı ayırıwshılardı qıyratıwğa urındı, biraq buğan erise almadı.

Filippinde musılmanlardıń bir neshe radikal shólkemleri bar. Olardıń qaramağında on mıńlağan jaqsı qurallanğan Awğanstan hám Arqa Kavkazda tájiriybe arttırğan, Irak hám Siriyada ISHIM qatarına barıp qosılğan urıs qumarlar bar.

Ishki jağdaydıń awırlığına qaramastan 1990- jılları ekonomikalıq ósiwdi jedellestiriwge erisildi. Filippin elektron hám ximiya sanaatı ónimlerin islep shığarıwshı eń iri mámleketlerdiń birine aylandı.

2016-jılı mayda bolıp ótken saylawlarda Rodrigo Roa Duterte jeńiske erisip, Filippin prezidenti boldı. Ol mámlekette 2006-jılı biykar etilgen ólim jazasın qayta tiklew tárepdarı. 2016-jılı iyulda mámlekette narkotik sawdası menen nızamsız shuğıllanıwshılarğa qarsı kompaniya baslanıp, narkotik sawdasında gúman etilgen 2 mıńnan ziyat adam óltirildi. Narkotik sawdasında gúman etilgenlerdiń sudsız óltiriliwi jáhán jámáátshiligin táshwishke salmaqta.

**QSHA aymağındağı «jańa industirial mámleketler».** XX ásirdiń ekinshi yarımı- XXI ásir baslarında jedel modernizaciyalawdı ámelge asırğan **Qubla Koreya, Tayvan, Singapur, Gonkong** rawajlanıwdıń joqarı pátlerin támiyinlep, «Aziya jolbarısları», «jańa industrial mámleketler» dep atala baslandı. Olarda xalıqtıń jasaw dárejesi keskin jaqsılandı.

Bul mámleketlerde sanaattıń kemesazlıq, avtomobilsazlıq, neftti qayta islew tarawları hám jeńil sanaat buyımların islep shığarıw rawajlanğan. Ilim talap etiletuğın joqarı texnologiyalardı engiziw, kompyuterlestiriw hám robotlastırıw boyınsha joqarıdağı mámleketler dúnyada eń aldıńğılarınan esaplanadı.

### Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Vetnamda 1991-jılı baslanǵán ekonomikalıq reformalar qanday nátiy-jelerge alıp keldi?
2. XXI ásirde Kombodja hám Laosta qanday ózgerisler júz berdi?
3. Shıǵıs Aziya mámleketleri rawajlanıwdıń qanday dárejesinde turıptı?
4. QSHA aymaǵındaǵı «jańa industrial mámleketler»de sanaattıń qaysı tarawları rawajlanǵan?

### Óz betinshe jumıs



Qubla-Shıǵıs Aziya mámleketlerinde ámelge asırılǵan reformalar menen ǵárezsizlik jıllarında Ózbekstanda ótkerilgen reformalardı salıstırıń. Uqsas hám ózgeshelik tárepplerin Veen diagrammasında kórsetiń.

## 19-TEMA. 1991–2017-JÍLLARDA HINDSTAN RESPUBLIKASÍ

**1990-jıllarda Hindstan.** Bul dáwirde Hindstannıń ekonomikalıq awhalı jamanlastı: jáhán ekonomikasında júz bergen túskinlik Hindstandı da shetlep ótpedi. Ekonomikalıq ósiw derlik toqtadı, inflyaciya kúsheydi, jumıssızlıq ósti. Mámlekette túrli etnikalıq hám diniy toparlar ortasında qarama-qarsılıq, ulıwma qıyınshılıq jaǵdayı kúsheyip bardı. Usınday jaǵdayda 1991-jılı tamil terrorshısı tárepinen Hindstan bas ministr Rajiv Gandi óltirildi.



**Maxatma Gandi xızmetleri haqqında nelerdi bilesiz?**

Hákimiyatqa kelgen Narasimxa Rao húkimeti bazar reformalarınıń jańa basqıshın basladı. Mámleket sektorı qısqartılıp, iri kárxanalar menshiklestirildi. Ekonomikaǵa mámlekettiń aralasıwı jáne de kemeytirildi. Bir qatar ayrıqsha ilajlar da ámelge asırıldı. Tiykarınan, rupiya devalvatciya



Narasimxa Rao

etildi, salıq reformaları ótkerildi, mámlekettiń valyuta qorı toltırıldı.

1990-jıllarda Hindstan ayrıqsha jetiskenliklerge eristi. Usı dáwirde JIÓ kólemi bir neshe ese ósti. Islep shıǵarıwdıń joqarı ósiw pátleri támiyinlendi. Bul dáwirde Hindstan óziniń altın-valyuta qorların arttırıwǵa umtıldı, neft qazıp alıwdı kóbeytti.

Awıl xojalıǵı da tabıslı rawajlandı. 1992-jıldan Hindstan ǵálleni eksport etiwdi basladı. Mámleket kóplegen, sonıń ishinde joqarı texnologiyalı ónimlerdi de eksport etti. Máselen joqarı sıpatlı kompyuter baǵdarlamaların satıwdan jılına bir neshe milliard dollar payda almaqta. Hindstan kompyuter baǵdarlamaların jaratıw tarawındaǵı joqarı qánigeli kadrlar sanı boyınsha dúnyada AQSHtan soń ekinshi, ilimiy-texnikalıq xızmetkerler sanı boyınsha úshinshi orında turadı.



Atal Bixari Vajpai

**Zamanagóy Hindstan.** 1998-jılı martta bolıp ótken parlament saylawlarında Xalıq-demokratiyalıq alyansı jeńiske erisip, onıń jetekshisi Atal Bixari Vajpai bas ministr lawazımın iyeledi.

Kóplegen tábiyiy qıyınshılıqlarǵa, sonıń ishinde mámleket batısındaǵı qurǵaqshılıqqa qaramastan A.B.Vajpai húkimeti óziniń bir qatar rejelerin ámelge asırdı. Kashmirdegi musılman seperatizmin hálsizlendiriw ilajları ótkerildi.

2000-jılı mámleket arqa-batısta úsh jańa shtat shólkemlestirdi. Húkimet mámlekettiń bul aymaǵın rawajlandırıwǵa úlken itibar qarattı, usı maqsette birinshi márte arnawlı ministrlik dúzildi.

A.B. Vajpai húkimeti dawıs beriwdiń jáne de erkinligin, saylaw aldı kompaniyasında finanslıq qárejetlerdiń asqanlıǵın támiyinlew maqsetinde bir qatar saylaw reformaların ámelge asırdı.




**1991-jılı tamil terrorshısı tárepinen Hindstan bas ministr Rajiv Gandi óltirildi.**

**2000-jılı mámleket arqa-batısta úsh jańa shtat shólkemlestirdi.**




Hindstan Respublikası

Ekonomikalıq tarawda A.B.Vajpai kabineti xojalıq xızmetine húkimettiń tikkeley aralasıwın qısqartıw sharaların kórdi. Ol kóplegen tarawlarda mámleket monopoliyasın biykar etti, isbilermenler hám firmalar xızmeti ústinen qadaǵalawdı kemeyttirdi, salıqlardı azayttı. Húkimet turaqlı ekonomikalıq ósiwdi, Hindstan sanaatınıń básekilesiwshiligin, kompyuter texnologiyaları, transport hám baylanıs tarawlarınıń rawajlanıwın támiyinledi. Biraq ekonomikanıń jáne de liberallasıwı ásirese jaslar arasında jumıssızlıqtıń ósiwine, jarlılıq mashqalasınıń keskinlesiwine alıp keldi. Nátiyjede 2004-jılı may ayında bolıp ótken saylawlarda Hindstan milliy kongressi (HMK) sollar menen birgelikte jeńiske eristi.

Húkimetti Manmoxan Singx basqárdı. Jańa húkmet kishi óndiristi qollap-quwatlawǵa, jumıssızlıqtı azaytıwga, xalıqtıń kem dárámat bólimin azıq-awqat penen támiyinlewdi jaqsılawǵa, jarlılar sanın azaytıwǵa, insan mápleri jolında ekonomikalıq reformalar ótkeriwge wáde berdi.

Hindstan XXI ásirde dúnyanıń ekonomikalıq jetekshilerinen birine aylanıwǵa dawa etip atırǵan mámleket. 2006-jılı daǵaza etilgen Jáhán bankiniń prognozlarına qaraǵanda, 2025-jılǵa barıp, Hindstan ekonomikası dúnyada Qıtay hám AQSHtan sońǵı úshinshi orınǵa shıǵıwı múmkin. Hindstan házirdiń ózinde turaqlı ekonomikalıq ósiwdi táminlew, joqarı qosımsha bahaǵa iye bolǵan sektordı rawajlandırıw, sonday-aq, bilimlendiriw hám den sawlıqtı saqlaw sistemasın jetilistiriw jolınan barmaqta. 2014-jılı Hindstan bas ministri bolǵan Narenda Modi de reformalar siyasatın dawam ettirmekte.


Narendra Modi

Hindstannıń ishki hám sırtqı siyasatında, XXI ásirde onıń ekonomikalıq rawajlanıwına tásir kórsetken hám kórsetip atırǵan sheshiwshi faktor mámlekettiń demokratiyalıq joldan rawajlanıwı boldı. Onda hákimiyattıń basshı organlarında jámiyettiń túrli qatlamları wákilleriniń qatnasıwı ushın múmkinshilik jaratıldı. Hindstanda sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwdıń bir qansha joqarı pátleri xalıqtıń úlken bóliminiń jasaw jaǵdaylarınıń jaqsılanıw múmkinshigin berdi, bul hind jámiyeti hám mámleketiniń erisken eń úlken jetiskenligi esaplanadı.



**1991-jılı ...** **1998-jıl martta ...**
**Demografiyalıq mashqala ...**
**Zamanagóy Hindstannıń mashqalaları ...**

Usıǵan qaramastan keń kólemdegi sociallıq mashqalalar mámlekettiń úzliksiz rawajlanıwına tosqınlıq etip turıptı. Olardan eń tiykarǵısı demografiyalıq mashqala. 2017-jıl aqırına kelip Hindstanda xalıqtıń sanı 1 mlrd 350 mln. adamnan asıp ketti. Mámlekette 400 mlń jarlılar bolıp, xalıqtıń derlik 1/3 bólimi sawatsız. Sonday-aq, Hindstan kóp etnikalıq, kóp tilli, xalqı eń tez kóbeyip atırǵan mámleket bolǵanı ushın etnikalıq mashqalalar bárqulla saqlanıp qalmaqta. Olar, máselen Panjabta sikx-

ler, Assamda bengallar, Qubla Hindstanda tamiller, Kashmir mashqalası sıyaqlılardan ibarat. Bulardan tısqarı, diniy mashqalalar da bar. Máselen, házir Hindstandaǵı musılmanlardıń sanı 160 mln. adamnan asıp ketken. Olardıń hindler menen qatnasıqlarında kelispewshilikler bar. Jarlılıqtı saplastırıw, jumıssızlıq dárejesin tómenletiw hám xalıqtıń jasaw dárejesin arttırıwda turaqlı túrde mámleket hám jámiyettiń eń áhmiyetli mashqalası bolıp qalmaqta.

Usı qıyınshılıqlarǵa qaramastan, Hindstan demokratyalıq rawajlanıw jolınan jedel barmaqta. Bul mámlekettiń jańa dáwir shaqırıqlarına múnásip juwap beriwi ushın kúshli tiykar esaplanadı.

Sırtqı siyasatta Hindstannıń baslı maqseti dúnyanıń jetekshi mámleketleriniń birine aylanıw bolıp esaplandı. Ekonomikanı jedel rawajlandırıw tiykarında mámlekettiń ekonomikalıq hám siyasiy qúdiretin arttırıw, yadro quralına hám zamanagóy texnikaǵa iye bolǵan kúshli armiyanı jaratıw usı maqsetke qaratılǵan edi. Hindstan BMSH Qáwipsizlik Keńsiniń turaqlı aǵzası bolıwı ushın tınımsız háreket etip kelmekte.

XXI ásirde de Hindstannıń sırtqı siyasatı dástúriy baǵdarda dawam etpekte. Bul siyasattıń tiykarın jámiyette demokratiyalıq qádriyatlar ústem bolǵan sharayatta mámlekettiń sırtqı qáwipsizligin támiyinlew kursın qáliplestirip, bul kurs jámiyettiń úlken bólimi tárepinen qollap-quwatlanbaqta.



**Devalvatciya** – bul qatań xalıqaralıq valyutaǵa salıstırǵanda milliy valyutanıń rásmiy kursın tómenletiw.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Narasimxa Rao húkimeti ámelge asırǵan reformalar nátiyjesinde Hindstan 1990-jılları qanday jetiskenliklerge eristi?
2. A.B.Vajrai húkimeti qanday áhmiyetli ilajlardı ámelge asırdı?
3. Hindstan XXI ásirde qanday jetiskenliklerge erisiwdi maqset etip rawajlanbaqta?
4. XXI ásirde hind jámiyeti aldında qanday eń áhmiyetli mashqalalar turıptı?

## Óz betinshe jumıs



Kartadan 1991 – 2017-jıllarda Hindstan tariyxında tiykarǵı orınlardı iyelegen shtatlardı tabıń hám túsinik beriń.

## 20-TEMA. 1991 – 2017-JÍLLARDA TÚRKIYA RESPUBLIKASÍ

**1990 – 2000-jıllar baslarında Túrkiyanıń siyasiy rawajlanıwı.** 1980-jıllar aqırı-1990-jıllar baslarında dúnyada júz berip atırǵan siyasiy ózgerisler Túrkiyaǵa da óz tásirin kórsetti. 1989-jılı belgili reformator Turǵut Ozol Túrkiya Respublikası prezidenti etip saylandı. Saylaw haqqındaǵı jańa nızam qabıl etilip, siyasiy partiyalar ushın bir qatar jeńillikler jaratıldı.

Biraq bul jeńilliklerden birinshi náwbette túrli islam dini tárepdarlarınıń partiyaları ónimli paydalandı. M.K.Atatúrik dáwirinen beri Túrkiya Respublikasınıń dúnyalıq rawajlanıw jollarınan barıwǵa ózin juwápker esaplap kiyatırǵan armiya basshılarınıń eskertiwlerine qaramastan, jámiyette islamshı partiyalardıń tásiri artıp bardı. Usınday sharayatta 1993-jılı Turǵut Ozol qaytıs boldı. Túrkiya prezidenti etip Sulayman Demirel saylandı.



**Túrkiya tariyxında Mustafo Kamal Atatúrk xızmetleri nelerden ibarat?**

1995-jıl aqırında náwbetten tısqarı parlament saylawları bolıp ótti. Saylaw jámiyette islam dininiń tásiriniń óskenligin jáne bir márte kórsetti. Islam dini tárepdarlarınıń Nejmiddin Erbakan basshılıǵındaǵı «Refax» (Tınıshlıq) partiyası eń kóp dawıs aldı.

Usı dáwirde kurdlar mashqalası da qızǵınlı boldı. Húkimet siyasatınan narazı bolǵan Abdulla Ojalon basshılıǵındaǵı Kurd jumısshı partiyası húkimetke qarsı urıs daǵaza etti. Kózge kóringen siyasatshılarǵa qarata terroristlik aktlerdi ámelge asırdı. Tek ǵana A.Ojalon qamaqqa alınǵannan soń Kurd jumısshı partiyası áskeriy háreketlerdi toqtatıwǵa, mashqalalardı tınısh jol menen sheshiwge qarar etti.

Mámlekette islam dini tárepdarlarınıń poziciyasınıń kúshewi dawam etti, olar jergilikli hákimiyat organlarında barǵan sayın kóp orınlardı iyeledi, bunıń ústine húkimeti de basqardı. Kópshiliktiń pikirinshe, náwbettegi saylawlarda islam dini tárepdarları tolıq jeńiske erisiwi lazım edi. Bunnan narazı bolǵan armiya basshıları prezident S.Dimereldi bir neshe márte eskertti.




**1993-jılı Turǵut Ozol qaytıs boldı. Túrkiya prezidenti etip Sulayman Demirel saylandı.**

**2000-jıllarda da áskeriyler hám islamshılar ortasındaǵı qatnas Túrkiya ushın tiykarǵı mashqala bolıp qaldı.**

2000-jılı bolıp ótken parlament saylawlarında Demokratiyalıq sol partiya jeńiske eristi. Mámlekette islam dini tárepdarlarına qarata qatań poziciya saqlanıp turdı. Túrkiya prokuraturası "Nurshılar" shólkemi konstituciyaǵa qarsı keledi dep tán aldı. Bul shólkem hám "Xesboloh" partiyasınıń túrk filialınıń xızmeti qadaǵan etildi. Armiya bas shtabı baslıǵı eger islamshılar hákimiyatqa kelse, áskeriylerdiń konstituciyanı qorǵawǵa tayarlıǵı haqqında jáne bir márte eskertti. Usıǵan qaramastan 2002-jılǵı saylawlarda islamshılardıń Rejep Tayyip Erdogan basshılıǵındaǵı Ádalat hám rawajlanıw partiyası (ÁRP) parlament saylawlarında jeńiske eristi. P.Erdogan sud húkimine kóre siyasiy lawazımdı iyelew huqıqınan ayırılǵanlıǵı ushın bas ministr lawazımın Abdullah Gul iyeledi.

Armiya sergek bolıp turdı. Áskeriyler jaǵdaydı dıqqat penen baqlap bardı hám zárúr bolǵanda aralasıwǵa tayar edi. 2003-jılı R.Erdogan Túrkiya bas ministri lawazımın iyeledi.

**Ekonomikalıq rawajlanıw.** Túrkiyada ekonomikalıq reformalar 1990-jıllarda da dawam etti. JIÓniń jıllıq ósiwi bir qansha joqarı bolıp, 1990-jıllardıń aqırında eksporttıń tiykarǵı bólimin sanaat ónimleri quradı. Joqarı sıpatlı ónimlerdi islep shıǵarıwshı júdá kóplegen jeke kárxanalar payda boldı. Túrkiyanıń valyuta qorı kóbeyip, JIÓ jan basına 3000 dollardan asıp ketti. Túrkiya jáhán bazarına básekiles ónimlerdi jetkerip beriwshi joqarı dárejede rawajlanǵan mámleketke aylandı. XX ásir aqırına kelip Túrkiyanıń tiykarǵı sanaat ónimleri Evropa mámleketleriniń usınday tovarları menen biymálel básekilese aldı.

Túrkiyanıń júdá úlken mashqalası mámlekettiń barlıq tarawların qamtıp alǵan korrupciya bolıp qaldı. Usı másele boyınsha 2000-jıllar

basında prezident penen bas ministr ortasında ajıralıw júz bergennen soń finans krizisi payda boldı: mámleketten investiciyalar kete basladı. Túrkiya Oraylıq banki aralasıwına májbúr boldı, bul bolsa qordağı shet el valyutalalarınıń keskin kemeyiwine alıp keldi. Aqıbetinde erkin qoyıp jiberilgen lira birden keskin qádirsizlendi. Biraq krizisler Túrkiyanıń sońğı jıllardağı ekonomikalıq jetiskenliklerin joqqa shığara almadı. Túrkiya búgin dúnyanıń eń jedel rawajlanıp atırğan mámleketlerdiń biri bolıp, G-20 klubınıń ağzası esaplanadı.




Túrkiya Respublikası

**XXI ásirde Túrkiya.** 2000-jıllarda da áskeriyler hám islam dini tárepdarları ortasındağı qatnas Túrkiya ushın tiykarğı mashqala bolıp qaldı. 2007-jılı júdá milletshi «Ergenekon» jasırın shólkeminiń xızmeti menen baylanıslı tergew hám qamaqqa alıwlar basландı. Túrkiya sudı úsh otstavkadağı generaldı mámleket awdarıspağın ámelge asırıwğa urınıwda ayıplı dep taptı hám 20 jıl qamaq jazasına húkim etti. Túrli múddetke qamalğanlar arasında jazıwshılar, jurnalistler, professorlar hám parlament deputatları da bar edi. Bul shólkem ağzaları R.Erdogan hú-kimetin awdarıp taslawğa tayarlıq kóriwde ayıplandı. Shólkem ağzaları

hám olarǵa tilekles bolǵan jurnalistlerdiń pikirinshe, bul sud procesi mámlekette óz poziciyasın bekkemlewge umtılıp atırǵan húkimet tárepinen uyımlastırılǵan gáp-sóz edi.

Usı dáwirden Túrkiya Siriyadaǵı waqıyalarǵa jedel aralasa basladı. Siriya menen shegeralanǵan Diyorbakir aviabazasına F-16 qırıwshı samolyotlar jaylastırıldı. NATO Túrkiyanı qollawǵa tayar ekenligin bildirdi.

2014-jılı bolıp ótken prezidentlik saylawlarda R.Erdogan Túrkiya prezidenti etip saylandı. Bul Túrkiyada prezident tikkeley xalıq tárepinen saylanǵan birinshi saylawlar edi. Burınları prezident parlament tárepinen saylanǵan. Referendumda xalıq prezidenttiń xalıq tárepinen tuwrıdan-tuwrı saylanıwı ushın dawıs bergennen soń 2012-jılı bul haqqında nızam qabıl etildi.

2015-jıldıń ekinshi yarımında Siriyada ISHIMne qarsı antiterrorshılıq operaciyasına qatnasıp atırǵan Rossiyanıń Su-24 áskeriy samolyotı Túrkiya tárepinen urıp túsiridi. Bul eki mámleket ortasındaǵı qatnasıqlardı quramalastırıldı, Rossiya Túrkiyaǵa qarsı ekonomikalıq sankciyalar daǵaza etti.



**2015-jıldıń ekishi yarımında ... 2014-jılı ... R.Erdogan dáwiri ...**

2016-jılı Túrkiya áskeriyleri náwbettegi mámleketlik awdarıspaqtı ámelge asırıwǵa urınıp kórdi. Bir qatar áskeriy bólimler Ankara, Istanbul, Marmaris, Kwnya hám Malate qalalarında bir qatar strategiyalıq obektlerdi óz qadaǵalawına alıwǵa urındı. Istanbul qalasındaǵı prezidentlik rezidenciyasın samolyotlardan bombaladı. Usı waqıtta kóterisshiler Istanbul hám mámleket paytaxtı Ankara qalasındaǵı xalıqaralıq areportlardı óz qadaǵalawına aldı. R.Erdogan kóterisshiler iyelewge úlgermegen telekanal arqalı xalıqqa múrájáát etti. Xalıq prezidentti quwatlap qalalarda demonstraciyaǵa shıqtı. Awdarıspaqqa urınıw jáhán jámáátshiligi tárepinen de qaralandı.

Kóterilis bastırıldı. 60 mıńnan aslam adam, tiykarınan armiya oficerleri qamaqqa alındı. Túrkiya armiyasında, mámleket apparatında tazalaw ótkerildi. Oppoziciyaǵa baylanıslı dep esaplanǵan onlaǵan gazetalar, telekanallar jabıldı. 2017-jıl aprelde referendum ótkerilip, onıń nátiyjesi boyınsha Túrkiyada prezident basqarıwı engizildi.

Áskeriy awdarıspaqqa urınıwdan keyin oppozicyaǵa qarsı qatań háreketleri ushın AQSH hám EA tárepinen sınǵa ushıraǵan Túrki-

ya húkimeti Rossiya menen jaqınlasıw jolın tuttı. Túrkiya prezidenti R.Erdogan Rossiya prezidenti V.Putin menen bir neshe márte ushırasıp, eki mámleket ortasında úzilip qalǵan sawda, ekonomikalıq hám gumanitar baylanıslardı tiklewge kelisip aldı. 2017-jılı noyabrde Rossiyanıń Sochi qalasında V.Putin, R.Erdogan hám Iran prezidenti H.Ruhoniy ortasında sóylesiwler ótikerilip, onda terroshılıqqa qarsı awqamlıqta gúresiwge, Siriyada tınıshlıq ornatıwǵa qarar etildi.

### Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. 1990-jıllar aqırı-2000-jıllar baslarında Túrkiyadaǵı siyasiy processlerdiń ózine tán tárepi nelerden ibarat?
2. Túrkiyadaǵı siyasiy processlerde islam faktorı qanday rol oynaydı?
3. Túrkiyanıń ekonomikalıq rawajlanıwında qanday mashqalalar bar?
4. Jaqın Shıǵıstaǵı waqıyalar Túrkiyanıń sırtqı siyasatında qanday rol oynamaqta?

### Óz betinshe jumıs



Ǵárezsizlik jıllarında Ózbekstan Respublikası hám Túrkiya ortasındaǵı baylanıslardıń xronologiyasın dúziń.

## 21-TEMA. 1991 – 2017-JÍLLARDA IRAN ISLAM RESPUBLIKASÍ

**XX ásir aqırlarında Iran.** XX ásirdiń ekinshi yarımında Iran jámiyetinde socialıq-ekonomikalıq hám siyasiy turaqsızlıq dáwiri boldı. Biraq usı dáwirde mámleket ushın eń áhmiyetli waqıyalar bolıp ótip, olar belgili bir mániste zamanagóy Irannıń rawajlanıw jolın belgilep berdi.



**Iran tariyxında «Aq revolyuciya» qanday nátiyjeler menen juwmaqlandı?**

Usı dáwirde Iran Islam Respublikasında áhmiyetli siyasiy procesler júz berip, jáhán tariyxında dáslepki ret revolyuciyalıq islam XX ásirde pútkil

islam civilizaciyası aldında turǵan mashqalardı sheshiwdiń quralına aylandı. Islam dini Jaqın Shıǵıs hám Arqa Afrikada júdá qúdiretli ekonomikalıq-siyasiy kúsh sıpatında maydanǵa shıqtı hám usı aymaqlarda Batıs mámleketleriniń qádriyatların engiziwge belsendilik penen qarsı turmaqta.

1990-jıllar baslarında Irannıń ekonomikası turaqlasıp, JIÓniń tez ósiwine alıp keldi. Islam radikalizmi de biraz hálsizlendi. Iran jáhán sport hám mádeniyat maydanına qayttı. 1999-jılı Irannıń «Aspan balaları» filmi AQSHta «Oskar» sıylıǵına usınıs etildi. Mámlekette shet el muzıkası hám internet-kafelerge ruxsat berildi. Hayallarlar da belsendilik penen sociyalliq turmısqa qayttı.

Iran xalıqaralıq jekkeleniwden qutılıw ushın reformalar ótkeriwge májbúr boldı. 1997-jılı reformalıq kóz qaraslardı qollap-quwatlaǵan M.Hotamiy prezident etip saylandı. Ol Iranda demokratiyalıq hám tolerant jámiyet qurıwǵa qaratılǵan reformalardıń baslanǵanlıǵın, sonday-aq Bastıs mámleketleri menen qatınasıqlarda unamlı ózgerisler bolıwın daǵaza etti. Biraq reformalardı ámelge asırıwda Muhammad Hotamiy fundamentalistlerdiń qattı qarsılıǵına dus keldi.


Mahmud Ahmadinajod

**Zamanagóy Iran.** 2001-jılı 11-sentyabr kúni Nyu-Yorkta ámelge asırılǵan terroristlik aktinen soń AQSH Irandı «Xalıqaralıq terrorizmniń sherigi» dep atadı. Bul tamǵadan qutılıw ushın Iran bir qansha jumıslardı ámelge asırdı. «Hizbollah» basshıları Irannan quwıp shıǵarıldı, Sudan, Liviya, Bosniyadaǵı iranlıq diniy másláhátshiler shaqırıp alındı. Biraq usıǵan qaramastan, AQSH Irandı jasırın tárizde yadro quralın jaratıw ústinde jumıs alıp baratǵanlıqta ayıpladı. 2002-jılı AQSH prezidenti J.Bush Irandı «jawızlıq tayanıshı» mámleketleri qatarına qosıp, terrorizmdi qarjılandırıwda ayıpladı. AQSH Irandı xalıqaralıq izolyatciya etiwge háreket etti. Biraq bul háreket Franciya, Germaniya, Ullı Britaniya tárepinen maqullanbadı hám de Iranǵa áskeriy texnika jetkerip berip atırǵan hám atom elektrtrostanciyasın qurıp atırǵan Rossiyanıń qarsılıǵına ushıradı.

2005-jılı ultrakonservator Mahmud Ahmadinajodtıń prezident etip saylanıwı Iranda reformalardıń barısın, mámlekettiń jáhán jámiyetshiligine qaytıwın biraz páseńletti. M.Ahmadinajod ózinen aldıńǵı prezidentlerdiń bir qatar liberal reformaların toqtatıp qoydı.

Xumayniy qaytıs bolǵannan soń Iranda saqlanıp qalıp atırǵan teokratik rejim jáne de kúsheydi. Islam huqıqına (sháriyatına) tiykarlanǵan nızamlar insan huqıqları boyınsha bir qatar mashqalalardı payda etti. Máselen, usı dáwirde Iran ólim jazasın ámelge asırıw boyınsha dúnyada ekinshi orında (Qıtaydan soń) turar edi. 2006-jılı mámlekette eki júzden artıq adam, sonnan jeti balaǵat jasına jetpegen balalar óltirildi. Sırtqı siyasatta M.Ahmadinajod konservativ kóz qaraslarǵa ámel etti. Ol J.Bush hákimiyatın keskin qaraladı, Irannıń arab mámleketleri hám Rossiya menen awqamın kúsheytiw tárepdarı boldı.




Iran Islam Respublikası




**1997-jılı reformalıq kóz qaraslardı qollap-quwatlaǵan M.Hotamiy prezident etip saylandı.**

**2002-jılı AQSH prezidenti J.Bush Irandı «jawızlıq tayanıshı» mámleketleri qatarına qosıp, terrorizmdi qarjılandırıwda ayıpladı.**

2009-jılı náwbettegi prezident saylawı bolıp ótti. Saylawlarda ámeldegi prezidentten basqa jáne úsh kandidat qatnastı. Tiykarǵı gúres konservator-prezident M.Ahmadinajod penen reformalar wáde etip atırǵan Mir-Husayn Musaviy ortasında keshti. Biraq birinshi turda-aq M.Ahmadinajod jeńiske eristi.


Eronlik sportchi qizlar

Oppoziciya saylaw nátiyjesin tán almadı. Tegeran hám basqa bir qatar qalalarda demonstraciyalar hám policiya menen soqlıǵısıwlar bolıp ótti. Ayırım oppoziciyalıq partiyalardıń aǵzaları qamaqqa alındı.

Bar bolǵan mashqalalarǵa qaramastan, XXI ásirde Iran jarlılıq, sawatsızlıq hám qalaqlıq batpaǵına batqan mámleketke pútkilley uqsamaydı. Zamanagóy Iran-Orta Shıǵıstıń eń iri ekonomikasına iye bolǵan industrial mámleket. Ol 2009-jılı Semnondaǵı kosmodromnan Safir-2 raketası járdeminde óziniń «Úmit» atlı jasalma joldasın keńislikke shıǵardı, kosmostı ózlestirip atırǵan mámleketler qatarınan orın iyeledi.

Iranda bilimlendiriw hám ilim rawajlanǵan, urbanizaciya dárejesi 70%ǵa jaqınlaspaqta, densawlıqtı saqlaw hám sociallıq támiynat sisteması jaqsı jolǵa qoyılǵan. Iran jaslar mámleketi, xalqınıń yarımın 30 jastan tómen bolǵan jaslar quraydı. Irannıń zamanagóy mashqalaları ishinde eń tiykarǵıları jumıssızlıq hám inflyaciya dárejesiniń joqarılıǵı bolıp kelmekte.



**Tolerantlıq** – bul ózgeshe dúnya qaras, turmıs tárizi, minez qulqı, ádep-ikramlıǵı hám úrip-ádetlerine salıstırǵanda sabırlı bolıw.

**Izolyatciya** – xalıqaralıq keń jámiyetshilikten ajıratıp qoyıw, jekkelew

**Ultrakonservator** – bul keskin konservativ kóz qaraslarǵa iye bolǵan dinge berilgen adam.

2013-jılı iyunda bolıp ótken prezidentlik saylawlarda Hasan Ruhoniydiń jeńiske erisiwi Iranda júz berip atırǵan tereń ózgerislerdi ańlatadı. Irannıń jáhán keń jámiyetshiligine tolıq integraciyalasıwına tosqınlıq etip turǵan yadrolıq baǵdarlaması da on jıllardan artıq dawam etken sóylesiwlerden soń 2015-jılı iyulde Iran menen altı mámleket (AQSH, Ros-


Hasan Ruhoniy

siya, Qıtay, Ullı Britaniya, Franciya, Germaniya) wákilleri tárepinen qol qoyılǵan kelisim arqalı sheshildi. Iran 15 jıl ishinde bayıtılǵan uran islep shıǵarmaytuǵın, ornına Batıs mámleketleri 2015-jıldıń aqırınan baslap oǵan qarsı qollanılǵan sankciyalardı basqıshpa-basqısh biykar etetuǵın boldı. Usınday jaǵdayda, 2016-jılı fevral ayında Iranda parlament saylawları bolıp ótti. Saylawlarda reformatorlar koaliciyası konservatorlardan kóbirek dawıs aldı. Bul mámlekettegi unamlı ózgerisler ushın jaqsı tiykar bolıp, prezident Hasan Ruhoniy abıroyınıń joqarılaǵanlıǵın kórsetedi.

### Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Prezident M.Hotamiy demokratiyalıq reformalardı ótkeriwde qanday qıyınshılıqlarǵa ushıradı?
2. 2001-jılı 11-sentyabrden soń Iran menen AQSH ortasındaǵı qatnasıqlarda mashqalalardıń kúsheyiwine neler sebep boldı?
3. M.Ahmadinajodtıń ultrakonservativ siyasatı Iran jámiyetinde qanday mashqalalardı keltirip shıǵardı?
4. Zamanagóy Irannıń jeńisleri hám mashqalaları haqqında aytıp beriń.

### Óz betinshe jumıs



Temaǵa baylanıslı tiykarǵı túsiniklerdi sózlik járdeminde awdarma isleń hám dápterińizge jazıń

## 22-TEMA. 1991 – 2017-JÍLLARDA PAKISTAN HÁM AWǴANSTAN

**Pakistan.** 1990-jılları Pakistanda qızǵın siyasiy procesler hám hákimiyattıń joqarı qatlamlarında korrupciya menen baylanıslı jánjeller dawam etti. Benazar Bxutto húkimeti otstavkaǵa shıǵarılǵannan soń 1990-jılı ótkerilgen saylawlarda jeńiske erisken Musılman ligası partiyasınıń

basshısı Navoz Sharif hákimiyattı basqardı. Biraq 1993-jılı Prezident Ǵulom Ishoqxon jańa húkimetti de korrupciya hám aǵayın-ruwshıllıqta ayıplap, otstavkaǵa shıǵardı. Usı jılı bolıp ótken saylawlarda jeńiske erisken B.Bxutto jańe bas ministr lawazımın iyeledi. Biraq 1996-jılı prezident Sardor Farruk Ahmadxon Legariy Milliy assambleyanı tarqátıp jiberdi hám B.Bxutto húkimetin jáne otstavkaǵa jiberdi. Ótkerilgen parlament saylawlarda Pakistan Xalıq partiyası (PXP) qıyralıwshı jeńiliske ushıradı.



Benazir Bxutto



**Pakistan tariyxında 1977-jılı qanday waqıya bolıp ótken?**

1999-jılı gúzde Pakistanda jáne áskeiy awdarıspaq ámelge asırılıp, húkimetke general Parvez Masharraf basshılıǵındaǵı áskeriy basshılar toparı keldi. 2001-jılı 11-sentyabr kúni Nyu-Yorkta ámelge asırılǵan terroristlik aktinen soń Pakistan terrorizmge qarsı AQSH basshılıǵında dúzilgen koaliciyaǵa qosıldı. Biraq kóplegen pakistanlıqlar názerinde AQSH terrorshılarǵa emes, musılmanlarǵa qarsı gúreske kiristi. AQSH penen jaqınlasıw kursın tańlaǵan P.Masharrafqa qarsı qastıyanlıqlar uyımlastırıldı. Ol jinayatlarda terrorshılardı ayıpladı hám mámleketti olardan tazalawǵa wáde berdi. 2003-2005-jılları Pakistan Armiyası AQSH járdeminde qońsı Awǵanstan aymaǵında áskeriy operaciyalar alıp bardı. Islam fundamentalistleri bolsa P.Masharraftı dushpan dep daǵaza etip, onı awdarıp taslawǵa wáde berdi. Kópshiliktiń pikirinshe, P.Masharraf mámlekette jaǵdaydı turaqlastırıwǵa erise almadı hám otstavkaǵa shıǵıwǵa májbúr boldı. 2008-jılǵı saylawlarda PXP basshılarınıń biri Asif Ali Zardariy prezident etip saylandı. 2013-jılı parlament saylawlarınan soń Muhammad Navoz Sharif bas ministr lawazımın iyeledi.



Parvez Musharraf

Pakistan rawajlanıp atırǵan agrar-industrial mámleket. Ol BRIKS mámleketleri menen bir qatarda, XXI ásirde dúnyanıń eń iri ekonomikalarınıń birine aylanıw múmkinshiliklerine iye bolǵan on bir mámleket qatarına kiredi.



Navoz Sharif

Házir xalıqtıń úlken bólimi awıl xojalıǵı menen shuǵıllanadı. Eksport etiletuǵın tiykarǵı ónimlerine toqımashılıq, teri ónimleri, sport buyımları, ximiyalıq zatlar ham gilemler kiredi.

Sanaattıń qayta islew, neft, taw-kán tarawları rawájlanbaqta. ShBSh niń 2016-jıl Tashkentte bolıp ótken sammitinde Pakistan shólkemge qabıl etiw tártibi hám múddetleri haqqındaǵı hújjetke qol qoydı.

**Awǵanstan.** SSSR tarqalıp ketkenen soń Awǵanstanda awhal bir qansha awırlastı. 1992-jıl aprel ayında Qabul qalasına mudjaxidler otryadları kirip keldi.



**Sovet mámleketine múrájáát etip, Awǵanstanǵa sovet áskerlerin kiritiwdi soraǵan shaxs kim edi?**

Awǵanstanda hákimiyatı Jihad keńesi dep ataǵan topar óz qolına aldı. Mamleket atı Awǵanstan Islam Respublikası dep ózgertildi, barlıq nızamlar biykar etilip, sháriyat qaǵıydaları engizildi. Biraq mudjaxidler ortasında baslanǵán kelispewshilikler jańa urıs háreketlerine alıp keldi, mıńlap adamlar qurban boldı, elshixana hám xalıqaralıq missiyalar Awǵanstandı tárk etti. 1994-jılı jánjelge jańa siyasiy kúsh-islam fundamentalistleriniń talibanlar háreketi qosıldı. Olardıń jetekshisi molla Umar Awǵanstanda puqaralar urısın tamamlap, islam tártibin ornatıwın daǵaza etti. Olar 1996-jılı sentyabrde Qabuldı iyelep, mámleketti «Awǵanstan Islam ámirligi» dep daǵaza etti.

Talibanlar Awǵanstanda qatań islam tártibin ornata basladı. Usı waqıtta bul jerge hár qıylı terroristler pana taptı. Talibanlar rejimi menen awqamlıqtı jolǵa qoyǵan xalıqaralıq terrorshı Usama ben Laden de Awǵanstanǵa keldi. Ol terrorshılardı tayarlaw ushın áskeriy bazalar hám lagerler sistemasın jarattı. Talibanlar rejimi Ben Ladendi xalıqaralıq sudqa tapsırıwdan bas tartqannan soń BMSH Qáwipsizlik Kenesi (QK) Awǵanstanǵa qarsı ekonomikalıq sankciya daǵaza etti.

Xalıqaralıq keń jámiyetshilik tárepinen tán alıwdan úmitin úzgen molla Umar islamǵa shekem bolǵan barlıq isenim obyektlerin, tariyxıy esteliklerdi joq etiwge buyrıq berdi. V ásirge tiyisli eki siyrek ushırasatuǵın

estelik-jartasqa oyıp islengen Buddanıń úlken háykelleri joq etildi. Musılman bolmaǵan xalıqtıń óz kiyimine sarı belgi taǵıp júriwi haqqında qabıl etilgen dekret jáhán jámiyetshiliginiń ǵázebin keltirdi. BMSH QK talibanlar húkimetine qarsı sankciyalardı kúsheytiw haqqında jańa rezolyuciya qábıl etti.




Awǵanstan hám Pakistan

2001-jılı 11-sentyabr kúni Nyu-Yorkta ámelge asırılǵan terroristlik aktleri ushın juwapkershilikti AQSH hákimshiligi «Al-Kaida» shólkemi menen Usama ben Ladenge júkledi hám terrorshılar bazaların bombaladı. Taliban áskerlerine qarsı kúshlerdiń tabıslı hújimlerinen talibanlar húkimeti awdarılıp, mámleketke xalıqaralıq áskeriy kúshler jaylastırıldı.



**1994-jılı ...**
**V ásirge tiyisli ...**
**1996-jıl sentyabrde ...**

2002-jılı iyun ayında bolıp ótken ulıwma awǵan Loyya Jirgasında Hamid Karzay Awǵanstan prezidenti etip saylandı. Awǵanstanǵa 5 mlrd dollar xalıqaralıq járdem ajıratıldı. Biraq mámleket ishkerisinde terrorshılıq háreketleri dawam etti.

2003-jılı Awǵanstannıń jańa konstituciyası qabıl etildi. Mámleket "Awǵanstan Islam Respublikası" atın aldı. Jańa konstituciya mámlekette prezidentlik basqarıwdı ornattı, eki palatalı parlament, ǵárezsiz sud sistemasınıń dúziliwi kózde tutıldı, sonday-aq puqaralardıń demokratiyalıq huqıq hám erkinliklerin daǵaza etti. Konstituciya kishkene milletlerdiń huqıqlarına kepillik berdi, hámmeniń, sonıń ishinde erkek hám hayallardıń nızam aldında teńligin hám isenim erkinligin ornattı.


Hamid Karzay

Konstituciya saylawlar hám siyasiy partiyalar dúziw ushın jol ashıp berdi. 2004-jıl bolıp ótken saylawlarda Hamid Karzay Awǵanstan prezidenti etip saylandı.

2005-jılı sentyabrde ótkerilgen parlament saylawlarında islam dini tárepdarları bolǵan partiyalar úlken tásirge iye boldı hám ulıwma parlament oppoziciya xarekterinde edi. Usı dáwirde mámlekettiń tiykarǵı mashqalalarınan biri narkotik sawdası menen baylanıslı edi. BMSH xabarına kóre, 2005-jılı dúnyadaǵı narkotik sawdasınıń 87%ı Awǵanstanǵa tuwra keledi. 2007-jıldan narkotik sawdası tómenlep barıp, biraq 2017-jılı jáne keskin ósti.


1970-jıllardaǵı hám házirgi awǵan jasları

**2001-jılı 11-sentyabr kúni Nyu-Yorkta ámelge asırılǵan terroristlik aktleri ushın juwapkershilikti AQSH hákimshiligi "Al-Kaida" shólkemi menen Usama ben Ladenge júkledi**

**2002-jılı iyun ayında bolıp ótken ulıwma awǵan Loyya Jirgasında Hamid Karzay Awǵanstan prezidenti etip saylandı.**



Muhammad Ashraf G'ani

H. Karzay húkimetiniń bar mashqalalardı sheshiwge ázziligi jáhán keń jámiyetiniń Awǵanstanǵa járdemdi kúsheytiwge, mámleketti tiklewge jedel qatnasıwǵa iytermeledi. Sonday-aq, bilimlendiriw sistemasın keńeytiw, sociallıq máselelerdi sheshiw hám kambaǵalshılıqqa qarsı gúres, transport hám energetika infradúzilmelerin modernizaciya etiw rejelestirildi.

2014-jılı bolıp ótken prezidentlik saylawlardıń ekinshi turında Muhammed Ashraf Ǵani Awǵanstan prezidenti, Abdulla Abdulla bolsa húkimet baslıǵı lawazımın iyeledi.

Biraq Awǵanstanda ele bekkem tınıshlıq ornatılǵan joq. 2016-2017-jılları bir qatar terrorshılıq háreketleri ámelge asırılıp, aqıbetinde onlap adamlar qurban boldı, júzlegen adamlar jábirlendi. Awǵanstannıń burınǵı prezidenti Hamid Karzay bayanat berip, mámlekettegi turaqsız xalıqtıń sebepshisi sıpatında aymaqta AQSH alıp barıp atırǵan siyasattı kórsetti hám AQSH húkimetin óz qátelerin tán alıwǵa shaqırdı.

**Loyya jirgasi** – bul awǵan qáwimleri tárepinen saylanatuǵın ulıwma awǵan aq saqálları keńesi.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Pakistanda P.Musharraftıń qanday siyasatı onıń otstavkasına sebep boldı?
2. Pakistanda ekonomikanıń qaysı tarawları jaqsı rawajlanǵan?
3. SSSR tarqalıp ketkennen soń Awǵanstanda qanday siyasiy jaǵdaylar júzege keldi?
4. Zamanagóy Awǵanstannıń tiykarǵı mashqalaları nelerden ibarat?

## Óz betinshe jumıs

Awǵanstan siyasiy kartası menen tanısıń hám tariyxıy haqıyqatlıq penen baylanıslıqta túsindirme jazıń.

Tema tekstin oqıw procesinde tanıs emes sózlerdi dápterińizge jazıń hám sózlikler járdeminde túsiniklerdi talqılań.

## 23-TEMA. 1991 – 2017-JÍLLARDA SIRIYA HÁM IRAK

**Siriya.** 1943-jılı Siriya óz ǵárezsizligin daǵaza etti. Búgin ol usı qısqa tariyx dawamındaǵı eń tereń siyasiy krizisti basınan keshirmekte.

**Áyyemgi dáwirde Siriya hám Mısrda qanday mámleketler bolǵan?**



Bashar Asad

1970-jılı áskeriy awdarıspaq arqalı hákimiyatqa kelgen Hafiz Asad Siriyanı 2000-jılǵa shekem basqardı. Usı dáwirde mámleket úlken rawajlanıw jolın basıp ótti. Neft, gaz qorları iske túsirildi, sanaat hám awıl xojalıǵı rawajlandı, xalıqtıń sanı kóbeyip, jasaw dárejesi jaqsılandı. Biraq 1990-jıllarda ekonomikada turǵınlıq baslandı. Bunıń sebepleri usı dáwirde júz bergen socialistlik sistemanıń krizisinen basqa, Siriyanıń jańa tariyxındaǵı eń qorqınıshlı qurǵaqshılıq penen de baylanıslı edi.

Usınday jaǵdayda 2000-jılı H.Asad qaytıs boldı. Mámlekette ótkerilgen referendum nátiyjesinde hákimiyatqa H.Asadtıń balası Bashar Asad keldi.

B.Asad atasınan ózgesheligi sırtqı siyasatta "jumsaq" kurs alıp bardı. Izrail menen Julan tóbelikleri máselesinde sóylesiwlerdi tikledi. 30 jıldan

berli Livanda turǵan Siriya áskerlerin ol jerden alıp shıqtı. Irak diktatorı Saddam Huseyin menen jarastı.

Ishki siyasatta siyasiy partiyalar xızmetine ruxsat berdi, korrupciyaǵa qarsı júdá keskin sharalar qolladı. Usı waqıtta atası húkimranlıq etken dáwirdi sınǵa alǵan ámeldarlardı da jazaladı.

Ekonomikadaǵı turǵınlıqtı B.Asad sawda hám finans tarawın liberallastırıw arqalı jeńip ótiwge urındı. Biraq bul tek Damask hám Halab sıyaqlı iri qalalarda ekonomikanıń janlanıwına alıp keldi. Awıllar hám kishi qalalarda bolsa jumıssızlar sanı artıp ketti. Bunnan basqa, usı dáwirde qońsı mámleketlerden kelgen qashaqlar da Siriyanıń úlken mashqalasına aylandı. 2011-jılı Siriyada yarım millionǵa jaqın palastinalı hám bir millionnan aslam iraklı qashqınlar bar edi.



Siriya hám Irak




**1970-jılı áskeriy awdarıspaq arqalı kelgen Hafiz Asad Siriyanı 2000-jılǵa shekem basqardı.**

**Siriyada 2000-jılı H.Asad qaytıs boldı, referendum nátiyjesinde hákimiyatqa Bashar Asad keldi.**


Siriyadaǵı qorqınıshlı urıs aqıbetleri

2000-jılları arab mámleketlerinde baslanǵan «Arab báhári» atlı revolyuciyalıq processler Siriyanı da qamrap aldı. 2011-jılı mámlekettiń qublasındaǵı Dariya qalasında juma namazınan soń baslanǵan qozǵalańlar «Juma revolyuciyası» atın aldı. Kóterilisshiler B. Asad rejimin awdarıw, demokratiyalıq reformalar ótkeriwdi talap etti.

Jánjelde ámeldegi prezident B.Asad tárepinde Siriya arab armiyası hám oǵan qarsı bolǵan Siriya «sheklengen» oppoziciyasınıń Siriya azatlıq armiyası, kurdlar otryadları, sonday-aq túrli terrorshı shólkemler-«Irak hám Sham islam mámleketi» (ISHIM), Jibhat an-Nusra hám usı sıyaqlılar qatnastı. Usı tárizde mámlekette puqaralar urısı baslanıp, arab mámleketlerinen, pútkil dúnyadan kelgen hár túrli terrorshı toparlar húkimet áskerleri menen urıs alıp barmaqta.

2013-jılı Irak hám Siriyanıń bir bóliminde terrorshı toparlar – «Irak hám Sham islam mámleketi» dep atalıwshı mámleketti dúzdi. 2014-jılı ol «Ulıwma jáhán xalifalıǵı» dep daǵaza etildi. Bul jaǵday AQSH hám onıń awqamlasların áskeriy intervenciyanı ámelge asırıwǵa iytermeledi. Olar 2014-jıl sentyabrden baslap Siriyadaǵı terrorshılar poziciyasın bombalamaqta. 2015-jıl sentyabr ayınan baslap tap usınday áskeriy operaciyanı ótkeriwde Rossiya áskeriy-kosmoslıq kúshleri de qatnaspaqta. Jánjelde Túrkiya, Iran, Saudiya Arabiyası, Iordaniya, Irak, Livan, Izrail sıyaqlı mámleketlerdiń de mápleri ayqın bolmaqta. Usı tárizde Siriya aymaǵı júdá úlken, hár biri óz mápin gózlegen xalıqaralıq kúshlerdiń soqlıǵısıw maydanına aylandı.

Urıs aqıbetinde 2017-jıl sentyabr ayına shekem mámleketten 4 mln.nan aslam adam shıǵıp ketti. 2017-jıldıń aqırına kelip Siriya armiyası Rossiya áskeriy-kosmoslıq kúshleriniń hám AQSH basshılıǵındaǵı xalıqaralıq koaliciya járdeminde mámleket aymaǵın urıspazlardan derlik tolıq azat etti. Xalıqtıń bir bólimi óz úylerine qaytpaqta. Dekabr ayında V.Putin Siriyadaǵı Rossiya áskeriy-kosmoslıq kúshleriniń tiykarǵı bólimin óz aymaǵına qaytarıw haqqında buyrıq berdi.

**Irak.** 1932-jılı óz ǵárezsizligin daǵaza etken Irakta 1968-jılı hákimiyatqa Arab socialistlik oyanıw (BAAS) partiyası keldi. Húkimetti prezident Hasan al-Bakr basqardı, biraq real hákimiyat qorǵanıw ministri Saddam Xuseyinniń qolına ótti. Bul procesler Irakka neftten keletuǵın dárámattıń

misli kórilmegen ósiwi dáwirine tuwra keldi. Xalıqtıń turmıs tárizi sezilerli dárejede jaqsılandı.


Saddam Xuseyin

1979-jılı Saddam Xuseyin rásmiy túrde Irak prezidenti etip saylandı. 1980-jılı sentyabrde Irak Iranǵa qarsı urıs basladı. Bul urıs XX ásirdiń eń uzaq dawam etken aymaqlıq soqlıǵısıwı boldı. Ol kóplegen qurbanlarǵa alıp keldi.

1990-jılı Irak jáne bir xalıqaralıq jánjelge sebep boldı. Ol Kuveytke bastırıp kirip, onıń aymaǵın iyelep aldı. BMSHniń Qáwipsizlik keńesi Kuveytten Irak áskerlerin tezlik penen alıp shıǵıp ketiwin talap etti. Irakka qarsı sankciya daǵaza etildi. Bir neshe aylıq diplomatiyalıq sóylesiwlerden soń 1991-jılı yanvarda AQSH basshılıǵındaǵı xalıqaralıq kúshler Kuveytti azat etiw boyınsha «Sahradaǵı boran» operaciyasın basladı. Irak armiyası tolıq qıyratıldı. Baqlawshılar S.Xuseyinniń qulawın boljaǵan edi, biraq ol óz hákimiyatın saqlap qaldı.

Hákimiyattı bekkemlep alıp, S.Xuseyin BMSHniń Irak áskeriy baǵdarlamasın toqtatıwǵa baǵdarlanǵan urınıwlarına qarsılıq kórsetti. Ol BMSH inspektorların AQSH paydasına jansızlıqta ayıpladı hám barlıq xalıqaralıq inspektorlardı mámleketten quwıp shıǵardı. Bunnan soń, 1999-2000-jılları AQSH basshılıǵındaǵı xalıqaralıq kúshler Irak áskeriy obyektlerin bombaladı. 2003-jılı AQSH hám Ullı Britaniya áskerleri Baǵdatqa bastırıp kirdi. S.Xuseyin húkimeti quladı. Amerikalılar hám olardıń awqamlasları pútkil mámleket aymaǵında óz qadaǵalawın ornattı. Olar S.Xuseyinniń eki balasın hám jas aqlıǵın óltirdi. 2003-jılı dekabrde S.Xuseyinniń ózi de qolǵa alındı hám asıp óltirildi.

Diktator óltirildi. Biraq wáde etilgenindey Irakta demokratiya hám tınıshlıq ornatılmadı. AQSH hám onıń awqamlasları Iraktaǵı waqıyalardı jılawlay almadı. Terrorshılıq háreketleri háwij aldı. Bulardıń nátiyjesinde kóplegen biygúná adamlar qurban boldı.

2005-jılı qabıl etilgen konstituciyaǵa tiykarlanıp, Irak onıń xalqın qurawshı úsh etnos – arab-sunnitleri, arab-shiyaları hám kurdlar kelisimine tiykarlanǵan parlamentar federativ respublika dep daǵaza etildi.

S.Xuseyin waqtında hákimiyatta bolǵan sunnitler endi oppoziciyaǵa ótti. Biraq 2010-jılı bolıp ótken parlament saylawlarında kútilmegende oppoziciyadaǵı sunnitler jeńiske eristi. Biraq, orınlarda real hákimiyat túr-

li quralli toparlar qolında qaldı. Olar ózleri iyelegen aymaqlarda sháriyat nızamların engizip, mıńlaǵan biygúná adamlardı orta ásir usılları menen óltirdi. Millionlaǵan adamlar qashqınǵa aylandı.



**1990-jıllar ...** **1991-jılı yanvarda ...**
**2013-jılı ...** **«Sahradaǵı boran» operaciyası ....**

AQSH húkimeti, prezident B.Obamanıń ózi de AQSHtıń Irakka qollanılǵan siyasatınıń qáte ekenligin tán aldı. Kópshilik qánigeler Amerika siyasatınıń ózi Jaqın Shıǵısta jaǵdaydıń keskinlesiwine, ISHIM sıyaqlı terrorshılıq shólkemlerdiń payda bolıwına sebep boldı, dep esaplamaqta. 2016-jılı dekabrde AQSH prezidenti etip saylanǵan D.Tramp Jaqın Shıǵıstaǵı óz siyasatın qayta kórip shıǵıwǵa wáde berdi.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Siriyada siyasiy krizistiń kelip shıǵıwına hám puqaralar urısınıń baslanıwına qanday faktorlar sebep boldı?
2. Siriyadaǵı urısta qaysı mámleketlerdiń mápleri óz kórinisin tapqan?
3. Saddam Xuseyinniń qanday háreketleri Iraktı xalıqaralıq kúshler tárepinen bombalawǵa alıp keldi?
4. S.Xuseyinniń awdarılıwı ne ushın Irakka tınıshlıq alıp kelmedi?

## Óz betinshe jumıs



Kartadan paydalanıp, 1991-2017-jıllar Siriya hám Irak mámleketleriniń siyasiy, sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwındaǵı mashqalaları hám olardıń sheshimlerin dápterińizge keste kórinisinde jazıń



«Irak hám Sham islam mámleketi», «Ulıwma jáhán xalifatı» túsiniklerin salıstırmalı talqılaw tiykarında házirgi kúndegi xabar hújimlerinen sızılma kórinisinde dápterińizge jazıń.

## 24-TEMA. 1991 – 2017-JÍLLARDA IZRAIL MÁMLEKETI HÁM PALESTINA MASHQALASÍ

**Izraildiń social-ekonomikalıq rawajlanıwı.** 1947-jılı BMSH Qáwipsizlik Keńesi Palestina boyınsha rezolyuciya qabıl etti. Oǵan kóre 1948-jıl 1-avgusttan Palestinada eki-evreylerdiń Izrail hám arablardıń Palestina mámleketin shólkemlestiriw usınıs etildi.



**Áyyemgi dúnya tariyxında Palestina aymaǵında Izrail patshashılıǵı qashan payda boldı?**

Izrail evreyleriniń milliy mámleketi esaplanadı. Ol dáslep evreylerdiń milliy oshaǵı, baspanası sıpatında shólkemlestirildi hám sonday bolıp qalmaqta. Watanǵa qaytıw haqqındaǵı nızamǵa muwapıq hár qanday evrey óz shańaraǵı, yaǵnıy turmıs joldası, perzentleri, aqlıqları menen turaqlı jasaw ushın Izrailǵa keliw huqıqına iye. Bunnan soń qabıl etilgen puqaralıq haqqındaǵı nızamǵa muwapıq Izrailǵa kelgen barlıq evreyler óz-ózinen puqaralıqqa iye bolıw tártibi ornatıldı. Bul nızamlar repatriaciya esabınan Izrail xalqınıń tez ósiwine alıp keldi.

Óz ǵárezsiz rawajlanıwınıń bir neshe on jılı ishinde Izrail áskeriy-sanaat kompleksi júdá rawajlanǵan mámleketke aylandı. Áskeriy-sanaat kompleksiniń rawajlanıwı metalǵa islew beriw, mashinasazlıq, elektrotexnika, elektronika hám almazǵa islew beriw sıyaqlı basqa túrles tarawlardıń da jedel rawajlanıwına sebep boldı.

1990-jıllardan Izrail ekonomikası jedel rawajlanıp atırǵan mámleketler qatarına kirdi. Qánigelerdiń pikirinshe, bul mámlekette haqıyqıy ekonomikalıq rawajlanıw baslandı. Izrail xojalıǵı óz dúzilisine kóre AQSH hám Batıs Evropa mámleketlerine jaqınlastı hám postindustrial modelge sáykeslestirildi.

Bunday jetiskenliklerge erisiwde ishki hám sırtqı jaǵdaydıń qolaylılıǵı járdem berdi. 1990-jılları burınǵı SSSRdan 600 mıń adamnıń Izrailǵa kóship keliwi qurılıs, sanaattıń ayırım tarawlarında jedel rawajlanıwdı támiyinledi. Joqarı maǵlıwmat dárejesi hám ekonomikalıq jedellikke iye bolǵan jańa emigrantlar Izraildıń kórinisin ózgertip jiberdi.

Usı waqıtta kóplegen faktorlar sebepli mámleket ekonomikası sırtqı finanslıq dereklerge kúshli baylanısqan (AQSH hár jılı 3 mlrd dollar

muǵdarında minnetsiz járdem kórsetedi) hám onıń ushın joqarı militarizaciya dárejesi xarakterli bolıp esaplanadı.



Izrail


Yosir Arofat

**XX ásir aqırlarında Palestina mashqalasınıń sheshiliwi.** 1948-jılı Izrail hám Palestina mámleketin dúziw rejesin arab xalqı ádálatsızlıq dep esapladı hám qabıl etpedi. Usı dáwirden baslap Palestin xalqınıń óz mámleketin dúziw ushın gúresi baslandı. Bul gúres arab mámleketleri hám burınǵı Awqam tárepinen qollap-quwatlandı. Pa-

lestina arablarınıń gúresine basshılıq etiw ushın Palestinanı azat etiw shólkemi (bul shólkem arabsha FATX atı menen tanımalı) dúzilip, oǵan uzaq jıllar Yosir Arafat basshılıq etti.

Biraq tek 1990-jıllarǵa kelip Palestina mashqalasın sheshiw múmkinshiligi payda boldı. 1991-jılı oktyabrde Madridte Jaqın Shıǵıs boyınsha xalıqaralıq konferenciya jumıs basladı hám onda Palestina delegaciyası da qatnastı. Keyin Norvegiya húkimetiniń usınısı menen Oslo qalasında Izrail hám FATX ortasında sóylesiwler baslandı. Sóylesiwler nátiyjesinde 1993-jılı Izrail hám FATX bir-birin tán alǵanlıǵın daǵaza etti.

**Palestina mámleketin dúziw jolındaǵı dáslepki jeńisler.** 1993-jılı Vashingtonda Izrail hám FATX delegaciyaları Palestina avtonomiyasın dúziw haqqındaǵı kelisimge qol qoyıstı. Avtonomiyanı dúziw basqıshpa-basqısh 5 jıl ishinde ámelge asırıw kózde tutıldı.



**1990-jıllardan ...**
**1991-jılı oktyabrde Madridte ...**
**1993-jılı ...**
**FATX-bul ...**

Birinshi basqıshtı ámelge asırıw Gazo sektorı hám Iordaniya dáryasınıń Batıs jaǵasın FATXtıń avtonom basqarıwına beriw haqqındaǵı kelisimge qol qoyısıw menen baslandı. Bul kelisiw Palestina shólkemlerinde narazılıqtı kúsheyttirip jiberdi hám FATXta bóliniw júz berdi. Y. Arofat ekstremistler tárepinen "satqın" sıpatında ólimge húkim etildi. Radikal islam baǵdarındaǵı shólkemler-"Xamas", "Jixat" hám "Hizbollah" (bul shólkemler Ózbekstanda qadaǵan etilgen) jedellesip ketti. Olar túrli jollar menen kelisimdi buzıwǵa háreket etti. Usıǵan qaramastan, kelisim processi dawam etti.


Isxak Rabin




**1947-jılı BMSH Qáwipsizlik Keńesi Palestina boyınsha rezolyuciya qabıl etti.**

**1990-jılları burınǵı SSSRdan 600 mıń adamnıń Izrailǵa kóship keliwi qurılıs, sanaattıń ayırım tarawlarında jedel rawajlanıwdı támiyinledi.**

1995-jılı Izrail menen FATX ortasında waqtınsha kelisimge qol qoyıstı. Bul Palestina avtonomiyasın dúziwdiń keyingi basqıshı bolıp, Iordaniya dáryasınıń batıs jaǵasındaǵı kóplegen qala hám awıllar FATX ıqtıyarına ótkerildi. Palestina avtonomiyasında saylawlar bolıp ótti hám FATX ıqtıyarındaǵı aymaqlardı qadaǵalaw ushın policiya kúshleri dúzildi.

Bul kelisim Izrail jámiyetinde de ajıralıwdı keltirip shıǵardı. 1995-jılı noyabrde Izrail bas ministri Isxak Ravin dinge berilgen-evrey tárepinen óltirildi. Bul Palestinalılardı qollap-quwatlaǵanlarǵa Izrail jámiyetiniń bir bóliminiń kórsetken narazılıǵı edi. Usı jılı bolıp ótken saylawlarda "Likud" blogi jeńiske eristi hám Palestinaǵa qarata qatań jónelis tárepdarı bolǵan Vinyamin Netanyaxu bas ministr lawazımın iyeledi.

1996-jılı yanvarda Y. Arofat basshılıǵındaǵı Palestina nızamshılıq keńesi saylandı. Palestina mámleketin qurıw processi qıyınshılıq penen bolsa da dawam etti.



**1995-jılı noyabrde ...** **1996-jılı yanvar ...**
**Radikal shólkemler ...**
**Palestina nızamshılıq keńesi-bul ...**

2006-jılı Palestinanıń ózine tán simvolına aylanǵan Yo.Arofat qaytıs boldı. Onıń ornına Mahmud Abbos Palestina avtonomiyasınıń baslıǵı hám FATX jetekshisi etip saylandı. 2012-jılı Palestina baqlawshı-mámleket dárejesinde BMSH xızmetinde qatnasıw huqıqın aldı. Bul process hám M.Abbostıń BMSH Bas Assambleyasında sóylegen bayanatı Izrail wákilleri tárepinen narazılıq penen qarsı alındı. Usıǵan qaramastan, 2017-jılǵa kelip Palestinanı 140 qa jaqın mámleketler tán aldı.



**Repatriaciya** – bul watanǵa qaytıw. Atama, ádette, áskeriy tutqınlar, kóshirilgen shaxslar, qashaqlar, emigrantlarǵa qarata qollanıladı. Evreylerdiń tariyxıy watanı bolǵan Palestinaǵa qaytıwı da repatriaciya dep ataladı.

**Emmigraciya** – xalıqtıń bir mámleketten basqasına waqtınsha yaki turaqlı jasaw ushın kóship ótiwi.

**Militarizaciya** – bul mámleket organlarınıń ekonomika, siyasat hám sociallıq tarawdaǵı háreketi bolıp, ol mámlekettiń áskeriy qúdiretin arttırıwǵa baǵdarlanǵan.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Izrail mámleketi óz tariyxınıń qısqa dáwiri ishinde qanday faktorlar esabınan rawajlanǵan mámleketke aylandı?
2. Palestina mashqalasınıń tiykarǵı sebepleri nede hám olar qalay sheshilmekte?
3. Palestina mámleketin dúziw jolındaǵı tiykarǵı tosqınlıqlar nelerden ibarat?
4. Izrail hám Palestina qatnasıqlarına xalıqaralıq siyasiy jaǵdaydıń tásiri nelerde óz kórinisin berdi?

## Óz betinshe jumıs



Kartadan paydalanıp, Izrail hám Palestinaǵa tiyisli aymaqlardı dápterińizge ajıratıp jazıń hám aymaqlıq bóliniwge óz múnásibetińizdi bildiriń.

# 25-TEMA. 1991 – 2017-JÍLLARDA LATÍN AMERIKASÍ MÁMLEKETLERI

**XX ásir áqırında Latın Amerikası mámleketleri.** XX ásir áqırına kelip Latın Amerikası regionında 34 ǵárezsiz mámleket hám bir neshe ǵárezli aymaqlar bar edi. XX ásirdiń ekinshi yarımında júz bergen jedel ekonomikalıq ósiwge qaramastan, Latın Amerikası mámleketleri jáhán siyasatınıń shetki regionı bolıp qalmaqta. Ásir aqırına kelip regionda sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwdıń neoliberal modeli aldıńǵı orınǵa shıqtı. Tiykarında bul model Augusto Pinochet dáwirinde **Chilide** tabıslı ámelge asırılǵan edi. Búginde Chili turaqlı rawajlanǵan mámleket bolıp, regionda jetekshi orındı iyeleydi. Biraq, ulıwma, Latın Amerikası mámleketleri ushın neoliberal reformalardıń nátiyjeleri qarama-qarsılıqlı bolıp shıqtı. Eger bul reformanıń birinshi basqıshı ekonomikanıń ósiwine túrtki bolǵan, modernizaciyaǵa kómeklesken bolsa, keyin ala tosqınlıqlar payda boldı, ayırım jaǵdaylarda bolsa reformalar recessiyaǵa, xojalıqtıń tereń túskinligine alıp keldi.

**XX áside Latın Amerikası ushın ulıwmalıq bolǵan modernizaciyanıń qanday variantları bar edi?**

Regionda birinshi bolıp neoliberal reformalar jolına kirgen **Meksikada** 1994-jıl dekabrde finanslıq-ekonomikalıq krizis baslandı. Mámlekette sociallıq-ekonomikalıq awhal awırlastı. Usınday sharayatta Meksikadan kapitaldıń massalıq tárizde AQSHqa kóshiwi baslandı. Milliy valyuta-peso keskin túsip ketti, ámelde milliy finans sisteması izden shıqtı, 20 mıń kárxana bankrotlıqqa ushıradı, mámleket JIÓi keskin túsip ketti.

Meksika krizisi 1990-jıllarda Latın Amerikası mámleketlerin lárzege salǵan sociallıq-ekonomikalıq hám siyasiy krizisler shınjırınıń birinshisi edi. Neoliberal reformalar aqıbetinde region mámleketleriniń sırtqı faktorlarǵa ǵárezli bolıp qalıwı Braziliya hám Argentina siyaqlı eń iri mámleketlerdiń ekonomikasına da awır soqqı berdi.

Ásirese, 1990-jılları "neoliberal reforma jeńisleriniń kórinisi" bolǵan **Argentina** ekonomikası qattı ziyan kórdi. 2001-jılı Argentinada defolt daǵaza etiliwi jáhán tariyxındaǵı eń iri bankrot jaǵdayı bolıp, Latın Amerikası mámleketlerindegi neoliberal tájiriybege noqat qoydı hám regionda siyasiy hám ekonomikalıq rawajlanıwdıń jańa dáwirin baslap berdi.

Bul processler tásirinde ekonomikalıq kurstan narazılıq, dástúriy partiyalar hám olardıń jetekshilerine isenimsizlik jaǵdayları kúsheydi, qarsılıq háreketi, sonıń ishinde radikal kórinistegi shólkemlerdiń (kóterilisshi, terrorshılıq shólkemler, narkomafiya) jedellesiwi ushın sharayat tuwıldı.

XX ásirdiń 90-jıllarında **Kolumbiyada** qurallanǵan sol radikal háreket háwij alıp, olardıń áskerleri mámleket aymaǵınıń 40% ın qadaǵalawǵa aldı. 1992-jılı **Perude** de kóterilishshi-terroristlik shólkemi «Aydın jol» jedellesti. 1994-jılı Meksikada indeslerdiń massalıq kóterilisi baslandı. Húkimet siyasatınıń sociallıq aqıbetlerine qarsı Argentina, Meksika, Ekvador hám basqa bir qatar mámleketlerde xalıqtıń massalıq shıǵıwları bolıp ótti.

**Meksika krizisi ...**
**1992-jılı ...**
**1994-jılı ...**
**2001-jılı ...**




Latın Amerikası mámleketleri

Sociallıq-siyasiy múnásibetlerde indes xalıqlarınıń óz huqıqları, ózine tán mádeniyatın saqlap qalıw, avtonomiyaġa hám jerge bolġan huqıqı

ushın gúresi ayrıqsha orın iyeleydi. XX ásir aqırına kelip, indesler Boliviya, Gvetamala, Peru, Meksika, Ekvador sıyaqlı mámleketleri xalqınıń 25-50% ın quradı.

1990-jıllardıń baslarında X.Kolumb tárepinen Amerikanıń ashılǵanına 500 jıl tolǵanı keń belgilendi. Biraq bul waqıya region xalqı tárepinen bir qıylı unamlı qabıl etilmedi. Sap mádeniy mashqalalardan basqa neoliberal reformalar nátiyjesinde indes jámáátleriniń jerlerin tartıp alıw jaǵdaylarına narazılıq kúsheydi. Húkimetlerdiń indes xalqına qarata alıp barǵan ádalatsız siyasatı áqıbetinde regionnıń ayırım mámleketlerinde indeslerdiń tártipsiz shıǵıwları bolıp ótti. Bul háreket Ekvodor, Boliviya, Peru, Braziliyada hám Meksikanıń qublasında ásirese keń tús aldı.

**Latın Amerikası mámleketleri XXI ásir baslarında.** Jańa ásir baslarına kelip Latın Amerikası mámleketleri óz tariyxında birinshi márte diktaturalarsız rawajlanıw jolına kirdi, derlik barlıq mámleketlerde saylaw jolı menen hákimiyatqa konstituciyalıq rejimler keldi. Region mámleketleriniń pútkilley kópshiliginiń xarakterli tárepi kósemparazlıq hám populizm bolǵan siyasiy dúzim hám de prezidentlik basqarıw ornatıldı.



**"Neoliberal reforma jeńisleriniń kórinisi" ...**
**1992-jılı ...**
**1990-jıllardıń baslarında ...**

XX ásir aqırınan baslap xalıqtıń dástúriy partiyalarǵa isenimi sónip bardı hám bunıń nátiyjesinde XXI ásir basında Braziliya, Peru, Venesuela, Ekvador sıyaqlı mámleketlerde hákimiyatqa jańa ǵárezsiz dep atalǵan wákiller keldi.

XX ásir aqırı- XXI ásir baslarında regiondaǵı mámleketler siyasiy turmısınıń basqa bir xarakterli tárepi kommunistlik partiyalardıń óz poziciyasın joǵaltıwı boldı. Bul álbette dúnyada júz berip atırǵan global processler menen baylanıslı edi.

1959-jılǵı revolyuciyadan soń ózine tán kommunistlik siyasiy rejim dúzilgen Kubada da usınday processler júz berdi. Socialistlik sistema joq bolǵannan soń Kuba sırtqı materiallıq-texnikalıq hám finanslıq járdemnen ayırıldı, bul bolsa, birinshi náwbette, xalıqtıń awhalına keri tásir kórsetti. Biraq bul qıyınshılıqlarǵa qaramastan, XXI ásirde de Kuba socialistlik mámleket bolıp qalmaqta.

XXI ásir baslarında Latın Amerikası mámleketlerinde integraciyalanıw processleri kúsheydi. Bul processtiń tiykarǵı baǵdarı regionlıq erkin sawda zonalaların dúziw boldı. Keleshekte Arqa hám Qubla Amerika kóleminde erkin sawda zonaların dúziw, sawda hám sanaattı rawajlandırıw mólsherlengen.

Biraq iri rejeler hám úlken imkaniyatlarǵa qaramastan, bul mámleketler, hátte Braziliya hám Meksika siyaqlı gigantlar da búgin global siyasiy hám ekonomikalıq mashqalalardıń sheshiw processinde arzıgóylik tásirge iye emes. 2008-jıldan regiondaǵı eń iri úsh mámleket-Braziliya, Meksika hám Argentina G-20 (úlken jigirmalıq) abıroylı klubına aǵza bolsa da, jáhán siyasatında ele úlken rol oynamaydı. Usıǵan qaramastan, bul mámleketler úlken keleshek imkaniyatlarına iye. Máselen, Meksika 1994-jılı Arqa Amerika erkin sawda zonasına kirdi hám 1994-2010-jılları Meksikaǵa kiritilgen shet el investiciyaları muǵdarı tórt márte ósti. Usınıń 75%ı AQSH úlesine tuwra keledi. Eger jaqın ótmishte eksporttıń tiykarın neft quraǵan bolsa, házir Meksika eksportınıń 80%ın sanaat ónimleri quraydı.




**XXI ásir basında Braziliya, Peru, Venesuela, Ekvador sıyaqlı mámleketlerde hákimiyatqa jańa ǵárezsiz dep atalǵan wákiller keldi.**

**1994-2010-jılları Meksikaǵa kiritilgen shet el investiciyaları muǵdarı tórt márte ósti.**

Braziliya búgin dúnyanıń iri ekonomikalarınıń biri, jedel rawajlanıp atırǵan Qıtay, Hindstan, Qubla Afrika Respublikası hám Rossiya menen birgelikte BRIKS shólkeminiń aǵzası esaplanadı. Braziliya XXI ásirde Latın Amerikasınıń tán alınǵan jetekshisine aylanıw, AQSHtıń turaqlı tásirinen pútkilley qutılıw hám BMSH QKniń turaqlı aǵzaları bolıw sıyaqlı dúnyanı tań qaldıratuǵın wazıypalardı qoyıp, usıǵan umtılmaqta.

Aytıwımız kerek, Latın Amerikası mámleketleri XX ásirde óz aldılarına qoyǵan qıyın mashqalalardıń tolıq sheshe almadı, biraq onıń jolların qıdırıwdı dawam etpekte. XXI ásirde bul mashqalalar óz sheshimin tabıwın turmıs kórsetedi.



**Populizm** – tańlap alınǵan puqaralardıń zárúrliklerine emes, xalıq massası zárúrliklerine qaratılǵan siyasiy poziciya yaki bayanat forması.

### Bekkemlew ushın soraw ham tapsırmalar

1. Rawajlanıwdıń neoliberal jolı Latın Amerikası mámleketleri ushın qanday áhmiyetke iye hám qanday mashqalalardı keltirip shıǵardı?
2. XX ásir aqırına kelip Latın Amerikası mámleketleriniń AQSH penen qatnasqlarında qanday modeller payda boldı?
3. XX ásir áqırınan baslap Latın Amerikası mámleketlerinde dástúriy siyasiy partiyalarǵa xalıqtıń iseniminiń sónip barıwına qanday faktorlar sebep boldı?
4. Latın Amerikasınıń iri mámleketleri XXI ásirde qanday maqsetlerdi aldına qoyıp rawajlanbaqta?

### Óz betinshe jumıs



Internet tiykarında Latın Amerikası mámleketlerine virtual sayaxat jasań hám temada úyrenilgen materiallar tiykarında tariyxıy haqıyqatlıqtı talqılań.

## 26-TEMA. 1991 – 2017-JÍLLARDA AFRIKA MÁMLEKETLERI

**Arqa Afrika.** Arqa Afrika mámleketlerine Mısr, Sudan, Liviya, Aljir, Tunis, Morokko, Mavritaniya, Batıs Sahrayı kabr kiredi.



**V Panafrika kongresi qashan bolıp ótti?**

**Mısr** civilizaciyalıq tárepinen kóbirek Shıǵıs Orta jer teńizine tiyisli bolsada da, Afrikanıń arab mámleketleri turmısında úlken rol oynaydı. XX ásir aqırı XXI ásir baslarında Mısr ekonomikalıq rawajlanıwda, awıl xojalıǵı, mádeniyatta júdá úlken jeńislerdi qolǵa kiritti, rawajlanǵan sayaxatshılıq industriyasın jarattı, mámlekettiń valyuta qorı úzliksiz artıp bardı. Bul jeńisler Mısrǵa arab hám musılman dúnyasınıń jetekshisi bolıw múmkinshiligin berdi.

Biraq 2000-jıllarǵa kelip, Mısrda da islam fundamentalizmi jedellesip ketti. Olardıń basımı astında Mısr prezidenti Husni Muborak 2011-jılı otstavkaǵa shıqtı. Bunnan soń bolıp ótken prezidentlik saylawlarda «Musılman biradarlar» radikal islam shólkemnen kandidat Muhammad Mursi jeńiske eristi. M.Mursi mámleket prezidenti «revolyuciyanıń qorǵalıwına baǵdarlanǵan hár qanday dekretke» qol qoyıwı hám ol sudda bas tartılıwı múmkin emesligin belgilep qoydı. Bul háreketi ushın oppoziciyashılar M.Mursidi hákimiyattı iyelep alıwda, diktaturanı tiklewde ayıpladı. Armiyada narazılıq baslandı. Nátiyjede 2013-jılı M.Mursi áskeriy kúshler tárepinen awdarıldı hám qamaqqa alındı. Hákimiyatqa qorǵanıw ministri general Abdul Fattah As-Sisi keldi. Ol 2014-jılı bolıp ótken saylawlarda Mısr prezidenti etip saylandı.

«Musılman biradarlar» terrorshı shólkem dep daǵaza etildi, onıń jetekshileri repressiyaǵa ushıradı. M.Mursi hám shólkemniń jáne bir qatar jetekshileri ólimge húkim etildi.

Biraq Mısrda terroristlik qáwip joqarılıǵınsha qalmaqta. 2017-jıl 24-noyabrde ISHIM quramına kiriwshi «Wálayat Sinay» terrorshı shólkem wákilleri Sinay yarım atawındaǵı meshitte juma namazı waqtında jarılıw uyımlastırıp, namaz oqıwshılarǵa qarsı avtomattan oq attı. Aqıbetinde 235 adam, sonıń ishinde balalar da qurban boldı, 100 den ziyat adam jaralandı.

**Sudan** XX ásir aqırı XXI ásir baslarında regionda eń artta qalǵan mámleketi bolıp qalmaqta. Mámleket xalqınıń tiykarǵı bólimi awıl xojalıǵı menen bánt. Sanaat júdá áste rawajlanǵan, mámleket xalqınıń tek 5%ı bul taraw menen bánt.

Sudannıń shegerası kaloniyalıq dáwirinde jasalma bólingen bolıp, bul kóplegen etno-konfessional jánjelge sebep bolıp kelmekte.

**Liviyada** M.Kaddafiydiń uzaq húkmranlıǵı dáwirinde neftten alınǵan dárámat iri sociallıq reformalardı ámelge asırıw múmkinshiligin berdi. Liviyalılar Arqa Afrikada eń támiyinlengen xalıqqa aylandı.



**Arqa Afrika mámleketleri – bul ...**
**2011-jılı ...**
**2013-jılı M. Mursi ...**

Biraq sırtqı siyasatta M.Kaddafiy húkimeti revolyuciyalıq hám terrorshılıq shólkemlerge, ásirese islam dini bayraǵı astında háreket etiwshilerge

járdem kórsetti. M.Kaddafiydiń atı bir qatar terroristlik aktler menen baylanısqan hám bul xalıqaralıq jámáátshiliktiń narazılıǵına sebep boldı.

2011-jılı Liviyada da húkimetke qarsı kóterilisler baslandı. Kóterilisshiler waqıtsha húkimet dúzip, járdem sorap NATOǵa múrájáát etti. NATO kúshleri Liviyanı bombaladı. M.Kaddafiy óltirildi, biraq hár túrli toparlar ortasındaǵı soqlıǵısıwlar toqtamadı. 2016-jılı mámlekette puqaralar urısı baslanıp ketti. Bul urısta hár túrli islam shólkemler qatnaspaqta. Urıs Liviyanı ekonomikalıq apatshılıq jaǵasına alıp keldi. Millionlaǵan adamlar mámleketten shıǵıp ketip, qashqınǵa aylandı.




Afrika mámleketleri

Regionnıń Aljir, Tunis, Morokko hám Mavritaniya sıyaqlı mámleketlerinde de usı dáwirde júz bergen revolyuciyalar hám awdarıspaqlar quramalı kóriniske, kóbinshe diniy tiykarǵa iye bolıp, bul jámiyetlerdiń modernizaciyaǵa mútájligin kórsetpekte.

**Tropikalıq hám Qubla Afrika.** 1990-jıllarda Tropikalıq hám Qubla Afrika mámleketlerinde de áhmiyetli hám júdá quramalı ózgerisler júz berdi. Olar Afrika mámleketleriniń ózindegi rawajlanıw tendenciyaları hám ulıwma jáhán áhmiyetke iye bolǵan waqıya-"salqın urıs"tıń juwmaqlanıwı menen baylanıslı edi. Eki qarama-qarsı bloklar ortasındaǵı Afrikaǵa tásir ushın gúres juwmaqlandı.

Afrika mámleketlerinde demokratiyalastırıw tendenciyaları, puqaralıq jámiyetti dúziwge umtılıwlar payda boldı. Bir partiyalı sistemadaǵı mámleketlerdiń kópshiligi kóp partiyalı sistemaǵa ótti. Baǵdarlamasında marksizm-leninizm haqqındaǵı rejeler saqlanıp qalıp atırǵan húkimran partiyalar bul jarlıqtan waz keshti, marksizmge sadıq qalǵan **Efiopiyadaǵı** Mengisti Xayle Mariam húkimeti 1991-jılı awdarılıp taslandı.

Biraq bul processler regiondaǵı sisiyasiy jaǵdaydı keskinlestirip jiberdi. 1989-jılı **Liberiyadaǵı** etnikalıq tiykarda baslanǵan puqaralar urısı kóplegen qurbanlar hám 1 mln. xalıqtıń qońsı mámleketlerge massalıq túrde qashıwına alıp keldi. Mámleket búlingen awhalǵa keldi. Tek Liberiyaǵa xalıqaralıq kúshlerdi kiritiw awhaldı biraz tártipke keltirdi.

**Seirra-Leoneda** da áskeriy awdarıspaqlar hám quralli jánjeller puqaralar urısına alıp keldi. Tek BMSHniń aralasıwı keskinlikti biraz jumsarttı, biraq mámleket ekonomikası wayran bolǵan edi.

**Ruanda hám Burundida** da qanlı kóterilisler bolıp ótti. 1990-jıllar ortalarına kelip, tutsi hám xutu xalıqları ortasındaǵı gúres keskinlesip, genocitke alıp keldi. Nátiyjede Ruandanıń 1 mln ǵa jaqın xalqı qurban boldı. Burundida da 1 mln. ǵa jaqın adam qashqınǵa aylandı.

1997-jılı **Kongo Demokratiyalıq Respublikasında** Mobatidiń diktaturası awdarıldı. Biraq jańa húkimet uzaq jıllar dawamında toplanıp qalǵan sociallıq-ekonomikalıq krizisti jeńip, etnikalıq qarama-qarsılıqlardı jumsarta almadı. BMSH Kongo Demokratiyalıq Respublikasın dúnyanıń eń qalaq mámleketi dep tán aldı.

Kongo krizisine Afrikadaǵı bir qatar mámleketler: Qubla Afrika Respublikası, Angola, Namibiya, Uganda, Ruanda, Zimbave hám ol yaki bul dárejede úlesin qostı. Olardıń barlıǵı jánjeldi tınısh jol menen sheshiw

haqqında bayanat berse de, bir toparı oraylıq hákimiyattı, basqaları kóterilisshilerdi qollap-quwatladı.

Házirgi kúnde kambaǵallıq hám korrupciya menen birge mámlekettiń eń úlken mashqalalarınan biri gender teńsizligi bolıp qalmaqta. Hayallarǵa qarata zorlıqlar ápiwayı jaǵday bolıp, eń qorqınıshlısı xalıqtıń kópshilik bólegi bunı ápiwayı jaǵday sıpatında qabıl etedi. Basqa bir mashqala Afrika mámleketlerinde zamanagóy qullıqtıń saqlanıp qalǵanlıǵı bolmaqta. Ásirese, balalardıń qullıq jaǵdayı jáhán jámiyetshiligin táshwishke salmaqta. Búgin Afrika mámleketlerinde millionlap balalar qullıq jaǵdayında turmıs keshirip atır.



Gender teńsizlik kartası: jasıl reń-gender teńsizligininiń tómen dárejesi; qızıl reń – gender teńsizligininiń joqarı dárejesi;




**2011-jılı Liviyada da húkimetke qarsı kóterilisler baslandı.**

**2014-jılı Mısrda bolıp ótken saylawlarda Abdul Fattah As-Sisi prezident etip saylandı.**

Bul sıyaqlı kúlpetler Tropikalıq hám Qubla Afrikanıń úlken bólimindegi jaǵdaydı sáwlelendiredi. Social-ekonomikalıq krizis barǵan sayın kúsheyip bardı. Xalıqtıń ósiw dárejesiniń joqarılıǵı jumıssızlıq mashqalasın jáne

de keskinlestirdi. Jáhán bazarında Tropikalıq hám Qubla Afrika shiyki zatına bolǵan talaptıń kemeyiwi region mámleketleriniń ekonomikasına úlken soqqı boldı. Afrikanıń kóplegen mámleketlerinde xalıqtıń jan basına jıllıq dáramatı 1960-jıllardaǵıdan da tómenge túsip ketti. Tek XXI ásir baslarında unamlı tárepke ózgeris baslandı. Biraq XXI ásirde afrikalılar aldında úlken mashqalalar turǵanı anıq. Bulardıń eń úlkeni demografyalıq mahqala. Kambaǵallıq, qorqınıshlı keselliklerge qaramastan XXI ásir baslarında Afrikanıń kóplegen mámleketlerinde xalıqtıń jıllıq ósiwi júdá joqarı. BMSHniń esabı boyınsha, Afrika xalqı 2050-jılǵa barıp 2 mlrd adamǵa jetedi. Bul jańa ásirde Afrika júdá úlken mashqalalar aldında turǵanlıǵınan derek beredi.



**Etno-konfessional jánjel** – bul etnikalıq jánjeldiń formalarınıń biri bolıp, onda etnikalıq qarama-qarsılıq diniy qarama-qarsılıq penen qosılıp ketedi.

**Gender teńsizligi** – bul sociallıq sistemanıń áhmiyetli belgisi bolıp, oǵan muwapıq hár túrli sociallıq toparlar, usı jaǵdayda-erkekler hám hayallardıń jámiyettegi múmkinshilikleri bir-birinen keskin ózgeshelik etedi.

## Bekkemlew ushın sorawlar hám tapsırmalar

1. XXI ásir basına kelip Mısrdıń siyasiy turmısında islam fundamentalizmi qanday rol oynadı?
2. XX ásir aqırı- XXI ásir baslarında Liviya hám basqa Arqa Afrika mámleketlerindegi revolyuciya hám awdarıspaqlar qanday aqıbetlerge alıp keldi?
3. “Salqın urıs”tıń juwmaqlanıwı Afrika mámleketlerinde qanday processlerdi keltirip shıǵardı?
4. XXI ásirde Afrika mámleketleri aldında qanday tiykarǵı mashqalalar turıptı?

## Óz betinshe jumıs



Afrika mámleketleriniń rawajlanıwındaǵı mashqalalar hám jeńisleri máselesin T-sızılma tiykarında talqılań, dápterińizge jazıń.

# III BAP. JAŃA MÍŃJÍLLÍQ BASLARÍNDA JÁHÁN CIVILIZACIYASÍ MASHQALALARÍ

## 27-TEMA. XX ÁSIR AQÍRÍ XXI ÁSIR BASLARÍNDA GLOBALLASÍW MASHQALALARÍ, ÁSKERIY, EKSTREMISTLIK HÁM EKOLOGIYALÍQ QÁWIP-QÁTERLER

**Globallasıw mashqalaları.** Globallasıw (globus – Jer sharı) degende ulıwma jáhán ekonomikalıq, siyasiy hám mádeniy integraciyalasıw hám unikaciyalasıw processi túsiniledi. Globallasıw obyektiv hám sistemalı process bolıp, jámiyet turmısınıń barlıq tarawların qamtıp almaqta.

Ekonomikanıń globallasıwı nátiyjesinde ekonomikalıq rawajlanıwlar hám krizisler ulıwma jáhán kóleminde global xarakterge iye bolıp barmaqta. Zamanagóy xabar sistemalarınıń finans kapitalına júdá tez qozǵalısı, finans bazarlarına bolsa toqtawsız xızmet etiw múmkinshiligin jaratadı.



Globallasıw batıslasıw ma?

Mádeniy tarawda globallasıw procesi qarama-qarsılıqlı nátiyjelerge de alıp kelmekte. Bir tárepten, mádeniy globallasıw processinde Internet, xalıqaralıq sayaxat, kinofilmler, kitaplar hám dóretiwshilik miynettiń basqa ónimleri úlken rol oynaydı. Basqa tárepten, kóbinese sıpatı onsha joqarı bolmaǵan xalıqaralıq mádeniy hádiyselerdiń en jaydırılıwı, milliy mádeniyatlardıń rawajlanıwı ushın qáwip sala basladı. Máselen, házir «massalıq mádeniyat» dep atalıp atırǵan process sonday keri tásirlerge iye bolǵan qubılıslardıń biri.



**1927-jılı Nyu-Yorkda kórgizbe etilgen birinshi sesli kino qanday ataladı?**

Globallasıw – birdey bahalanıwı múmkin bolmaǵan júdá quramalı process. Bul processte hár bir xalıq óz ornın iyelewine, ózligin saqlap qalıwǵa umtılmaqta. Aziya hám Afrikadaǵı dástúriy civilizaciyalardıń batıslasıw procesi júdá quramalı keshpekte. Bul jámiyetlerde Batıstıń qádriyatlar sistemasın, onıń dástúriy jámiyetler ruwxıy-ádep ikramlıq tiykarlarına qarsı bolǵan ólshemleri sózsiz hám tolıq qabıl etiwdiń jaqın ásirler ishinde ilajı joqtay túyiledi. Kerisinshe Qıtay hám Hindstan sıyaqlı mámleketlerde jáhán ekonomikası, siyasatındaǵı roliniń artıp barıwı bul jámiyetler ruwxıy-ádep ikramlılıq qádriyatlarınıń da jáhán maydanına shıǵıwına alıp keliwi, bul bolsa Batıs jámiyetinde barǵan sayın tereńlesip baratırǵan ruwxıy krizis jaǵdayınan shıǵıp alıw imkanın beriwi múmkin.



**«Massalıq mádeniyat» – bul ...**
**Globallasıw-bul....**
**Dástúriy civilizaciyanıń globallasıwı ...**

**Áskeriy qáwip-qaterler.** XX ásirdiń 50-jıllarında dúnyanıń bir topar ataqlı ilimpazları yadro quralın massalıq qollanıw civilizaciyanıń tolıq joq etiliwine alıp keledi degen eskertiwleri menen shıqtı. Haqıyqattan, yadro quralı barlıq tábiyiy apatshılıqlarǵa qaraǵanda da kóbirek wayran etiw qúdiretine iye. Bul quraldıń payda bolıwı sebepli tariyxta dáslepki ret insaniyattıń ózin-ózi joq etiw qáwpi payda boldı. Házirgi kúnde civilizaciyanı tikkeley apatshılıqqa alıp keliw ushın Jer júzinde toplanǵan yadro quralınıń 1%ın qollanıw jetkilikli eken. Usı waqıtta insaniyat ushın áskeriy qáwip-qater XXI ásirde de saplastırılmadı. AQSH hám Rossiya sıyaqlı jetekshi yadrolıq mámleketler ortasındaǵı kelispewshilikler hám isenimsizlik saqlanıp qalar eken, yadro urısı qáwpi de saplastırılmaydı, insaniyat bunday urıs qáwpinen qutılmaydı. Sonday-aq, dúnyada yadro quralına yaki onı tez jaratıw múmkinshiligine iye mámleketler sanınıń barqulla ósip barıwı da insaniyat ushın úlken qáwip bolıp qalmaqta.

Ximiya hám gen injinerliginiń jetiskenlikleri sebepli ximiyalıq hám bakteriologiyalıq qurallardı jetilistiriw múmkinshilikleri de insaniyattı táshwishke salmaqta. Bunday qurallardı jaratıwdıń salıstırmalı arzanlıǵı, qadaǵalawdıń qıyınlıǵı, bul bolsa kóplegen adamlardı joq etiw imkaniyatın jaratpaqta, kishi soqlıǵısıw oshaqlarında payda bolıw qáwpin asırmaqta.

**Ekstremizm hám terrorizm.** Zamanagóy jámiyettiń kóplegen mashqalaları arasında sońgı waqıtta bir-biri menen úzliksiz baylanısqan eki mashqala-ekstremizm hám terrorizm ayrıqsha orın tutadı. Ekstremizm hám terrorizm insaniyattıń sociallıq qádriyatlarına úlken zıyan jetkeredi, jámiyette insannıń qorǵalǵanlıq sezimin ayaq astı etedi.

Ekstremizm – bul sociallıq-siyasiy, diniy, milliy maqsetlerge qadaǵan etilgen usıllar arqalı erisiwdiń teoriyası hám ámeliyatı. Qadaǵan etilgen usıllar degende insan huqıq hám erkinliklerine nızamda ruxsat etilmegen kúsh isletiw, zorlıq jolı menen hújim etiw túsiniledi.



Terrorizmniń qorqınıshlı kórinisi

Ekstremist óziniń siyasiy, diniy yaki basqa sociallıq qáwipli ideyalarınıń haqlıǵına isengen hám olardı adamlar, ásirese jaslar sanasına sińdiriw ushın háreket etetuǵın «ideologiyalıq» jınayatshı. Búgin óziniń fundamentalistlik ideyaların dálillew hám olardı jámiyettiń tiykarına aylandırıw ushın háreket etip atırǵan, óz xızmeti dawamında qorqınıshlı insaniyatqa qarsı usıllardan paydalanıp atırǵan bul toparlar usınday ekstremistler esaplanadı.

Ekstremizmniń eń qáwipli forması terrorizim bolıp esaplanadı. Terrorizm-bul mámleket hákimiyatı hám jergilikli basqarıw organları hám de xalıqaralıq shólkemlerdiń qararlar qabıl etiw processinde xalıqtı qorqıtıw yaki nızamǵa qarsı keletuǵın basqa háreketler menen baylanıslı zorlıq arqalı tásir kórsetiw ideologiyası hám ámeliyatı. Yaǵnıy terrorshılar hesh nárse menen shegaralanbaǵan jawızlıqlar, máselen xalıq toplanǵan orınlarda jarılıwdı ámelge asırıw, massalıq óltiriw sıyaqlı siyasiy hákimiyatqa umtıladı. Olar házirde ásirese diniy nıqaptan keń paydalanbaqta. Máselen, «Al-Kayda», ISHIM sıyaqlı islam diniń nıqap etip alǵan terroristlik shólkemler búgin dúnyanıń eń úlken ekstremistlik hám terroristlik qáwpine aylandı. Bul qáwipti bilmeytuǵın yaki aqırına shekem túsinip jetpegen adamlar, ásirese jaslar terrorshılar sheńgeline túsip qalmaqta. Ekstremistlik ideyalardıń jayılıwında Internet hám basqa da zamanagóy xabar quralları da málim keri rol oynamaqta.

Jaqın Shıǵıstaǵı tınıshsız jaǵday, ol jerden on mıńlap qashqınlardıń Evropaǵa umtılıwı pútkil dúnyada terrorizm qáwpin keskin arttırdı. Eń qáwiplisi, zamanagóy adamlarǵa jat bolǵan qorqıw hám qáwetirli jaǵdayı pútkil dúnyanı qamtıp almaqta.

**Tábiyiy resurslar hám biosferanıń pataslanıwı.** Jer júzindegi ómirge qorqınısh salıp atırǵan qáwiplerdiń jáne biri insannıń islep shıǵarıw xızmeti menen baylanıslı. Insannıń islep shıǵarıw xızmetiniń Jer biosferasına keri tásiri kún sayın artıp barmaqta. Keyingi jıllarda planetamızdı quyashtıń radioaktiv nurlarınan qorǵap turǵan ozon qabatı buzılmaqta. Aqıbette adamlardıń rak keselligine jolıǵıwı, haywan hám ósimliklerdiń keselleniw qáwpi artpaqta. Atmosferaǵa iyis gazleriniń kóplep shıǵarılıwı global klimat ózgerisi processin baslap berdi. Nátiyjede planetamızda ortasha temperatura jıl sayın ósip barmaqta. Nátiyjede polyar muzlıqları, Grenlandiya hám Antraktida muz qatlamlarınıń eriwi, dúnya okeanı qáddiniń kóteriliwi, qurǵaqtaǵı júzlegen qalalardı, keń ónimdar jerlerdi suw basıwı kútilmekte.

Ózbekstanda sheshiliwi lazım bolǵan sonday eń úlken mashqala-Aral teńizi mashqalası. Sońǵı qırq jıl dawamında Aral teńizi basseyni keskin qısqardı, suwdıń kólemi azaydı, onıń minerallasıwı bolsa onlaǵan márte ósip, teńizdi tiri organizmniń jasawı ushın jaramsız halǵa keltirdi. Búgingi kúnde teńizdiń 90%ınan artıǵı qurǵap qaldı. Bunday tábiyat kórinisi Aral boyı xalqı, ásirese balalardıń den sawlıǵı, millet genefondı, qorshaǵan ortalıqtıń tazalıǵına kúshli zıyan jetkermekte.

Sońǵı dáwirde Jer júzi xalqınıń úlken bólimi toplanǵan qalalarda insan ótmishindegige salıstırǵanda bir qansha úlken xabarlar tásirine ushıramaqta. Nátiyjede nerv-psixologiyalıq, rak hám júrek-qan tamır kesellikleri kóbeyip barmaqta. Júz jıllar dawamında qaliplesken turmıs tárizindegi ózgerisler, ásirese zamanagóy qolaylıqlar nátiyjesinde hárekettiń kemeyiwi de insan salamatlıǵına keri tásir kórsetpekte.



Záhárli gazler – insaniyattıń global mashqalası

Álbette, joqarıdaǵı keltirilgenler insaniyattıń sheshiwi lazım bolǵan mashqalalarınıń barlıǵın qamtıp almaydı. Olardan ayırımları, máselen insaniyattıń ruwxıy krizisi, adamlardıń bir-birine hám jámiyetke qatnasıq normasınıń buzılıwı sıyaqlı mashqalalar júdá quramalı bolıp, olardı sheshiw Jer júzinde insaniyattı saqlap qalıw hám keyingi rawajlanıwın támiyinlew ayrıqsha áhmiyetli esaplanadı. Usılar qatarına insaniyat aldında jámiyet hám tábiyat ortasındaǵı teńsalmaqlıqtı tiklew, ekologiyalıq, texnologiyalıq hám sociallıq processti birlestirip, sociallıq qıyınshılıqtı saplastırıw hám nátiyjede insaniyat civilizaciyasın saqlap qalıwday jer júzlik qıyın wazıypa

turıptı. Bul mashqalalardı sheshiw insaniyattan, eń dáslep birge islesiw hám birlikti talap etedi.



**Unifikaciya** – bul bir sistema yaki formaǵa keltiriw.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Siyasiy, ekonomikalıq hám mádeniy tarawlardaǵı globallasıw processi nelerde kórinis berdi?
2. Qorshaǵan ortalıqtı hám insan salamatlıǵınıń jamanlasıwına qanday faktorlar sebep bolmaqta?
3. Ekstremizmniń ideyalıq qáwpi qanday kórinislerde payda boladı?
4. Zamanagóy dinge berilgen diniy toparlardıń ekstremistlik qáwip nede?
5. Ne ushın terrorizm ekstremizmniń eń qáwipli túri esaplanadı?
6. Tábiyiy resurslardıń kemeyiwi hám atmosferanıń pataslanıwı insaniyat aldına qanday mashqalalardı qoymaqta?

## Óz betinshe jumıs



«Ekstremizm hám terrorizm-rawajlanıwdıń dushpanı» temasında prezentaciya tayarlań hám videorolik kórinisinde dógerek shınıǵıwlarında kórsetiń.



Internet járdeminde dúnyada tábiyiy resurslar mashqalası hám biosferanıń pataslanıwı máselesin talqılań. Bul mashqalalardıń sheshimlerin jáhán tájiriybesinde qalay sheshiliwin dápterińizge jazıń.

## 28-TEMA. XX ÁSIR AQÍRÍ XXI ÁSIR BASLARÍNDA TURAQLÍ RAWAJLANÍW HÁM ETNO-SOCIALLÍQ MASHQALALAR

**Turaqlı qáwipsiz rawajlanıw mashqalaları.** Turaqlı rawajlanıw-bul ekonomikalıq hám sociallıq ózgerisler procesi bolıp, onda tábiyiy resurslardan paydalanıw, investiciyalardı baǵdarlaw, ilimiy-texnikalıq rawajlanıw baǵdarın belgilew, shaxstıń rawajlanıwı hám institucional ózgerisler bir-biri menen sáykeslendiriledi, insan zárúrlikleri hám umtılıwların qandırıw ushın búgingi hám keleshek múmkinshilikleri kúsheytiledi. Bulardan maqset, álbette adamlardıń sıpatlı jasaw dárejesin táminlew bolıp esaplanadı.



**Birlesken Milletler Shólkemi qanday maqsette dúzilgen?**

Insaniyattıń turaqlı qáwipsiz rawajlanıwı kóp tárepten xalıq aralıq birge islesiwge de baylanıslı. Sanaatta energiya hám resurslardıń jumsalıwın azaytıwshı joqarı texnologiyalarǵa tiykarlanǵan postindustrial sistemaǵa ótkeriw házirgi civilizaciya juwapkershiligine túsken júkti bir qansha kemeytiw múmkin. Máselen, sońǵı 50 jıl ishinde ilim-pánniń jetiskenlikleri nátiyjesinde dúnyada janılǵı jumsalıwınıń keskin kemeyiwi tábiyattan ashıqtan-ashıq baylıqlardı almastan, ortalıqtı pataslamastan joqarı texnologiyalar tiykarında ónim alıw múmkinshiligin berdi.

Tábiyattı qorǵaw boyınsha óz adına mámleketler tárepinen alıp barılıp atırǵan ilajlar menen bir qatarda, bul tarawdaǵı xalıqaralıq birge islesiw de rawajlanbaqta. Ortalıqtı qorǵaw hám turaqlı rawajlanıw boyınsha 1992-jılı Rio-de-Janeyro qalasında ótkerilgen konferenciyada XXI ásirde háreket, sonıń ishinde pútkil insaniyat ushın turaqlı-qáwipsiz rawajlanıw koncepciyasın islep shıǵıw baǵdarlaması qabıl etildi. Dúnyanıń jetekshi mámleketleri ozon qabatın joq etiwshi zatlardı atmosferaǵa shıǵarıwdı azaytıw hám keyin ala pútkilley toqtatıw minnetlemesin aldı. Yadro texnologiyalarınan paydalanıwshı mámleketler atom elektrostanciyaları qáwipsizliginiń xalıqaralıq standartların saqlamaqta.

Usıǵan qaramastan, global ulıwma jáháń kóleminde turaqlı-qáwipsiz rawajlanıw modeline ótiw mashqalasın sheshiw ushın házirshe jaǵday

jaratılǵan emes. Biraq insaniyat usı baǵdarda rawajlanbaqta, birge islesiwdi dawam etpekte. Bul insaniyattıń erteńgi kúnine isenimin bekkemleydi.




Ortalıqtıń pataslanıwı dáwirimizdiń eń áhmiyetli global mashqalasına aylanbaqta

**Rasizm hám rasalıq kemsitiwlerge qarsı gúres.** Jámiyettegi rasalıq keskinlikti jumsartıwǵa qaratılǵan ilajlar etnikalıq azshılıqtıń teń huqıqların, sonıń ishinde sociallıq tarawdaǵı huqıqların bekkemlewge qaratılǵan nızamlar qabıl etiliwin óz ishine aladı. Usınday nızamlar dáslep SSSR-da, AQSHta, Batıs Evropa mámleketlerinde qabıl etildi. Ásirese, Evropada rasalıq kemsitiliwge qarsı nızamlardı bekkemlewge qaratılǵan ilajlar ámelge asırıldı.



**Rasalıq kemsitiw-bul ...**
**Atom elektrostanciyaları ...**
**Turaqlı-qáwipsiz rawajlanıw koncepciyası-bul ...**



Dúnya xalıqları rasizmge qarsı

Etnikalıq azshılıqtıń sociallıq mashqalaları hám siyasiy mártebesine puqaralıq jámiyettiń mámleketlik emes sistemaları ásirese úlken itibar qarattı. Máselen, kásiplik awqamlarında etnikalıq azshılıq wákilleri máplerin ańlatıwshı bólimler payda boldı. Jetekshi siyasiy partiyalar da etnikalıq azshılıq wákilleri ushın óz bólimlerin ashtı. Parlamentke, jergilikli hákimiyat organlarına etnikalıq azshılıq wákillerinen kandidatlar kórsetildi. 1987-jılı Ullı Britaniyada dáslepki ret jámáát palatasına etnikalıq azshılıq wákillerinen tórtewi saylandı. Keyin qara deneli Devid Dinkins Nyu-York qalası meri, afro-amerikalı Barak Husain Obama AQSH prezidenti, kelip shıǵıwı belujlerden Sodiq Omonxan London qalasınıń meri etip saylandı.

Biraq 2015-jılı AQSHtıń bir neshe qalalarında politciyashılar hám rasashılar tárepinen qara deneli amerikalılardıń óltirilgennen keyin prezident B.Obama AQSH ushın rasalıq ele tiykarǵı mashqala ekenligin tán aldı.

**XX ásir aqırı XXI ásir baslarında etno-sociallıq mashqalalar.** XX ásir áqırına kelip úlken materiallıq resurslarǵa iye bolmaǵan mámleketler de etno-sociallıq mashqalalar menen ushırasıp kelmekte. XXI ásirde etno-sociallıq jánjeller ótken ásirdegi klaslıq gúreslerge salıstırǵanda da ayırıqsha mashqalalar deregi bolıwı múmkinligin búgingi waqıyalar kórsetpekte.



Milletler aralıq tatıwlıq-etnikalıq jánjellerdiń aldın alıwdıń eń ńátiyjeli jolı

Jáhánde xalqı 1 millionnan artıq bolǵan 164 mámlekettiń yarımınan azıraǵı bir milletli, yaǵnıy tiykarǵı xalqı bir milletke tiyisli bolǵan mámleketler. Qalǵan mámleketler kóp milletli esaplanadı.

Xalqınıń kóp milletli quramı usı mámlekette etno-sociallıq jánjeller kelip shıǵıwın aniq qılıp qoymaydı. Kóp milletli mámleketler, máselen, Ózbekstanda túrli milletlerdiń tınısh-tatıw jasaw dásturi qáliplesken. Biraq dúnyanıń ayırım aymaqlarında etnikalıq jánjeller keskinlesiwi júz bermekte. 1980-jıllardıń aqırına kelip, júz bergen jámi áskeriy jánjellerdiń yarımınan kóbi bir mámleket ishinde, etnoslar aralıq jánjeller edi. Usı waqıtta bul jánjellerdiń tiykarǵı maydanı Aziya hám Afrika mámleketleri boldı.

Biraq SSSR tarqalıp ketiwi menen onıń burıngı aymaǵında onlap etnoslar aralıq keskinlik oshaǵı payda boldı. SSSRda milliy-aymaqlıq shegaralanıw ótkerilgen 1920-jılları sovet respublikaları ortasındaǵı shegaralardı belgilewde etnikalıq faktor jaqsı inabatqa alınbaǵan, nátiyjede kóplegen xalıq óz milliy respublikaları aymaqlarınan sırtta qalıp ketken. Bul mashqala Kavkaz artı respublikaları hám Orta Aziyada SSSR qulaǵannan soń anıq sezilip qaldı. Bul aymaqlarda kóplegen etnoslar aralıq jánjellerdiń kelip shıǵıwına sebep boldı.



**1992-jılı Rio-de-Janeyro qalasında ortalıqtı qorǵaw hám turaqlı rawajlanıw boyınsha konferenciya ótkerildi.**

**Qara deneli Devid Dinkins Nyu-York qalası meri, afro-amerikalı Barak Husain Obama AQSH prezidenti, kelip shıǵıwı belujlerden Sodiq Omonxan London qalasınıń meri etip saylandı.**

Sovet dáwirinde barlıq Respublikalardıń sanaat potencialı birdey rawajlandırılmaǵanlıǵı da SSSR bólingennen soń bir qatar etno-sociallıq mashqalalar deregine aylandı. Ásirese 2000-jıllardan baslap burıngı sovet respublikalarınan miynet emigrantlarınıń massalıq Rossiya Federaciyasına keliwi bul jerde etno-sociallıq mashqalalardı kúsheytip jiberdi.

Qullası, XX ásirdegi júdá úlken hám áskeriy soqlıǵısıwlardıń jemisi bolǵan etno-sociallıq mashqalalar ásirdiń aqırına da Evropada júz bergen siyasiy krizisler, SSSR hám socialistlik lagerdiń tarqalıp ketiwi nátiyjesinde jáne de háwij aldı. XXI ásirge kelip, adamlardı rasalıq hám dinge tiyisliligi tiykarında kemsitiwler kemeygen bolsa da, sociallıq teńsizlik, migraciya processleri menen baylanıslı mashqalalar házirde saqlanıp qalmaqta.



**Institucional ózgerisler** – bul sociallıq-ekonomikalıq rawajlanıwdıń quramlıq bólimi bolıp, sociallıq institutlardaǵı rawajlanıw hám ózgerislerde kórinis beredi.

**Potencial** – bul qanday da bir taraw, frontta bar bolǵan barlıq múmkinshilikler, qurallar jıyındısı; keń maǵanada «qor» quralları.

**Rasalıq** – bul rasalardıń teń emesligi, «joqarı» rasalardıń «tómen» rasalar ústinen húkmranlıq etiwi haqqındaǵı ilimge súyenbegen reakciyalıq teoriya.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. Etno-sociallıq mashqalalar degende neni túsinesiz?
2. Migracion processler etno-sociallıq qatnasıqlarǵa qanday tásir kórsetedi?
3. Rasizm hám rasalıq kemsitiwler degende neni túsinesiz?
4. Etno-sociallıq qatnasıqlarda migraciyalıq procesler tásiri nelerde kórinis bermekte?

5. SSSR bólsheklengennen keyin burıńǵı sovet respublikalarında etnoslar aralıq jánjellerdiń kelip shıǵıwınıń qanday sebepleri bar edi?

### Óz betinshe jumıs



“Rasalıq kemsitiwlerge qarsı gúres” hám “Etno-sociallıq mashqalalar” túsiniklerin salıstırmalı talqılaw tiykarında olardıń formaların dápterińizge jazıń

## 29-TEMA. XX ÁSIR AQÍRÍ XXI ÁSIR BASLARÍNDA ILIMIY-TEXNIKALÍQ RAWAJLANÍW. ILIM-PÁN, ÁDEBIYAT, KÓRKEM ÓNER

**ITR hám onıń nátiyjeleri.** XX ásirdiń ekinshi yarımındaǵı ilimiy-texnikalıq revolyuciya sońǵı júz jıl dawamında ilim-pán rawajlanıwınıń nızamlı nátiyjesi boldı. Bul revolyuciyanıń tiykarǵı belgileri tábiyiy hám sintetikalıq materiallardan ónimlerdi massalıq islep shıǵarıw, mashinalardan keń paydalanıw, islep shıǵarıwdıń konveyerli liniyaların, zavod-avtomatların hám sanaat robotların jaratıw boldı. ITR jáhánniń aldıńǵı mámleketlerin civilizaciyanıń industrial basqıshınan postindustrial dáwirine alıp shıqtı.



**Internettiń ótmishlesi Arpanet qashan oylap tabılǵan?**

Xabar hám jańa texnologiyalardıń jedel rawajlanıwı, XX ásirdiń sońǵı 30 jılında júz bergen jańa texnologiyalıq revolyuciya, ulıwma kompyuterlestiriw hám jámiyettiń málimlemelestiriliwi, óndiristiń intellektuallasıwı sıyaqlı procesler rawajlanǵan mámleketlerde jámiyettiń pútkilley jańa jaǵdayın keltirip shıǵardı. Bunı ilimpazlar “xabar jámiyeti” dep atamaqta. Ilimpazlardıń pikirinshe, “xabar jámiyeti” industrial jámiyetten keyin keletuǵın, jámiyettiń bir qansha joqarı basqıshı. Házir industrial rawajlanǵan mámleketlerde intellektual miynet penen bánt bolǵan xalıqtıń

sanı pútkil jumısshı kúshiniń yarımına jaqınlaspaqta. AQSH hám Yaponiyada bul kórsetkish jáne de joqarı. Eger Afrikada xalıqtıń 2/3 bólimi awıl xojalığı tarawında bánt bolsa, AQSHta bul kórsetkish 3% dan aspaydı. AQSHta xabar texnologiyaları tarawında 80% xalıq miynet etpekte.



Ilim hám texnologiyalar

**Tábiyiy pánler hám medicina.** XX ásirdiń ekinshi yarımında biologiya, bioximiya hám medicinanıń rawajlanıwı insan turmısınıń keskin ózgerisine, industrial jámiyettiń jańa sapa basqıshına ótiwine alıp keldi. XX ásirde qara sheshek, ispan gripi, oba, xolera, súzek, tuberkulyoz, bezgek sıyaqlı kesellikler jer júzinde 1 mlrd. qa jaqın adamnıń ólimine alıp keldi. Ásir aqırına kelip jańa juğımlı kesellik-AIJS payda boldı. Usığan qaramastan, usı XX ásirde tariyxta birinshi márte juğımlı kesellikler adamlar óliminiń tiykarğı sebebi bolmay qaldı. XX ásirdiń ekinshi yarımı, ásirese ásir aqırlarına kelip, júrek-qan tamır sisteması hám rak kesellikleri adamlar óliminiń bas sebepshilerine aylandı. Biologiya, awıl xojalığı hám medicina ilimlerindegi revolyuciyalıq jeńisler nátiyjesinde Jer júziniń xalqı ásir basındağı bir yarım milliard adamnan ásir aqırına kelip altı milliard adamğa shekem kóbeydi. Júdá kóplegen keselliklerge qarsı vakcinalar jaratıldı. Medicina texnikası tarawındağı jeńisler adamlardıń turmıs párawanlığın jaqsıladı hám ómirin uzayttırdı.

**Qádriyatlar sistemasındaǵı ózgerisler.** Ǵalaba xabar qurallarınıń jetilistiriliwi onı adamlardıń sanasına, júris-turısına hám keypine tásir ótkeriwshi qúdiretli quralǵa aylandırdı. XX ásirdiń ekinshi yarımında jerdiń jasalma joldası arqalı telekórsetiwlerdi kórsetiw, global kompyuter tarmaǵın jaratıw arqalı insaniyattıń ruwxıy turmısın internacionallastırıw ushın sharayat tuwıldı. Usı múnásibet penen adamlarda soraw tuwıla basladı: dál qaysı qádriyatlar, ideyalar, tımsallar, qıyallar endi universal xarakterdi payda etedi, hámme ushın ulıwmalıq boladı? Aytıwımız múmkin, házir ideyalar, mádeniy qádriyatlardıń ózine tán jáhán bazarı payda boldı. Onda kúshli mámleketler óziniń siyasiy hám mádeniy tásirin támiyinlew ushın gúrespekte.

Barlıq orında radio esittiriw hám televidenieniń keń tarqalıwı, kópshilik mámleketlerde xalıqtıń sawat dárejesiniń ósiwi tez payda keltiretuǵın, massalıq tutınıwshıǵa mólsherlengen kórkem ónimlerge zárúrlilikti keltirip shıǵardı.

Ǵalabalıq mádeniyat tek ǵana kewil kóteretuǵın emes, bálkim belgili bir ideologiyalıq maqsetti de názerde tutqan ǵalaba waqtı xoshlıqta audio hám video ónimlerin islep shıǵarıwshı pútkil sanaattıń payda bolıwına alıp keldi. Jáhánniń jetekshi korporaciyaları bunda óz ónimlerin tuwrıdan tuwrı hám tikkeley reklama etiwdiń kúshli múmkinshiliklerin kórdi. Kino, estrada, sport "juldız"larınıń tanılǵanlıǵı olardıń turmıs tárizin, kiyiniw stilin, turmıslıq hám siyasiy kózqarasların kópshilik, ásirese, jaslardıń eliklewi ushın úlgige aylandırdı.



**XX ásirdiń ekinshi yarımında ...**
**ITR – bul ...**
**«Xabar jámiyeti» – bul ...**
**Jańa juǵımlı kesellik ...**

Sońǵı waqıtta kóplegen xalıqlardıń eliklew obyektine aylanǵan Batıs civilizaciyası texnikalıq hám texnologiyalıq innovaciyalar, demokratiya hám insan huqıqları sıyaqlı túsinikler menen birge mádeniy tolerantlıqtıń jańadan-jańa tárepleri kórinis bermekte. Bir qatar Batıs mámleketlerinde bir jınıslı adamlardıń ortasında shańaraq qurıwdıń nızamlastırılıwı, úrp-ádet hám dinniń qarsılıǵına qaramastan, bul ádetti basqa orınlarda da en jaydırıwǵa urınıwın kópshilik tárepinen búgingi Batıs jámiyetiniń ruwxıy

krizisi sıpatında qaralmaqta. Usı sebepli Batıstıń ózinde de ǵalabalıq mádeniyat kópshilik filosoflar, jámiyettanıw hám mádeniyattanıwshılar tárepinen júdá táshwishli hádiyse sıpatında qaralmaqta. Ol álemdi júdá ápiwayı qabıl etiw shaqırıǵı ushın intellektual buzılıw deregi sıpatında táriplenbekte. Ilimpazlardıń pikirinshe, ǵalabalıq mádeniyat shaxstıń tereń mútájligin júzege shıǵarıw hám ámelge asırıwǵa qarsılıq etedi. Minezqulqınıń eliklewshilik modeli adamlarda bosańlıq, maslasıwshılıq, yaǵnıy dúnyanı qanday bolsa, sondaylıǵınsha qabıl etiwge tayarlıq psixologiyasın payda etedi.

**Ádebiyat.** XX ásir aqırı XXI ásir baslarına kelip ádebiy procesler tez ózgerdi, hár on jılda ádebiyatta jańa baǵdar payda bolmaqta, jańa mektepler qáliplespekte. Bul dáwir ádebiyatı da intellektual izleniw procesin dawam ettirmekte, ol zamanagóy jámiyettiń zárúrliklerin hám rawajlanıw usılların ańlawǵa umtılmaqta.

Jańa ásir baslarında kóplegen tillerde basıp shıǵarılǵan hám keń tanılıwǵa sebep bolǵan sonday shıǵarmalardıń biri awǵanstanlı Xolid Husayniydıń “Samal artınan juwırıp atırǵan adam” dep atalǵan romanı boldı. Roman waqıyaları Qabulda “taliban” háreketi háwijine shıqqan dáwirde júz beredi. Bul Amir hám Hasan ortasındaǵı doslıq tariyxı. Onda adamlar ortasındaǵı doslıq hám minnetlemeniń ruwxıy tiykarları haqqında pikir júritiledi. Shıǵarma 2001-jıl sentyabr waqıyalarınan keyin basıp shıǵarılǵanlıǵı ushın úlken qızıǵıwshılıq oyattı.

XXI ásirde ózbek kitap oqıwshısına jetip kelgen jáne bir tanılǵan shıǵarma braziliyalı jazıwshı Paulo Koelyonıń “Alximik” romanı. Shıǵarma jaslıq, arzıw hám oǵan umtılıw haqqında. “Óz taǵdirine erisiw-mine insannıń haqıyqıy minnneti”, - dep jazadı P. Koelyo.

XX ásir aqırı XXI ásir baslarında jáhán jámáátshiliginiń itibarına erisken eń tanılǵan shıǵarmalardıń biri anglishan jazıwshısı Joan Rouling qálemine tiyisli “Garri Potter” haqqındaǵı roman boldı. Alımlar úlken tárbiyalıq áhmiyetke iye dep esaplaytuǵın bul romanlar ólimdi de jeńip ótken qudayǵa sıyınıwshı óspirim Garri Potterdiń basınan ótken waqıyalarǵa baǵıshlanǵan. Shıǵarma búgingi dúnya hár qashanǵıdan da qayırlı iske, adamlarǵa jaqsılıq alıp keliwshi ullı alımǵa mútáj ekenligi, qayırlı is házir hár qashanǵıdan da awır hám qarsı keletuǵın bolsa da, Garri Potterdey qálbi pák insanlar olardı jeńip ótiwi múmkinligi haqqında gúrriń etedi. Dástúrlerdi saqlap qalıwǵa umtılǵan jazıwshı bul shıǵarmalarda óziniń júdá isenimli kórkem álemin jaratıwǵa erisken.

Bul túrdegi shıǵarmalardıń kópligine qaramastan, búgingi ádebiyattıń kópshilik jaǵdaylarda komerciyalıq hám reklama xarakterin de kórsetip ótiwimiz lazım.

Zamanagóy jámiyet óz rawajlanıwınıń áhmiyetli intellektual bólegi bolǵan ádebiyattıń áhmiyeti hám mashqalaların, jámiyet ádebiyatsız bar bolıwı hám rawajlanıwı múmkin emesligin tolıq ańlap jetiwimiz zárúr. Televidenie, radio hám Internet tarmaqları arqalı beretuǵın kúnniń áhmiyetli jańalıqları qatarınan basıp shıǵarılǵan kitaplardı usınıw, olardı reklama etiw ádettegi jaǵdayǵa aylanıwı lazım. Bul tiykarında zamanagóy jámiyet mádeniyatınıń áhmiyetli bólimi, onı inabatqa almaw múmkin emes.

**Kórkem óner.** Zamanagóy kórkem óner XX ásirdiń ekinshi yarımında qáliplesken dástúrler tiykarında payda boldı. Bul dáwirdiń kórkem óneri modernizmge alternativ, bazıda oǵan keskin qarama-qarsı baǵdarlardı izlew, jańa kórkem óner tilin jaratıwǵa urınıw menen xarakterlenedi. Ol jańa obrazlardı, ańlatıwdıń jańa, materiallıq emes qural hám materiallardı izlew procesinde kórinis beredi.

Xabar dáwiriniń jańa texnologiyaları, xabarlardıń hádden tıs kópligi, insan menen mashina ortasında qarama-qarsılıqqa alıp keledi. Bul qarama-qarsılıqlardı sheshiw jolı sıpatında telekommunikaciyaǵa estetikalıq tiykarlardı alıp kiriw, onı xabar jetkeriw funkciyasınan azat etiw, jeke alǵanda, kórsetiwlerdiń mazmunın shıǵısqa tán misticizm, irracional negiz benen toltırıw usınıs etiledi. Intellektti "iske salmastan", tikkeley insannıń ishki dúnyasına múrájáát etiw-bul baǵdarlaw kompyuter grafikası, videoklipler jaratıw sıyaqlı kórkem ónerdiń jańa túrlerinde, belgili dárejede zamanagóy kino kórkem óneri bóliminde qollanılmaqta.




**XX ásirdiń ekinshi yarımı, ásirese, ásir aqırlarına kelip, júrek-qan tamır sisteması hám rak kesellikleri adamlar óliminiń bas sebeplerine aylandı.**

**Biologiya, awıl xojalıǵı hám medicina ilimlerindegi revolyuciyalıq jeńisler nátiyjesinde Jer júzi xalqı ásir basındaǵı bir yarım milliard adamnan ásir aqırına kelip altı milliard adamǵa shekem kóbeydi.**

Telekommunikaciyalardıń global tarmaǵı, ǵalabalıq mádeniyat payda bolıwınıń eń áhmiyetli nátiyjesi kórkem ónerdiń sociallıq-siyasiy roliniń artqanlıǵında kórindi. Endi kórkem óner tek turmıstı sáwlendirmesten, sociallıq reallıqtı qaliplestiriw faktorına da aylandı. Bunnan kelip shıǵıp, bir qatar xudojnikler “postdemokratiyalıq jámiyet”te kórkem óner hákimiyat qolındaǵı quralǵa aylanadı, dep qáweter bildirmekte.



**Vakcina** – juǵımlı keselliklerge qarsı emlewde qollanılatuǵın qural.

**Misticizm** – bul mistikaǵa beyimlilik, mistikaǵa tiykarlanǵan diniy-ideyalistlik dúnya qaras forması.

**Irracionallıq** – bul haqıyqatlıqtı biliwde sananıń múmkinshiliklerinen bas tartıw yaki onı júdá sheklengen dep biliwshi filosofiyalıq koncepciya.

**Ǵalabalıq mádeniyat** – bul zamanagóy jámiyet turmısınıń derlik barlıq tarawlarına kirip kelgen turmıslıq, kewilashar hám xabar mádeniyatı.

## Bekkemlew ushın soraw hám tapsırmalar

1. ITR rawajlanǵán mámleketlerde jámiyet qanday unamlı ózgerisler kózge taslanadı?
2. Siz qádriyatlar sistemasınıń internacionallıq procesine qalay qaraysız? Onda milliy mádeniyatlar ushın qanday qáwip jasırınǵan?
3. Ǵalabalıq mádeniyat jámiyettegi qádriyatlar sistemasına qánday tásir kórsetedi?
4. Zamanagóy xabar quralları ádebiyat hám kórkem óner qanday jańa baǵdarlar hám mashqalalar keltirip shıǵarmaqta?
5. Házirgi zaman ádebiyatınıń kitapta keltirilgen úlgilerinen qaysı birin oqıǵansız? Olar haqqında aytıp berin.

## Óz betinshe jumıs



Internet járdeminde “XX ásir aqırı XXI ásir baslarında ilim-pán, ádebiyat, kórkem óner” temaların sáwlendiriwshi video rolik tayarlań hám prezentaciyaǵa tayarlıq kóriń.

# MAZMUNÍ

Kirisiw ........................................................................................ 3

## I BAP. XX ÁSIR AQÍRÍ XXI ÁSIR BASLARÍNDA DÚNYA MÁMLEKETLERI

1-tema. XX ásir aqırı XXI ásir baslarında xalıqaralıq qatnasıqlar ........................................................................ 4
2-tema. Shıǵıs Evropa mámleketlerinde demokratiyalıq revolyuciyalar hám socialistlik lagerdiń bólshekleniwi ........................................................................ 9
3-tema. Sovet mámleketiniń bólshekleniwi hám burınǵı sovet respublikalarında ǵárezsizliktiń daǵaza etiliwi ........................................................................ 15

## II BAP. 1991 – 2017-JÍLLARDA DÚNYA MÁMLEKETLERI

4-tema. 1991 – 2017-jıllarda Rossiya Federaciyası ........................19
5-tema. 1991 – 2017-jıllarda Ukraina, Belarus hám Moldova Respublikaları ........................................ 23
6-tema. 1991 – 2017-jıllarda Baltik boyı mámleketleri ........................29
7-tema. 1991 – 2017-jıllarda Kavkaz artı mámleketleri ........................ 33
8-tema. 1991 – 2017-jıllarda Oraylıq Aziya mámleketleri ........................ 38
9-tema. Batıs mámleketlerinde integraciyalanıw procesiniń jedellesiwi. EA hám AQSH qatnasıqları ........................ 44
10-tema. 1991 – 2017-jıllarda Amerika Qurama Shtatları ........................ 48
11-tema. 1991 – 2017-jıllarda Germaniya Federativ Respublikası ........................................52
12-tema. 1991 – 2017-jıllarda Ullı Britaniya ........................ 55
13-tema. 1991 – 2017-jıllarda Franciya ........................ 60
14-tema. 1991 – 2017-jıllarda Italiya ........................ 64
15-tema. Aziya, Afrika hám Latın Amerikası mámleketlerinde siyasiy, social-ekonomikalıq rawajlanıwdıń baǵdarları ........................................ 68
16-tema 1991 – 2017-jıllarda Qıtay Xalıq Respublikası ........................ 72
17-tema. 1991 – 2017-jıllarda Yaponiya ........................ 77
18-tema. 1991 – 2017-jıllarda Qubla-Shıǵıs Aziya mámleketleri ........................81

19-tema 1991 – 2017-jıllarda Hindstan Respublikası ........................................ 85
20-tema. 1991 – 2017-jıllarda Túrkiya Respublikası ........................................ 90
21-tema. 1991 – 2017-jıllarda Iran Islam Respublikası ........................................94
22-tema. 1991 – 2017-jıllarda Pakistan hám Awǵanstan ........................................ 98
23-tema. 1991 – 2017-jıllarda Siriya hám Irak ........................................104
24-tema. 1991 – 2017-jıllarda Izrail mámleketi hám Palestina mashqalası ........................................109
25-tema. 1991 – 2017-jıllarda Latın Amerikası mámleketleri ........................................113
26-tema. 1991 – 2017-jıllarda Afrika mámleketleri ........................................118

## III BAP. JAŃA MÍŃJÍLLÍQ BASLARÍNDA JÁHÁN CIVILIZACIYASÍ MASHQALALARÍ

27-tema. XX ásir áqırı XXI ásir baslarında globallasıw mashqalaları, áskeriy, ekstremistlik hám ekologiyalıq qáwip-qáterler ........................................124
28-tema. XX ásir áqırı XXI ásir baslarında turaqlı rawajlanıw hám etno-sociallıq mashqalalar ........................................130
29-tema. XX ásir áqırı XXI ásir baslarında ilimiy texnikalıq rawajlanıw. Ilim, ádebiyat, kórkem óner ........................................135

**Shuhrat Ergashev, Begzod Xodjayev,
Jamshid Abdullayev**

# JAHON TARIXI

**(1991 – 2017-yillar)**

O‘rta ta’lim muassasalarining 11-sinfi va o‘rta maxsus,
kasb-hunar ta’limi muassasalarining o‘quvchilari uchun darslik

Birinchi nashr

*(qoraqalpoq tilida)*

«TURON-IQBOL»
Toshkent, 100182. H. Boyqaro ko‘chasi, 51-uy.
Toshkent – 2018

| | |
|---|---|
| Awdarmashı | S. Yusupov |
| Redaktorı | M. Tajimuratov |
| Kórkem redaktorı | E. Abdikayirova |
| Tex redaktorı | A. Yuldasheva |
| Korrektor | S. Yusupov |
| Kompyuterde tayarlaǵan | A. Muhammadiyev |

Baspa licenziyası AI№223, 16.11.2012
Basıwǵa 21-iyun 2018-jıl ruxsat etildi. Kólemi 70×90 $^1/_{16}$.
Ofset baspa. «Palatino Linotype» garniturası. Shártli b.t 10,53.
Esap baspa t. 9,95. Nusqası 10 452 Buyırtpa 18-278.

Ózbekistan Baspasóz hám xabar agentliginiń «Ózbekistan»
baspa-foligrafiyalıq dóretiwshilik úyiniń baspaxasında basıldı. 100011,
Tashkent, Nawayı kóshesi, 30.

## Ijaraǵa berigen sabaqlıq jaǵdayın kórsetiwshi keste.

| № | Oqıwshınıń atı, familiyası | Oqıw jılı | Sabaqlıqtıń alınǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qolı | Sabaqlıqtı tapsırǵandaǵı jaǵdayı | Klass basshısınıń qolı |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | | | | | | |
| 2. | | | | | | |
| 3. | | | | | | |
| 4. | | | | | | |
| 5. | | | | | | |
| 6. | | | | | | |

## Sabaqlıq ijaraǵa berilip, oqıw jılı aqırında qaytarıp alınǵanda joqarıdaǵı keste klass basshısı tárepinen tómendegi bahalaw ólshemlerine tiykarlanıp toltırıladı:

| | |
|---|---|
| **Jańa** | Sabaqlıqtıń birinshi ret paydalanıwǵa berilgendegi jaǵdayı |
| **Jaqsı** | Muqabası pútin, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen ajıralmaǵan. Barlıq betleri bar, jırtılmaǵan, betleri almastırılmaǵan, betlerinde jazıw hám sızıqlar joq. |
| **Qanaatlandırarlı** | Muqabası jelingen, birqansha sızılıp, shetleri qayırılǵan, sabaqlıqtıń tiykarǵı bóliminen alınıp qalıw jaǵdayı bar, paydalanıwshı tárepinen qanaatlandırarlı qálpine keltirilgen. Alınǵan betlerı qayta jelimlengen, ayırım betleri sızılǵan. |
| **Qanaatlandırarsız** | Muqabası sızılǵan, jırtılǵan, tiykarǵı bóliminen ajıralǵan yamasa pútkilley joq, qanaatlandırarsız qálpine keltirilgen. Betleri jırtılǵan, betleri tolıq emes, sızıp, boyap taslaǵan. Sabaqlıqtı qayta tiklew múmkin emes. |